

DECRET N°100/193 DU 16 JUIN 2015 PORTANT REGLEMENT MINIER DU BURUNDI

TITRE I^{er}. DES GENERALITES

CHAPITRE I^{er}. DU CHAMP D'APPLICATION ET DES DEFINITIONS DES TERMES

Section 1^{ère}. Du champ d'application

Section 2. Des définitions des termes

CHAPITRE II. DE LA CLASSIFICATION DES SUBSTANCES MINERALES OU FOSSILES

Section 1^{ère}. Du régime légal des carrières, des mines et des terrils

Section 2. De la souveraineté de l'Etat sur ses ressources naturelles

Section 3. De l'association naturelle

Section 4. Des attributs de la propriété des substances minérales

Section 5. Du reclassement des substances pour cause d'utilité publique

TITRE II. DE L'AUTORISATION DE PROSPECTION ET DES TITRES MINIERS

CHAPITRE I^{er}. DE L'AUTORISATION DE PROSPECTION

CHAPITRE II. DES TITRES MINIERS

Section 1. Des dispositions communes

Paragraphe 1^{er}. Les conditions d'octroi du titre minier

Paragraphe 2. Le transfert du titre minier

Paragraphe 3. La modification du capital

Paragraphe 5. La déchéance du titre minier

Section 2. Du Permis de Recherche

Paragraphe 1^{er}. Le droit de faire des recherches

Paragraphe 2. La délivrance du permis de recherche

Paragraphe 3. Les rapports périodiques au Ministre

Paragraphe 4. Le renouvellement du permis de recherche

Paragraphe 5. Les droits et les obligations du titulaire du permis de recherche

Section 3. Du permis d'exploitation

Paragraphe 1^{er}. Le droit d'exploiter

Paragraphe 2. La délivrance du permis d'exploitation

Paragraphe 3. Les droits et les obligations du titulaire du permis d'exploitation

TITRE III. DU REGIME DES EXPLOITATIONS ARTISANALES, DES COMPTOIRS ET DES CARRIERES

CHAPITRE I^{er}. DES EXPLOITATIONS ARTISANALES ET DES COMPTOIRS

Section 1. Des dispositions communes

Section 2. Des exploitations artisanales

Paragraphe 1^{er}. La délivrance du permis d'exploitation artisanale

Paragraphe 2. La délivrance de l'agrément de comptoir d'achat et d'exportation des substances minérales d'exploitation artisanale

Section 3. Des droits et des obligations du titulaire du permis d'exploitation artisanale et l'agrément d'un comptoir d'achat et d'exportation de substances minérales

CHAPITRE II. DES CARRIERES

Section 1. Des dispositions communes

Section 2. Des carrières industrielles

Section 3. Des carrières artisanales

TITRE IV. DES RELATIONS DES TITULAIRES DES TITRES MINIERS, DES PERMIS D'EXPLOITATION ARTISANALE DES MINES ET DES CARRIERES ENTRE EUX, ET AVEC LES PROPRIETAIRES DU SOL

CHAPITRE I^{er}. DES RELATIONS ENTRE TITULAIRES DE TITRES MINIERS, DE PERMIS D'EXPLOITATION ARTISANALE DES MINES ET DES CARRIERES ENTRE EUX

CHAPITRE II. DES RELATIONS DES TITULAIRES DE TITRES MINIERS OU DES PERMIS D'EXPLOITATION ARTISANALE DES MINES ET DES CARRIERES AVEC LES PROPRIETAIRES DU SOL

Section 1. Des sujétions attachées aux titulaires des titres miniers dans leurs relations avec les propriétaires du sol et avec l'Etat

Section 2. Des prérogatives découlant des titres miniers ou des permis d'exploitation de carrière

TITRE V. DES ZONES INTERDITES, PROTEGEES ET RESERVEES ET DES SUBSTANCES RADIOACTIVES

CHAPITRE I^{er}. DES ZONES INTERDITES, RESERVEES ET PROTEGEES

CHAPITRE II. DES ZONES DE SUBSTANCES RADIOACTIVES

TITRE VI. DE LA PROTECTION DE L'ENVIRONNEMENT ET DE LA SANTE

CHAPITRE I^{er}. DES DISPOSITIONS COMMUNES

CHAPITRE II. DE L'ENGAGEMENT AU RESPECT DE L'ENVIRONNEMENT, DE LA SANTE ET DU TRAVAIL

Section 1. De l'engagement au respect de l'environnement et de la santé

Section 2. De l'engagement au respect de hygiène et de la sécurité au travail

Section 3. De l'étude d'impact environnemental

Paragraphe 1^{er}. Le contenu de l'étude d'impact simplifiée

Paragraphe 2. Le contenu de l'étude d'impact complète

Paragraphe 3. L'attribut des obligations environnementales

Paragraphe 4. Le rapport annuel environnemental

Paragraphe 5. Le plan de fermeture de l'exploitation

TITRE VII. DU REGIME FISCAL DES MINES ET DES CARRIERES ET DU REGIME DE CHANGE

CHAPITRE I^{er}. DES DISPOSITIONS COMMUNES

CHAPITRE II. DE LA FISCALITE DES ACTIVITES DE PROSPECTION ET DE RECHERCHE

CHAPITRE III. DE LA FISCALITE DES CARRIERES, DES MINES ARTISANALES ET DES COMPTOIRS

TITRE VIII. DE LA SURVEILLANCE ADMINISTRATIVE ET TECHNIQUE DES ACTIVITES MINIERES

TITRE IX. DES DISPOSITIONS DIVERSES, TRANSITOIRES ET FINALES

DECRET N°100/193 DU 16 JUIN 2015 PORTANT REGLEMENT MINIER DU BURUNDI **ITEGEO INOMERO 100/193 RYO KU WA 16 RUHESI 2015 RIGENGA SUBUTARE MU BURUNDI**

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

UMUKURU W'IGIHUGU,

- Vu la Constitution de la République du Burundi ; Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi ;
- Vu la loi n°1/ 21 du 15 octobre 2013 portant Code minier du Burundi ; Yihweje Ibwirizwa inomero 1/21 ryo ku wa 15 Gitugutu 2013 rishinga Igitabu c'amategeko agenga ubutare mu Burundi ;
- Vu la loi n°1/08 du 28 avril 2011 portant organisation générale de l'administration publique ; Yihweje Ibwirizwa inomero 1/08 ryo ku wa 28 Ndamukiza 2011 ritunganya muri rusangi ivyerekeye intwari y'igihugu ;
- Vu le décret n°100/125 du 19 avril 2012 portant révision du décret n°100/323 du 27 décembre 2011 portant structure, fonctionnement et missions du Gouvernement de la République du Burundi ; Yihweje Itegeko inomero 100/125 ryo ku wa 19 Ndamukiza 2012 rihindura Itegeko inomero 100/323 ryo ku wa 27 Kigarama 2011 riringaniza inzego za Reta y'Uburundi, ingene zikora n'imirimo yazo;
- Vu le décret n°100/284 du 14 novembre 2011 portant Réorganisation et Fonctionnement des Services du Ministère de l'énergie et des Mines. Yihweje Itegeko inomero 100/284 ryo ku wa 14 Munyonyo 2011 riringaniza ukundi gusha ibisata vy'Ubushikiranjanji bw' amasoko ntanganguvu n'ubutare n'ingene bikora;
- Vu le décret n°100/162 du 6 décembre 1979 portant Règlement général sur la recherche et l'exploitation des mines et des carrières de la République du Burundi autres que les mines de combustibles généraux solides et les mines d'hydrocarbures exploitées par sondage ; Yihweje Itegeko inomero 100/162 ryo ku wa 6 Kigarama 1979 rishinga amategeko rusangi agenga ugushakashaka n'ugucukura ubutare n'amakariyeri mu Burundi atari ubutare bw'ibirurumba rusangi bigumye n'ubutare bw'ibitoro bucukurwa biciye mu kwimba;
- Revu le décret n°100/130 du 14 décembre 1982 portant Mesures d'exécution du décret-loi n°1/138 du 17 juillet 1976 portant Code minier et pétrolier de la République du Burundi, en ce qui concerne les mines ; Asubiye kwihweza Itegeko inomero 100/130 ryo ku wa 14 Kigarama 1982 rishinga ingingo zishira mu ngiro Itegeko bwirizwa inomero 1/138 ryo ku wa 17 Mukakaro 1976 rishinga Igitabu c'amategeko agenga ubutare n'ibitoro mu Burundi, mu vyerekeye ubutare ;
- Sur proposition du Ministre de l'énergie et des mines ; Bishikirijwe n'Umushikiranjanji ajejwe amasoko ntanganguvu n'ubutare ;
- Après délibération du Conseil des Ministres ; Inama Nshikiranjanji imaze kuvyihweza ;

DECRETE :**ASHINZE :****TITRE I^{er}. DES GENERALITES****IKIGABANE CA MBERE. INGINGO
NGENDERWAKO****CHAPITRE I^{er}. DU CHAMP
D'APPLICATION ET DES DEFINITIONS
DES TERMES****IGICE CA MBERE. IVYO IRI
RYEREKEYE N'INSIGURO Y'AMAJAMBO****Section 1^{ère}. Du champ d'application****Agace ka mbere . Ivyo iri tegeko ryerekeye****Article 1^{er} :**

Le présent décret fixe les modalités et les conditions d'application de la loi n°1/21 du 15 octobre 2013 portant Code minier du Burundi.

Ingingo ya mbere:

Iri tegeko ritomora ibikurikizwa n'ibisabwa mu gushira mu ngiro lbwirizwa inomeru 1/21 ryo ku wa 15 Gitugutu 2013 rishinga Igitabu c'amategeko agenga ubutare mu Burundi.

Il régleme en outre les matières connexes non expressément prévues, définies ou réglées par les dispositions de la loi n°1/21 du 15 octobre 2013 portant Code minier du Burundi.

Ritunganya kandi ibindi bijanye n'ubutare bitategekanijwe , bitasobanuwe canke ngo bitunganywe neza n'lbwirizwa inomeru 1/21 ryo ku wa 15 Gitugutu 2013 rishinga Igitabu c'amategeko agenga ubutare mu Burundi.

Section 2. Des définitions des termes**Agace ka 2. Insiguro y'amajambo****Article 2 :**

Au sens du présent décret, on entend par :

Ingingo ya 2:

Muri iri tegeko, aya majambo asigurwa uku :

Acheteur, tout employé d'un comptoir d'achat d'or, de pierres précieuses et d'autres substances minérales d'exploitation artisanale qui exerce ses activités dans le bureau d'un comptoir agréé conformément aux dispositions du présent décret ;

Uwugura ni umukozi wese w'Ishirahamwe rigura inzhabu, amabuye y'agaciro n'ubundi butare bucukurwa hakoreshejwe uburyo bubayabaye, arangura ibikorwa mu biro vy'ishirahamwe ryemerewe gukora hisunzwe ingingo zitegekanijwe muri iri tegeko ;

Activités minières, tous services, fournitures ou travaux de l'art des mines directement liés à la prospection, à la recherche, à l'exploitation minière et aux substances minérales, à la fermeture de la mine, y compris les travaux de développement, de construction et d'infrastructure ;

Igikorwa cerekeye ubutare ni ubuzi bwose canke ibikorwa bijanye n'ubutare canke ibikorwa vyose vy'ubuhinga vyerekeye ubutare bijanye n'ugutata, ibikorwa vy'ubushakashatsi, ivy'ugucukura ubutare canke amakariyeri, ivy'uguhagarika burundu ibikorwa vy'ahacukurwa ubutare harimwo ibikorwa vy'ugutegura aho bicukurwa, ukwubaka n'ugushiraho ibikoreho;

Administration des mines, un ensemble des services de l'administration publique en charge des mines et des carrières ;

Agence de régulation du secteur minier, un service public ayant pour fonctions la régulation des intérêts stratégiques du secteur minier et l'instruction des demandes des droits miniers et des carrières ;

Amodiation, Acte par lequel un titulaire d'un droit minier remet l'exploitation d'un gisement à un tiers moyennant redevance ou tout autre mode de rémunération convenue entre l'amodiant et l'amodiataire ;

Cadastre minier : registre public contenant le répertoire de tous les Titres miniers et de carrière assorti de leur représentation cartographique permettant de les localiser sur le territoire national ;

Carré minier, une unité cadastrale de base de l'attribution du titre minier ; c'est un carré préfixé d'une superficie de 10.000 m² soit 1 ha ;

Carte cadastrale minière, une carte géographique établie selon les échelles définies, divisée en carrés de même dimension selon un système de quadrillage choisi ; l'unité cadastrale est de 10.000 m² soit 1 hectare ;

Carte de retombe minière ou carte cadastrale, une carte topographique officielle où sont indiquées les limites de chaque périmètre minier ou de carrière en vigueur, ou dont la demande est en instance, maintenue à jour par le Cadastre minier ;

Ubutegetsi bujejwe ubutare ni ibisata vyose vyo mu nzego za Reta bijejwe ivyerekeye ubutare n'amakariyeri ;

Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare ni igisata ca Reta gikora umurimo w'ugucungera inyungu zihambaye zo mu gisata c'ubutare n'uwukwiga amadosiye asaba uburenganzira bwerekeye ubutare n'amakariyeri ;

Ugukotesha uburenganzira bwo gucukura ubutare ni amasezerano nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare agiriranira n'uwundi muntu kugira arukoreshe mu kibanza ciwe, uwo aruronse akaja arariha biciye mu mafaranga canke ubundi buryo ubwo ari bwo bwose bumvikanako ;

Itororokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare ni Igitabu cugururiwe bose gitororokanirizwamwo inzandiko zose zitanga uburenganzira ku gataka karimwo ubutare n'amakariyeri kirimwo kandi amakarata atuma hashobora kumenyekana aho ubwo butare n'amakariyeri biherereye ku gataka k'Uburundi;

Ikwadarato y'ahacukurwa ubutare ni ingero ifatirwako mu gupima ikibanza gitangirwa uburenganzira bw'ugucukura ubutare canke amakariyeri ; ni ikwadarato yashinzwe y'uburinganire bwa m² 10.000 ni ukuvuga ha 1;

Ikarata yerekana ahacukurwa ubutare ni ikarata yerekana ingene ahantu hameze ikorwa hisunzwe ingero zitomoye zifatirwako , igabuwe mu makwadarato angana, hakurikijwe uburyo bwatowe bw'ukugabura ikarata mu makwadarato ; ingero ifatirwako mu gupima ni m² 10.000 ni ukuvuga ha 1 ;

Ikarata yerekana imero y'akarere karimwo ubutare canke ikarata yerekana ahacukurwa ubutare ni ikarata yemewe na Reta yerekana uko ahantu hameze n'ahagarukira akarere kamwekamwe kose karimwo ubutare canke ikariyeri katangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri rutarata igihe, canke urukiriko rurasabwa canke urwo igisata kijejwe gupima uturere ducukurwamwo ubutare congerereje ikiringo;

Code minier, la loi n°1/ 21 du 15 octobre 2013 portant code minier du Burundi dont le champ d'application couvre les mines et les carrières ;

Comptoir d'achat et de vente ou comptoir agréé, tout établissement autorisé à acheter des substances minérales d'exploitation artisanale en vue de les vendre conformément aux dispositions du présent Code ;

Convention minière, un contrat annexé au permis d'exploitation minière et des carrières;

Coopérative minière, Organisation fondée sur l'idée d'union, de solidarité et d'entraide mutuelle dont les membres se sont volontairement groupés pour atteindre un but économique et social commun dans le secteur minier et créée conformément au Code des sociétés privées et à participation publique et au Code de commerce ;c'est une société regroupant un ensemble d'artisans extrayant un minerai donné

Date de commencement de l'exploitation effective, la date de l'expédition du premier chargement des produits marchands, quelque soit la nature et la quantité de la vente commerciale, exception faite des échantillons envoyés à l'étranger pour analyses et essais ;

Date de la première production commerciale, le premier jour du mois qui suit immédiatement la période de quarante cinq jours successifs pendant laquelle la moyenne de la production journalière de l'usine de traitement a atteint soixante pour cent (60%) de sa capacité de production prévue à l'étude de faisabilité ;

Igitabu c'amategeko agenga ubutare ni lbwirizwa inomero 1/21 ryo ku wa 15 Gitugutu 2013 rishinga igitabu c'amategeko agenga ubutare mu Burundi mu vyo ryerekeye hakaba harimwo ubutare n'amakariyeri;

Ishirahamwe rigura rikongera rikagurisha ubutare canke ishirahamwe ryemewe ni ishirahamwe ryose rirekuriwe kugura ubutare canke amakariyeri vyacukuwe hakoreshejwe uburyo bubayabaye kugira ribugurisha hisunzwe ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare ;

Amasezerano yerekeye ubutare ni amasezerano aherekeza uruhusha rw'ugucukura ubutare n'amakariyeri ;

Ikoperative y'abakora ibijanye n'ubutare ni ishirahamwe rishingwa mu ntumbero y'ukwiyunga, ugushigikirana n'ugufashanya, abarigize bakorera mu gisata c'ubutare bumvikanye bakaja hamwe kugira bashobore kwiyungunganya mu vy'ubutunzi n'imibano kandi yashinzwe hisunzwe Igitabu c'amategeko agenga amashirahamwe y'abikorera utwabo n'ayo Reta ifisemwo umutahe n'Igitabu c'amategeko agenga ubudandaji ;ni ishirahamwe rihurikiyemwo abanyamwuga bacukura ubutare kanaka ;

Igenekerezo icukurwa nyezina ritangurirako ni igenekerezo ivyacukuwe birungikirwako ubwa mbere mu bindi bihugu kugira bigurishwe uko biba bimeze kwose n'uko biba bingana, kiretse bikeyi vyarungitswe mu bindi bihugu kugira bigirweko ivyigwa kandi bigeragezwe ;

Igenekerezo umwimbu wa mbere w'ubutare bushobora kugurishwa ubonekeyeko ni umunsi wa mbere w'ukwezi gukurikira ikiringo c'iminsi mirongo ine n'itanu ikurikirana, ihinguriro ry'ubutare ryaronsemwo umwimbu ugereranye wo ku munsi ku munsi ukaba ushikana ibice mirongo itandatu kw'ijana vy'umwimbu wose utegekanijwe mu cigwa cazwe cerekana ko umugambi ushoboka;

Demande recevable, une demande complète contenant tous les éléments et toutes les pièces justificatives tel que prévu par la loi et les règlements ;

Détournement des minerais, tout changement de destination des substances minérales, appartenant à autrui ;

Développement et construction, toute activité par laquelle le titulaire du droit minier ou carrier met au point son projet d'exploitation minière ou de carrière à travers les travaux d'aménagement des terrains, de construction des infrastructures, de mise en place et des essais des matériels et des équipements, en vue d'assurer sa viabilité commerciale ;

Droit minier, toute prérogative d'effectuer la prospection, la recherche, l'extraction, la transformation, le transport, l'achat et la vente des substances minérales classées en mines conformément à la loi;

Droit de carrières, toute prérogative d'effectuer la prospection, la recherche, l'extraction, la transformation, le transport, l'achat et la vente des substances minérales classées en carrières conformément à la loi;

Éléments du groupe de platine (egp), il s'agit des éléments suivants : platine, rhodium, palladium, ruthénium, iridium, osmium ;

Entité de traitement, toute personne qui effectue les opérations de traitement des substances minérales ;

Entité de transformation, toute personne qui effectue les opérations de transformation des substances minérales ;

Idosiye y'ugusaba ishobora kwakirwa ni idosiye ikwije ibisabwa ikaba irimwo inzandiko zivyemeza nk'uko bitegekanijwe n'ibwiriza hamwe n'amategeko arishira mu ngiro ;

Ukunyuruza ubutare ni uguhindurira ico cose kijanye n'ubutare bw'umuntu ico bugenewe ;

Ugutegura n'ukwubaka ahacukurwa ubutare ni igikorwa ico ari co cose kirangurwa na nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri kijanye n'ugutangura umugambi w'ugucukura ubutare canke ikariyeri biciye mu bikorwa vy'ugutunganya ibibanza, ugushiraho ivyubakwa, ugushiraho n'ukugerageza ibikoreho hamwe n'ibikoreho biramba mu ntumbero y'ukuronka akunguko mu budandaji ;

Uruhusha rw'ugucukura ubutare ni uburenganzira bwose bw'ugutata ,ukugira ubushakashatsi, ukwimba, uguhingura, ukwunguruza, ukugura n'ukudandaza ubutare bwashizwe mu migwi y'ubutare hisunzwe ibwirizwa ;

Uruhusha rw'ugucukura amakariyeri ni uburenganzira bwose bw'ugutata, ukugira ubushakashatsi, ukwimba, uguhingura, ukwunguruza, ukugura n'ukudandaza ubutare bwashizwe mu migwi y'amakariyeri hisunzwe ibwirizwa ;

Ibigize umugwi w'ubutare bwitwa platine (EGP) ni ibi bikurikira: platine, rhodium, palladium, ruthénium, iridium, osmium ;

Uwuhingura ubutare ni umuntu wese canke ishira hamwe ryose rirangura ibikorwa vy'uguhingura ubutare ;

Uwuhindura ubutare ni umuntu wese canke ishira hamwe ryose rirangura ibikorwa vy'uguhindura ubutare mu kindi kintu;

Etude de faisabilité, Etude technico-économique et socio-environnementale soumise par les sociétés d'exploitation minière aux fins d'obtenir un permis d'exploitation ;

Ivyigwa vy'ugupima ko ugucukura ubutare bishoboka ni ivyigwa vyerekeye ubuhinga, ubutunzi, imibano n'ibidukikije bigirwa n'amashirahamwe acukura ubutare mu ntumbero y'ukuronka uruhusha rw'ukubucukura ;

Etude d'impact environnemental:

- une analyse scientifique préalable des impacts potentiels prévisibles d'une activité donnée sur l'environnement ainsi que l'examen de l'acceptabilité de leur niveau et des mesures d'atténuation permettant d'assurer l'intégrité de l'environnement dans les limites des meilleures technologies disponibles à un coût économiquement viable ;
- une analyse écrite issue de la procédure préalable à toute autorisation administrative des ouvrages permettant d'apprécier, d'évaluer, de mesurer les effets directs et indirects, à court et à moyen terme dudit ouvrage sur l'environnement et de proposer des mesures d'atténuation ;

Ivyigwa vyerekana ingaruka ku bidukikije ni :

- ivyihwejwe mu bushakashatsi vyerekeye ingaruka zihambaye ku bibukikije bigirwa imbere y'ukurangura igikorwa kanaka hamwe n'ugusuzuma urugero rw'ingaruka zishobora kwihanganirwa hamwe n'ingingo zifatwa mu kugabanya uburemere bw'izo ngaruka, bigatuma ibidukikije biguma uko bisanzwe biri hakoreshejwe ubuhinga bugezweho buriho buboneka ku buryo butavuna;
- ivyihwejwe vyanditse biva mu bitegerezwa kubanza gukorwa imbere yuko abategetsu mu ntwaro batanga uruhusha urwo ari rwo rwose rw'ukurangura ibikorwa bituma hashobora kumenyekana, kurimbura no gupima urugero rw'inkurikizi ku bidukikije zica zibonekeza ubwo nyene canke mu nyuma, mu kiringo ca hafi no mu kiringo kigereranye zijanye n'ivyo bikorwa birangurwa no gushikiriza ingingo zituma haba ingaruka nke ;

Etude d'impact environnemental simplifiée, une analyse scientifique préalable, simplifiée et succincte des impacts potentiels prévisibles d'une activité donnée ou projetée sur l'environnement ainsi que l'examen de l'acceptabilité de leur niveau et des mesures d'atténuation permettant d'assurer l'intégrité ou tout au moins l'amenuisement des nuisances sur l'environnement, ainsi qu'un état des lieux avant et après l'attribution du droit, dans les limites des meilleures technologies disponibles à un coût économiquement viable ;

Ivyigwa bibayabaye vyerekana ingaruka ku bidukikije ni ivyihwejwe mu bushakashatsi hakoreshejwe ubuhinga bubayabaye vyerekeye ingaruka zihambaye zishobora gushika ku bidukikije bigirwa imbere y'ukurangura igikorwa kanaka canke igitegekanijwe kurangurwa hamwe n'ugusuzuma urugero rw'ingaruka zishobora kwihanganirwa hamwe n'ukuraba ingingo zofatwa mu kugabanya uburemere bw'izo ngaruka, bigatuma ibidukikije biguma uko bisanzwe biri hakoreshejwe ubuhinga n'urugero izo ngaruka zishobora kwihanganirwako n'ingingo z'ukugabanya uburemere bwazo zigatuma ibidukikije biguma uko biri canke n'imiburiburi hakagabanuka uko bishoboka kwose ivyokwonona ibidukikije, hamwe n'uko ibidukikije biba vyifashe imbere y'uguhabwa uruhusha rw'ugucukura n'inyuma y'ukuruhabwa, hakoreshejwe ubuhinga bugezweho buriho buboneka ku buryo butavuna;

Exploitation artisanale, toute opération non permanente menée en surface et jusqu'à trente (30 m) mètres de profondeur, utilisant des outils, des méthodes et des procédés mécaniques non industriels pour extraire et concentrer des substances minérales dans le but de les commercialiser sans que cette exploitation ne soit précédée de la mise en évidence d'un gisement ;

Exploitation minière, extraction de substances minérales d'un gisement et opérations que cette extraction rend nécessaires, pour disposer de ces substances aux fins de leur utilisation ou de leur commercialisation comprenant notamment l'ouverture de la mine, son exploitation et les activités de sa fermeture ;

Force majeure, s'entend de tout acte ou événement imprévisible, insurmontable et indépendant de la volonté des parties à une convention et les empêchant provisoirement ou définitivement d'exécuter leurs obligations. Sont notamment considérés comme cas de force majeure tous événements, actes ou circonstances tels que les faits de guerre ou conditions imputable à la guerre déclarée ou non, insurrections, troubles civils, blocus, embargo, actes de terrorisme, grèves ou autres conflits sociaux, émeutes, épidémies, et les actes de la nature incluant, tremblements de terre, inondations ou autres intempéries extrêmes, explosions, incendies et foudres ;

Gangue, un minéral ou une roche sans valeur, associé aux minéraux utiles dans les matériaux ou les minerais ;

Gisement, toute concentration naturelle de substances minérales exploitables ;

Ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye ni igikorwa cose c'ukwimba ubutare kigirwa rimwe na rimwe kuva hejuru gushika ku metero mirongo itatu z'ubwimbike hakoreshejwe ibikoresho, uburyo n'ubuhinga bibayabaye kugira hacukurwe ubutare kandi buyungururwe mu ntumbero y'ukubudandaza hatarinze kugirwa ibikorwa vy'ubushakashatsi;

Ugucukura ubutare ni igikorwa c'ukwimba ubutare mu kibanza burimwo n'ibikorwa bikenerwa mu kubwimba kugira buboneke mu ntumbero y'ukubukoresha canke ukubugurisha harimwo nk'ugutanguza ibikorwa vy'ukubucukura, ukubwimba hamwe n'ibikorwa vyo kubihagarika burundu ;

Intambanyi ntasimbwa ni igikorwa cose canke ikintu cose gishitse giturumbuka, atako uri bucirinde kandi kitavuye ku gushaka kw'abagiraniye amasezerano kikababuza mu kiringo gito canke burundu kurangura ivyo bategerezwa gukora. Ibifatwa nk'intambanyi ntasimbwa ni ibintu vyose bishika, ibikorwa vyose canke ibihe bishika nk'intambara canke ibihe bitewe n'intambara, yaba iyifise abayiyitirira canke ata bayiyitirira, umugararizo, imidurumbanyo mu banyagihugu, uguharira ivomo igihugu, ugufatira ibihano igihugu, ibikorwa vy'iterabwoba, amayegereyegere canke ayandi matati yo mu mibano, imigumuko, ibiza vy'indwara n'impanuka kama zirimwo nyamugigima, imyuzurira n'izindi ngorane zihambaye zijanye n'ihindagurika ry'ibihe, ibintu biturika, imiriro n'inkuba;

Ikimatanye n'ubutare ni ibiva mu gataka canke igitandara bitagira agaciro, biba biri kumwe n'ubutare ngirakamaro mu bikoreshwa canke mu butare ;

Ikibanza kirimwo ubutare ngirakamaro ni ikibanza kama kirimwo ubutare bushobora gucukurwa bukazana akarusho ;

Gisement artificiel, tout gîte artificiel exploitable de manière rentable dans les conditions économiques du moment ;

Gisement à minerai complexe, gisement difficile à valoriser car contenant plusieurs minéraux ou des minéraux inhabituels ou gisement de plusieurs métaux ;

Gîte artificiel, toute concentration artificielle des substances minérales à la surface provenant de l'exploitation des mines et/ou des rejets découlant des traitements minéralurgiques et métallurgiques ;

Gîte géothermique, tout gîte minéral naturel classé à haute ou basse température et dont on peut extraire de l'énergie sous forme thermique, notamment par l'intermédiaire des eaux chaudes et vapeurs souterraines qu'ils contiennent ;

Gîte minéral, toute concentration anormale et naturelle des substances minérales à la surface ou en profondeur de l'écorce terrestre ;

Indice, tout renseignement certain, contrôlé directement, de l'existence en un point donné d'une minéralisation ; concentration locale d'un minéral, détectée en surface, ou en sondage

Investison, une zone de sécurité devant séparer deux mines afin d'éviter la communication de leur travaux et faisant partie intégrante des carrés miniers concernés de façon équidistante par rapport à la limite des périmètres respectifs ;

Journée, jour calendrier ;

Jour, jour ordinaire du calendrier sans distinction entre les jours ouvrables et les jours ouvrés ;

Ikibanza atari kama kirimwo ubutare ngirakamaro ni ikibanza cose atari kama gicukurwamwo ubutare bukenewe harabwe ubutunzi bw'ico gihe ;

Ikibanza kirimwo ubutare ngirakamaro bw'ubwoko bwinshi bugoye gutandukanya ni ikibanza kigoye kwimbamwo ubutare kuko kiba kirimwo ubutare bwinshi butandukanye canke ubudasanzwe bumenyereye canke ikibanza kirimwo ubutare bw'ivyuma vy'ubwoko bwinshi ;

Ikibanza atari kama kirunzwemwo ubutare ni aho hose hejuru kw'isi harunze ubutare bwacukuwe ahandi canke bukurwa mu bisigarira biva mu guhingura ubutare n'ivyuma ;

Ikibanza kirimwo amashuha ni ikibanza cose kama kirimwo ubutare cashizwe mu migwi y'ibibanza bishushe cane canke bikanye bukebuke hashobora kuvamwo amasoko ntanganguvu agizwe n'ubushuhe biciye mu mazi ashushe n'umwuka biva mu kuzimu muri ivyo bibanza ;

Ikibanza kama kirimwo ubutare bwinshi ni ikibanza kama cose kirimwo ubutare burenze urugero haba hejuru kw'isi canke mu kuzimu ;

Ikimenyetso c'ahari ubutare ni ico cose gitanga inkuru y'imvaho yakurikiranywe neza, cerekana ko ikibanza kinaka kirimwo ubutare ; ikibanza kirimwo ubutare bwinshi, bwatowe hejuru ku gataka canke biciye mu kwimba ;

Itandukanirizo ry'ibibanza bibiri birimwo ubutare niakarere kari hagati y'ibibanza bibiri bihana urubibe bicukurwamwo ubutare gakinga ko ibikorwa vy'ukwimba ubutare vyinjiranamwo ; ako karere gaharurwa mu makwadarato acukurwamwo ubutare kakaba kari ku metero zingana hirya no hino y'urubibe rutandukanya ibibanza bicukurwamwo ;

Umunsi ni umunsi wo ku kirangamisi ;

Umunsi, ni umunsi usanzwe wo ku kirangaminsi ata gutandukanya iminsi y'akazi n'iminsi umukozi yakoze ;

Jours chômés, jours pendant lesquels le travail est suspendu. Les jours fériés ne sont pas obligatoirement chômés pour les travailleurs des entreprises minières, sauf le 1^{er} mai qui est pour les salariés des deux sexes, une journée chômée et payée. Mais des régimes plus favorables peuvent résulter des usages et conventions ;

Jours fériés ou jours de fêtes légales, jours de fêtes civiles ou religieuses, en principe fixés par la loi et les règlements ;

Jours ouvrables, jours réservés en principe au travail et aux activités professionnelles ;

Jours ouvrés, jours effectivement travaillés dans l'entreprise ;

Métal précieux, élément chimique métallique rare, de grande valeur économique

Métaux de base, ces sont les métaux communs que l'on trouve généralement en plus grande quantité dans la nature que les métaux précieux ;

Mine, Complexe industriel ou semi-industriel regroupant les activités d'administration et d'exploitation minière comprenant entre autres :

- toute ouverture ou excavation faite dans le but de découvrir ou d'obtenir une substance minérale ;
- tous travaux, machines, équipements, usine, cité minière, infrastructures industrielles, administratives et socioculturelles ou fourneaux sous ou sur la surface de terrain faisant partie du périmètre d'une exploitation minière.

Iminsi y'akazi itangiwe akaruhuko ni iminsi akazi kahagaritswe. Iminsi izwi y'akaruhuko ntifatwa nk'iminsi y'akazi itangiwe akaruhuko ku vyerekeye abakozi bo mu mashirahamwe acukura ubutare, kiretse igenekerezo rya mbere Rusama ari ku bakozi bahembwa b'ibitsina bibiri umunsi w'akazi utangiwe akaruhuko bahemberwa. Ariko amategeko amwamwe arorohereza abakozi mu vyerekeye iminsi y'akazi itangiwe akaruhuko bahemberwa biciye mu bisanzwe bigirwa canke biciye mu masezerano ;

Iminsi izwi y'akaruhuko canke iminsi mikuru yemewe n'amategeko ni iminsi mikuru y'igihugu canke yerekeye amadini, mu bisanzwe ishingwa n'ibwirizwa canke amategeko;

Iminsi y'akazi ni iminsi igenewe mu bisanzwe akazi n'ibikorwa vy'abanyamyuga ;

Iminsi yakozwe ni iminsi umukozi yakoze mw'ishirahamwe ;

Ubwoko bw'icumac'agaciro kanini ni ubwoko bw'icumac'agaciro kanini ku masoko kandi budahuta buraboneka mw'isi ;

Ubwoko bw'ivyuma bugwiriye ni ubwoko bw'ivyuma bukunda kuboneka ku bwinshi mw'isi gusumba ubwoko bw'ivyuma vy'agaciro kanini ;

Ikibanza gicukurwamwo canke gihingurirwamwo ubutare ni ihinguriro rikoresha uburyo buhanitse canke bugereranye rirangurirwamwo imirimo y'ubuyobozi n'iy'ugucukura ubutare ari yo y'iyi ikurikira :

- ukwimba ikinogo ico ari co cose canke icobo mu ntumbero y'ugushikira ahari ubutare canke mu ntumbero y'ukuronka ubutare ;
- ibikorwa ivyo ari vyo vyose, imashini, ibikoresho biramba, ihinguriro, ahaba abakozi, inyubakwa z'ihinguriro, iz'ubuyobozi, izerekeye imibano n'imico kama canke amatanure biri mu kuzimu canke hejuru kw'isi mu karere kagenewe gucukurwamwo ubutare.

Minerai, une substance minérale provenant d'un gisement ou toute roche contenant un ou plusieurs minéraux possédant un ou plusieurs éléments chimiques ayant une valeur économique;

Minerai complexe, un minerai contenant plusieurs minéraux de valeur susceptibles d'être récupérés ;

Minerai réfractaire, un minerai difficile à traiter.

Minéral,

- l'ensemble d'éléments chimiques constituant un corps naturel, simple ou composé, inorganique ou organique, généralement à l'état solide, et dans quelques cas exceptionnels, à l'état liquide ou gazeux ;
- un corps pur naturel de composition chimique définie pouvant comporter un ou plusieurs éléments utiles au sens d'espèce minéralogique ;

Ministre, le Ministre ayant les mines et les carrières dans ses attributions ;

Ministère, les services du ministère ayant les mines et carrières dans leurs attributions et ses services centraux décentralisés

Mois, période de trente jours

Périmètre, une superficie délimitée en surface et indéfiniment en profondeur sur laquelle porte un droit minier ou un droit de carrière ;

Ubutareni ibintu biva mu kibanza kirimwo ubutare ngirakamaro canke igitandara cose kirimwo ubutare bw'ubwoko bumwe canke bwinshi burimwo ivya shimi vy'ubwoko bumwe canke bwinshi kandi bufise agaciro mu vy'ubutunzi;

Ubutare bugizwe n'ubwoko bwinshi ni ubutare buva mu kibanza kirimwo ubutare ngirakamaro bugizwe n'ubwoko bwinshi bw'ubutare bufise agaciro bugashobora gucukurwa;

Ubutare bugoye ni ubutare butoroshe guhingura.

Ibiva mu gataka,

- ivyo vyose vya shimi bigize ubutare kama, vy'ubwoko bumwe gusa canke vy'ubwoko bwinshi, bitabora canke bibora, muri rusangi bifise imero igumye, kandi rimwe na rimwe ku buryo budasanzwe, bifise imero y'ibitemba canke y'umwuka;
- ikintu kama c'ubwoko bumwe kigizwe n'ivya shimi kanaka kigashobora kuba kigizwe n'ikintu kimwe canke vyinshi ngirakamaro nk'uko bivugwa mu bijanye n'ubutare;

Umushikiranjanji ni Umushikiranjanji ajejwe ubutare n'amakariyeri;

Ubushikiranjanji ni ibisata vy'Ubushikiranjanji bijejwe ubutare n'amakariyeri n'ubuzi bukukira ivyo bisatabwegerejwe abanyagihugu ;

Ukwezi ni iminsi mirongo itatu ;

Akarere katangiwe uburenganzira ni akarere k'uburinganire kashingiwe akarimbi hasi kw'isi ariko katagira aho kagarukira mu bwimbike katangiwe uburenganzira bw'ugucukura ubutare canke amakariyeri ;

Périmètre de protection, Zone mise en place autour de la mine et de ses installations en vue de réglementer l'accès des personnes et autres éléments non autorisés à la mine ;

Pierre précieuse, une substance minérale précieuse constituée d'un ou de plusieurs éléments chimiques et possédant les propriétés particulières qui leur donnent ainsi une valeur marchande élevée tels le diamant, l'émeraude, le rubis, le saphir, le chrysobéryl et le topaze ;

Propriétaire du sol, titres de propriété, le droit de la propriété foncière peut être établi :

- soit par un titre foncier établi par le Conservateur des titres fonciers ;
- soit par un certificat foncier établi par le service foncier communal reconnaissant une appropriation régulière du sol se traduisant par une emprise personnelle ou collective, permanente et durable, selon les usages du moment et du lieu et selon la vocation du terrain ;

Prospection, investigations de surface et de sub-surface allant jusqu'à des tranchées, avec utilisation éventuelle des procédés géophysiques et géochimiques, effectuées en vue de découvrir des indices ou des concentrations de substances minérales, à des fins scientifiques ou économiques ;

Akarere gakingira ikibanza gicukurwamwo canke gihingurirwamwo ubutare ni akarere gashingwa ku nkengera y'ahacukurwa ubutare n'ahari ivyubatswe mu ntumbero yo gutunganya uruja n'uruza rw'abantu n'ibintu bitemerewe kuhashika ;

Ibuye ry'agaciro ni ubutare bw'agaciro bugizwe n'ibintu vy'ubwoko bumwe vya shimi canke vyinshi kandi bufise ibiburanga vyisangije bituma bugira agaciro kanini cane ku masoko nka diyama, emerode , rubis , safire , kirizoberir na topaze ;

Nyene agataka, impapuro ndangatongo : uburenganzira kw'itongo bushobora kwerekanwa n'ibi bikurikira :

- urupapuro rwemeza nyene itongo rutangwa n'uwujewe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo ;
- urupapuro rwemeza ko itongo ryandikishijwe mw'ikomine rutangwa n'igisata ntunganyamatongo c'ikomine, rwemeza ko itongo umuntu arifise biciye mu mategeko canke ari irisangiye na benshi mu buryo bwamaho kandi burama, hisunzwe ibikurikizwa muri ico gihe no mu kibanza kanaka, kandi bivanye n'ico itongo rigenerwa ;

Ugutata ahari ubutare ni ukuronderera hejuru canke muni y'agataka gushika aho bimba ibishimu, hakoreshejwe uburyo bw'ukwiga ibigize ubutaka n'ivyigwa vy'ubutare bukwiragiye mu butaka bigirwa mu ntumbero yo kwubura ibimenyetso vy'ahari ubutare canke ahari ubutare bwinshi mu ntumbero y'ukwongereza ubumenyi canke ubutunzi ;

Recherche, travaux superficiels ou profonds et études scientifiques, techniques et économiques, exécutés en vue de mettre en évidence des indices ou de constater la présence de substances minérales en vue d'établir la continuité des indices ou de leur concentration et d'en conclure à l'existence de gisements ou d'extensions de gisements de substances minérales, de déterminer l'intérêt des gisements ou extensions de gisements ainsi localisés et d'en évaluer les réserves et d'étudier les conditions d'exploitation, de valorisation et d'utilisation industrielle des substances minérales concernées, et d'en conclure à l'exploitabilité du gisement ;

Règlement minier, l'ensemble des mesures prises en exécution des dispositions du Code minier, il est la législation minière dans tous les domaines non précisément explicités par la loi minière ;

Rejet des mines, les stériles ou le remblai provenant de l'exploitation minière ou tout résidu solide ou liquide provenant du traitement minéralurgique ou métallurgique ;

Remblai,

- un matériau mis en dépôt par oppose à matériau en place ou in situ ;
- un volume constitué par ce matériau.

Réserve, le tonnage et la teneur/qualité de la partie économiquement exploitable de la ressource minérale mesurée, pouvant être légalement extraite et mise à profit selon l'étude de faisabilité et aux conditions du marché ;

Ubushakashatsi ni ibikorwa vy'ukurondera ubutare bigirwa hejuru ku gataka canke mu kuzimu hamwe n'ivyigwa vyerekeye ubumenyi, ubuhinga n'ubutunzi, bigirwa kugira herekanwe ibimenyetso biranga ahari ubutare bibandanya vyibonekeza canke ko aho hantu hari ubutare bwinshi, mu ntumbero y'ukwemeza ko ivyo bimenyetso bibandanya canke ko hari ubutare ngirakamaro bwinshi hagaca hemezwa ko hari ibibanza kama birimwo ubutare ngirakamaro canke ko ivyo bibanza biza biraguka n'ukwerekana inyungu ziva muri ivyo bibanza vyatomowe n'ukugereranya ingene ubutare bungana muri ivyo bibanza, n'ivyokenerwa kugira ubwo butare bucukurwe, agaciro kabwo n'ingene bwokoresha mu mahinguriro, hagaheza hagafatwa ingingo ko ubutare ngirakamaro bushobora gucukurwa ;

Amategeko agenga ubutare ni ingingo zose zifatwa mu gushira mu ngiro ingingo zitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare;ni amategeko agenga ivyerekeye ubutare vyose adasiguwe n'ibwirizwa rigenga ubutare ;

Ibisigarira vy'ubutare ni ibidashoka bigira akamaro canke ibirundarundwa biva mw'icukurwa ry'ubutare nk'ibitabwa canke ibisigarira bifise imero igumye canke y'ibitemba biva mu guhingura ubutare canke ivyuma;

Ikirundo c'ivyimbwe

- ivyacukuwe birunze mu kibanza bitimbwemwo;
- ikirundo c'ivyo bintu;

Ubutare butaracukurwa ni urugero rw'ubutare buharugwa mu matoni hisunzwe agaciro kabwo bushobora kwimbwa bukazana akarusho, bugashobora gucukurwa hisunzwe amategeko kandi biboneka ko harimwo inyungu bivanye n'ivyigwa vy'ugupima ko ugucukura ubwo butare bishoboka hisunzwe ingene isoko ry'ubutare ryifashe ;

Partie de ressource d'un gîte localisé et suffisamment reconnu, susceptible d'extraction du fait de ses propriétés géologiques et physiques et de son intérêt économique. Selon le degré de reconnaissance, les ressources et réserves sont qualifiées de certaines, probables, possibles, ou a,b,c1, c2, p1, p2 ;

Réserve minérale probable, la partie économiquement exploitable des ressources indiquées et, dans certains cas, des ressources mesurées, démontrée par au moins une étude préliminaire de faisabilité ; l'étude doit inclure les renseignements adéquats sur l'exploitation minière, le traitement, la métallurgie, les aspects économiques et d'autres facteurs pertinents démontrant qu'il est possible, au moment de la rédaction du rapport de justifier l'extraction rentable ;

Réserve minérale prouvée, la partie économiquement exploitable des ressources minérales mesurées, démontrée par une étude de faisabilité ; l'étude doit inclure les renseignements adéquats sur l'exploitation minière, le traitement, la métallurgie, les aspects économiques et d'autres facteurs pertinents démontrant qu'il est possible de justifier l'extraction rentable au moment de la rédaction du rapport ;

Ressources minérale, une concentration minérale de matériel naturel, solide, inorganique ou fossilisé dans la croûte quelle que soit la forme, la quantité, la teneur ou la qualité : les ressources étant divisées, mesurées et indiquées ;

Igice c'ubutare buri mu kibanza kirimwo ubutare bwinshi kandi kizwi bihagije, bushobora gucukurwa kubera ibiburanga bishingiye ku butaka n'imeru yabwo kandi bufise inyungu buzana mu vy'ubutunzi. Bivuye ku kungene urugero rwabwo ruzwi, ubutare butaracukurwa bufatwa ko ari ubutare bwemejwe ko buhari, bwoba buhari, bushobora kuba buhari, canke a, b, c1, c2, p1, p2;

Ubutare bushobora kuba buhari butaracukurwa ni igice c'ikibanza gishobora gucukurwamwo amatungo ava mu gataka yerekanywe ayo ari yo, kandi mu bihe bimwebimwe, amatungo yapimwe akiri mu gataka, bikaba vyerekanywe n'imiburiburi n'icigwa c'intangamarara cerekana ko umugambi wo kuhacukura ubutare ushobora kurangurwa; ico cigwa gitegerezwa kuba kirimwo ibikeneye kumenyekana bijanye n'ugucukura ubutare, ukubuhingura, uguhingura ivyuma, ibijanye n'ubutunzi n'ibindi bifatirwako mu vy'ubutunzi vyerekana neza ko bishoboka ko icukurwa ry'ubwo butare ryozana akarusho mu gihe icegeranyo cerekeye ico cigwa kiba kiriko kirandikwa;

Ubutare butaracukurwa bukaba bwamejwe ko buhari ni igice c'ikibanza gishobora gucukurwamwo amatungo ava mu gataka yapimwe bikazana akarusho mu vy'ubutunzi, bikaba vyerekanywe n'icigwa cerekana ko umugambi wo kuhacukura ubutare ushobora kurangurwa; ico cigwa gitegerezwa kuba kirimwo ibikeneye kumenyekana bijanye n'ugucukura ubutare, ukubuhingura, uguhingura ivyuma, ibijanye n'ubutunzi n'ibindi bifatirwako mu vy'ubutunzi vyerekana neza ko bishoboka ko icukurwa ry'ubwo butare ryozana akarusho mu gihe icegeranyo cerekeye ico cigwa kiba kiriko kirandikwa;

Amatungo ava mu gataka ni ibintu kama birundarundanye mu kuzimu, bifise imero igumye, bitagira ubuzima canke vyabongereye mu kuzimu, uko biba bimeze kwose, uko bingana kwose, hatarabwe uko urugero rwavyo ruba rungana canke akaranga kavyo : ayo matungo akaba agabuwe mu migwi, apimwe kandi akerekanwa ayo ari yo;

Ressource minérale indiquée, une portion d'un gisement dont la masse ou le tonnage, la forme, les limites et les teneurs en qualité sont connues par des levés et une maille d'échantillonnage large ; en pratique, la continuité n'est mesurée que dans l'axe des échantillonnages ; en conséquence, l'estimation globale peut être entachée d'une marge d'erreur relativement importante et l'estimation locale (blocs d'estimation restreints) est, la plupart du temps, affectée d'une marge d'erreur excessive ;

Ressource minérale mesurée, une portion d'un gisement dont la masse ou le tonnage, la forme, les limites et les teneurs/qualité sont connues par des levés et une maille d'échantillonnage serrée par rapport aux dimensions du gisement ; la maille des sondages et l'échantillonnage minier mesurent la continuité en 3D, permettant l'estimation globale avec une faible marge d'erreur et l'estimation locale, avec une marge d'erreur acceptable pour de blocs d'estimation restreints ;

Société d'exploitation minière, Société de droit burundais qui se livre à l'exploitation minière industrielle ;

Sous-traitant, toute personne physique ou morale exécutant une ou plusieurs activités au nom et pour le compte du titulaire du titre minier ; il s'agit notamment :

- des travaux de géophysique, de géochimie et de sondage pour la recherche, la prospection et l'exploitation ;

Amatungo akiri mu gataka yerekanywe ayo ari yo ni igice c'ikibanza kirimwo ubutare ngirakamaro, uburemere canke amatonu agize ubwo butare, uko ico kibanza kimeze, aho kigarukira, urugero rw'ubutare buhari n'akaranga kabwo biba bizwi bivanye n'uko ico kibanza capimwe hamwe n'uko hafashwe ivyahacukuwe bikeyi bifatirwako akarorero mu bice bitari bike bitegeranye cane vy'ico kibanza; Uko bikorwa, kumenya uko ibibanza birimwo ubutare bikurikirana bipimwa gusa mu murongo w'ahakurwa ubutare bukeyi bufatirwako akarorero, kubera ivyo, ukugereranya ahari ubutare muri rusangi harabamwo ukwihenda kunini kandi ingereranyo y'urugero rw'ubutare bushobora kuba buri muri ico kibanza, kenshi na kenshi irangwa n'ugushobora kwihenda birenze urugero;

Amatungo yapimwe akiri mu gataka ni igice c'ikibanza kirimwo ubutare ngirakamaro, uburemere canke amatonu agize ubwo butare, uko ico kibanza kimeze, aho kigarukira, urugero bw'ubutare buhari n'akaranga kabwo biba bizwi bivanye n'uko ico kibanza capimwe hamwe n'uko hafashwe ivyahacukuwe bikeyi bifatirwako akarorero mu bice vyinshi vyegeranye vy'ico kibanza hisunzwe uko ico kibanza kingana; ibitigiri vy'ahimbwe n'ubutare bukebuke bufatirwako akarorero vyerekana ibipimo mu makika no mu bushinga kuri ico kibanza cose ata hasimbwe, bigatuma hagereranywa muri rusangi hatabayemwo ukwihenda kunini ubutare buri muri ico kibanza hafatiwe ku bice bitobito bifatirwako mu kugereranya ubutare buri ahantu ;

Ishirahwamwe ricukura ubutare ni ishirahamwe ryashinzwe hakurikijwe amategeko y'Uburundi ricukura ubutare hakoreshejwe uburyo buhanitse ;

Uwukorera uwundi ibikorwa bimwebimwe ni umuntu wese canke ishirahamwe ryose rirangura igikorwa canke ibikorwa kw'izina no ku nyungu ry'uwufise urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri. Iryo bikorwa ni nk'ibi :

- ibikorwa vy'ukwiga ibigize ubutaka, ivyigwa vy'ubutare bukwiragiye mu butaka, ivy'ukwimba mu ntumbero y'ugutata, ukugira ubushakashatsi, n'ugucukura ubutare ;

- de la construction des infrastructures industrielles, administratives et socio-culturelles : voies, usines, bureaux, cités minières, super marchés, établissements socio-sanitaires, de loisirs et d'approvisionnement en eau et en électricité nécessaires à l'exploitation minière ;
- des travaux d'extraction minière, de transport et de stockage des matériaux et de traitement de minerais ;
- des travaux d'analyse et de raffinage
- ukwubaka inyubakwa z'ihinguriro, iz'ubuyobozi n'izerekeye imibano n'imico kama : amabarabara, amahinguriro, ibiro, ahaba abakozi, imangazini nini, amavuriro, ibibanza vy'ukwinezererezamwo, ahakurwa amazi n'amatara bikenerwa mu gucukura no guhingura ubutare ;
- ibikorwa vy'ukwimba ubutare, ivy'ukubwunguruza n'ukubushingura hamwe n'ivy'ukubuhingura ;
- ibikorwa vy'ugusuzuma n'ivyo kubuhingura.

Substances minérales, substances naturelles amorphes ou cristallines, solides, liquides ou gazeuses ainsi que les substances organiques fossilisées et les gites géothermiques ;

Ubutare canke amakariyeri ni amatungo kama ari mu kuzimu afise imero y'ibinyigimbe canke bimeze nk'utubuyenge biri mu mero igumye, bimeze nk'ibitemba canke nk'imyuka hamwe n'ibisigarira vy'ibinyabuzima vyabongereye mu kuzimu n'ibibanza birimwo amashuha ;

Substances précieuses, ensemble de métaux précieux, de pierres précieuses et de pierres fines ;

Ubutare bw'agaciro ni ubutare bugizwe n'ivyuma vy'agaciro, amabuye y'agaciro, amabuye yikuyengeje ;

Substances radioactives, substances minérales perdant de leur masse en émettant des particules ou des rayonnements électromagnétiques tel que l'uranium, thorium ;

Ibintu birimwo ubutare burekura imishwarara Irimwo ubumara niibintu birimwo ubutare bisaragurika birekura imishwarara irimwo ubumara nk'ubutare bwitwa uranium na thorium ;

Sûreté minière, tout mécanisme institué et destiné à adosser au titre minier d'exploitation la garantie de l'exécution de ses obligations par un titulaire d'un titre minier vis-à-vis d'un tiers auprès duquel il a contracté une dette dans le but de financer ses activités minières ;

Ingwati ku gataka karimwo ubutare ni uburyo bwose bwashinzwe butuma hongera ku rwandiko rwemeza uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeriicemeza ko uwufise ubwo burenganzira azokwubahiriza amasezerano yagiraniye n'uwundi muntu yamuguranye amafaranga akoresha mu bikorwa vyerekeye ubutare;

Stérile :

Ibidashoka bigira akamaro:

- Roche ne présentant aucune concentration anormale en éléments utiles ;
- igitandara ata kintu na kimwe cerekana ko kigwiyemwo ubutare bufise akamaro;

- Matériaux stériles : le déblai : cavité résultant de l'enlèvement de matériaux in situ. Lorsque le matériau est excavé dans un seul but de constituer un remblai (route, chemin de fer...) la zone d'où il provient est nommée zone d'emprunt. Le déblai vaut matériaux excavés

- ibintu bitarimwo ubutare: ivyacu kuwe ata butare birimwo: ikinogo gisigara mu kibanza bimvuyemwo ibintu bitarimwo ubutare; mu gihe ivyacu kuwe bitarimwo ubutare bikuwe mu kibanza mu ntumbero y'ukubirunda ahariko harakorwa ibarabara, inzira y'igariyamoshi..., akarere vyavuyemwo kitwa akarere bayoramwo ibirundo vyimbwe bitarimwo ubutare. Ibintu bitarimwo ubutare ni ivyo baba bayoye;

Sujétion, une servitude ou obligation grevant la propriété privée ou un droit réel au profit d'une autre personne ;

Ibitegerejwe ni ingabanyabubasha canke ibitegerejwe kw'itongo ry'umuntu canke ku bubasha umuntu afise ku kintu bikagirira akamaro uwundi muntu ;

Taxe, une contrepartie monétaire d'un service rendu par une personne publique sans qu'il y ait correspondance entre le montant payé et le prix réel de la prestation ;

Itagisi ni amafaranga Reta irihisha ku gikorwa iranguriye umuntu ariko igitigiri cayo kikaba kidahuye n'igiciro c'ukuri c'igikorwa caranguwe;

Taxe ad valorem, taxe en pourcentage à la valeur du minerai.

Itagisi rifatiye ku gaciro k'ubutare ni itagisi iharurwa mu bice vy'ijana ifatiye ku gaciro k'ubutare;

Teneur, un rapport pondéral de poids de substance considérée au poids du volume total de roche contenant cette substance ; on distingue la teneur sur sec, lorsque le poids du matériau exclut l'humidité et la teneur naturelle dans le cas contraire ;

Urugero rw'ubutare ni igitigiri gihuye n'uburemere bw'ubutare bugabuwe n'uburiba bwose bw'igitandara kirimwo ubwo butare. Hariho urugero rw'ubutare ku bicukurwa vyumutse, mu gihe uburemere bw'ibipimwa butaba burimwo amazi hakaba n'urugero rw'ubutare kama mu gihe ibicukurwa bipimwa uko bisanzwe biri;

Teneur géologique, la teneur des matériaux utiles estimée à partir des seules données géologiques généralement estimée à partir d'échantillons de petite dimension tels les sondages et sur la base d'une teneur de coupure arbitraire ;

Urugero rw'ubutare buri mu gataka ni urugero rw'ubutare ngirakamaro rugereranywa hafatiwe gusa ku biharuro bizwi bijanye n'agataka, muri rusangi rukagereranywa hafatiwe ku duce dutoduto tw'agataka dufatirwako akarorero nk'ukwimbagura mu kugira ubushakashatsi kandi hafatiwe ku rugero rw'ubutare rugereranywa ku gace gatoyi gafatirwako akarorero hakoreshejwe uburyo bw'ugutomboza;

Teneur en place, une teneur estimée des matériaux utiles compte tenu des contraintes générales d'exploitation, notamment de la dimension du chantier ;

Urugero rw'ubutare rufatiye ku kugene bucukurwa ni urugero rugereranywa rw'ubutare ngirakamaro hafatiwe ku ngorane zisanzwe z'ukubucukura, na canecane uburinganire bw'aho ibikorwa vy'ugucukura ubutare birangurirwa ;

Teneur de coupure, une valeur particulière de la teneur choisie, à partir d'une considération économique, pour sélectionner les matériaux utiles ou pour délimiter des zones exploitables ;

Terril, un dépôt de produits stériles, souvent coniques, constitué par une décharge ponctuelle ;

Titulaire, toute personne au nom de laquelle un droit minier ou de carrière est accordé et un titre minier ou un titre de carrières est établi, conformément aux dispositions du Code minier et qui réalise ou fait réaliser les opérations autorisées en vertu de son titre minier ou de carrières ; il est à noter que l'amodiataire est assimilé au titulaire ;

Traitement, procédé minéralogique et/ou métallurgique qui aboutit à l'obtention d'une substance minérale commercialisable à partir des minerais extraits ;

Transformation, tout procédé industriel consistant à changer la forme et la nature d'une substance minérale traitée et à en obtenir les produits finis ou semi-finis commercialisables.

Urugero rw'ubutare rugereranywa ku gace gatoyi katowe mu tundi ni urugero rw'ubutare buri ahanaka hatowe mu handi, hafatiwe ku karusho ubutare bucururwa buzana mu butunzi , kugira hatorwe ubutare ngirakamaro canke hashingwe uturimbi tw'uturere twocukurwamwo ubutare ;

Ibisigarira vy'ubutare ni ibirundo vy'ibintu bidashoka bigira akamaro, kenshi bifise imero y'iconco, bigizwe n'ivyagiye birasukwa ahantu ;

Nyene uburenganzira ni umuntu wese yahawe uburenganzira bw'ugucukura ubutare canke amakariyeri akaba afise n'urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri, hisunzwe ibitegekanijwe n'Igitabu c'amategeko agenga ubutare mu Burundi kandi akarangura canke agatuma harangurwa ibikorwa yaherewe uruhusha mu rwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke bw'ugucukura ubutare canke amakariyeri; ariko ni ukumenya ko uwakose uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke bw'ugucukura ubutare canke amakariyeri afatwa nka nyene uburenganzira ;

Uguhingura ni uburyo bukoreshwa mu guhingura ubutare canke ivyuma butuma haboneka ubutare bushobora kudandazwa buvuye mu vyacukuwe;

Uguhingura ikintu mu butare ni uburyo bukoreshwa mu mahinguriro mu guhindura imero y'ubutare n'uko ubutare bwahinguwe bwari busanzwe bumeze bugahingurwamwo ibishoka bikoreshwa canke ibibanza gusubira guhingurwa kugira bidandazwe.

CHAPITRE II. DE LA CLASSIFICATION DES SUBSTANCES MINÉRALES OU FOSSILES

IGICE CA II. UGUSHIRA MU MIGWI UBUTARE CANKE IBISIGARIRA VY'IBINYABUZIMA VYABONGEREYE MU KUZIMU

Section 1^{ère}. Du régime légal des carrières, des mines et des terrils

Agace ka mbere. Ivyerekeye amategeko agenga amakariyeri, ubutare n'ibisigarira wo

Article 3 :

Les exploitations des substances minérales ou fossiles sont classées, selon leur régime légal, en deux catégories: les carrières et les mines.

Ingingo ya 3:

Ugucukura ubutare canke ukwimba ibinyabuzima vyabongereye mu kuzimu bishizwe mu migwi ibiri bivanye n'amategeko abigenga: amakariyeri n'ubutare.

Article 4 :

Les carrières sont des exploitations des substances minérales ou fossiles regroupées en 4 catégories :

Ingingo ya 4 :

Amakariyeri ni ubutare canke ibinyabuzima vyabongereye mu kuzimu biri mu migwi ine :

1° Les matériaux de construction, d'empierrement, de pierres à chaux et à ciment tels le sable, le moellon, le gravier, la craie, la latérite, l'argile, les roches calcaires ;

1° Ibikoresho vy'ukwubaka, amabuye yo gusasa mu mabarabara, amabuye avamwo ishwagara n'ayavamwo isima nk'umusenyi, utubuye two mu mazi, urucekeri, ingwa, raterite, ibumba, ibikugutwa;

2° Les matériaux pour les industries céramiques : kaolin, quartzite, argile ;

2° Ibikoresho vyo mu mahinguriro abumba: ibumba ryera, amasare, ibumba;

3° Les matériaux d'amendement du sol pour la culture des terres et autres substances analogues tels les fossiles et les diatomites à l'exception des phosphates, des nitrates, des sels alcalins et autres sels associés dans les mêmes gisements ;

3° Ibivamwo ifumbire n'ibindi bimeze nkayo n'ivyabongereye mu kuzimu na diyatomite kiretse fosifate, nitrate, ivyunyunyu n'ibindi bimeze nkavyo biri mu bibanza bimwe bicukurwamwo ;

4° La tourbe.

4° Ibizuku.

Une ordonnance conjointe du Ministre ayant les carrières et celui ayant le commerce dans leurs attributions fixent les normes et les prix de base des produits carriers marchands.

Itegeko rishirwako umukono n'Umushikiranjanji ajejwe amakariyeri n'Umushikiranjanji ajejwe ubudandaji rirashinga amategeko n'ibiciro bifatirwako vy'amakariyeri adandazwa.

Article 5 :

Les mines sont divisées en deux groupes à savoir :

Ingingo ya 5:

Ubutare bugabuwe mu migwi ibiri:

- un groupe I comprenant les exploitations des pierres précieuses, des pierres fines et des substances fossiles ;

- Umugwi wa lugizwe n'amabuye y'agaciro, amabuye yikuyengeje n'ibinyabuzima vyabongereye mu kuzimu;

- un groupe II comprenant les exploitations de toutes les autres substances non soumises au régime des carrières et n'appartenant pas au groupe I.
- Umugwi wa Ilugizwe n'ubundi butare bwose buterekewe n'amategeko agenga amakariyeri kandi butari mu mugwi wa I.

Article 6 :

Les dépôts de terrils et des haldes des mines ainsi que des rejets d'exploitation sont constitués suivant les modalités définies dans le plan d'exploitation et de façon à faciliter, dans la mesure du possible, leurs utilisations.

Section 2. De la souveraineté de l'Etat sur ses ressources naturelles**Article 7 :**

Les gîtes de substances minérales ou fossiles, y compris les gîtes artificiels, les eaux souterraines et les gîtes géothermiques se trouvant sur la surface du sol ou renfermés dans le sous-sol ou dans les cours d'eau du territoire national sont la propriété exclusive, inaliénable et imprescriptible de l'État.

Section 3. De l'association naturelle**Article 8 :**

Lorsque, dans un gisement, l'extraction d'une substance minérale est telle que son exploitation entraîne celle d'une autre substance minérale, ces substances forment dès lors une association naturelle.

Section 4. Des attributs de la propriété des substances minérales**Article 9 :**

Conformément à la législation et à la Convention minières, les titulaires d'un titre minier peuvent, de droit, transformer, eux-mêmes ou par des tiers, par différents procédés physiques et chimiques, les substances minérales extraites ou les produits de carrière, en vue d'en augmenter la valeur.

Ingingo ya 6:

Ukurunda ibisigarira vy'ubutare hamwe n'ubutare bwagiye buratakara mu gihe c'ugucukura bigirwa hisunzwe ibikurikizwa bitomorwa mu nteguro yo gucukura no mu buryo bworohereza, uko bishoboka kwose, ikorehwa rya vyo.

Agace ka 2. Ububasha Reta ifise ku matungo kama yayo**Ingingo ya 7 :**

Ibibanza birimwo ubutare canke ibinyabuzima vyabongereye mu kuzimu harimwo n'ibibanza atari kama, amazi yo mu kuzimu n'ibibanza birimwo amashuha ari hejuru kwisi canke ayari mu nda y'isi canke mu nzuzi ziri ku butaka bw'Uburundi ni amatungo yiharijwe na Reta, atawushobora kuyaka Reta, atawuyigarura kandi ategukira umuntu kubera ikiringo amaze ayakoresha.

Agace ka 3. ubutare bufatanye**Ingingo ya 8 :**

Igihe, mu kibanza gicukurwako ubutare bunaka kirimwo ubundi butare ku buryo ukuyeyo bumwe n'ubundi buca buvayo, ubwo butare bwompi buca bufatwa ko bufatanye.

Agace ka 4. Ibiranga uburenganzira ku butare**Ingingo ya 9:**

Hisunzwe amategeko agenga ubutare n'Amasezerano yerekeye ubutare, abafise urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri baca bagira uburenganzira bw'ugushobora guhindura ubutare bwacukuwe canke ibiva mu makariyeri, bo nyene canke babitumye abandi, bakoresheje uburyo butandukanye busanzwe canke buhambaye bwa shimi, mu ntumbero yo kuvyongerereza agaciro.

Section 5. Du reclassement des substances pour cause d'utilité publique

Article 10 :

Les travaux d'utilité publique peuvent induire un changement de classification de substances minérales soumises au régime des mines en produits de carrière, par ordonnance du Ministre en charge des mines, après avis de l'Agence.

Article 11 :

Pour des raisons économiques, par une ordonnance motivée et après avis écrit des experts de l'Agence, le Ministre peut classer dans la catégorie des mines des substances antérieurement classées dans les produits de carrière.

TITRE II. DE L'AUTORISATION DE PROSPECTION ET DES TITRES MINIERS

CHAPITRE 1^{er}. DE L'AUTORISATION DE PROSPECTION

Article 12 :

Le droit de prospecter des substances minérales soumises au régime des mines et de celles soumises au régime des carrières peut être acquis en vertu d'une autorisation de prospection, délivrée par ordonnance du Ministre en charge des mines après examen du dossier par l'Agence qui instruit le dossier.

Le droit de prospecter résulte également de l'octroi d'un permis de recherche ou d'un permis d'exploitation à l'intérieur du périmètre et pour les substances ayant fait l'objet dudit permis.

Agace ka 5. Ugushira mu wundi mugwi ubutare ku mvo z'ineza ya bose

Ingingo ya 10:

Ibikorwa vyerekeye ineza ya bose birashobora gutuma hahindurirwa umugwi ubutare ugengwa n'amategeko yerekeye ubutare n'amakariyeri bikaja mu murwi w'amakariyeri, Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare n'amakariyeri kimaze kugira ico kibivuzeko.

Ingingo ya 11:

Bivuye ku mvo z'ubutunzi, abicishije mw'itegeko nshikiranganji ritangiwe imvo kandi amaze kuronka ivyiyumviro vyanditswe bishikirizwa n'abahinga b'Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare, Umushikiranganji arashobora gushira mu migwi y'ubutare ibintu vyahora mu migwi y'amakariyeri.

IKIGABANE CA II. IVYEREKEYE URUHUSHA RW'UGUTATAAHARI UBUTARE,URW'UKUGIRA UBUSHAKASHATSI N'URW'UGUCUKURA UBUTARE

IGICE CA MBERE. IVYEREKEYE URUHUSHA RW'UGUTATA AHARI UBUTARE

Ingingo ya 12:

Uburenganzira bwo gutata ubutare canke amakariyeri bigengwa n'amategeko yerekeye ubutare n'amakariyeri burashobora gutangwa hisunzwe uruhusha rw'ugutata rutangwa n'Umushikiranganji abanje kwihweza idosiye ivyerekeye iba yizwe n'Igisatakijejwe gucungera ubutare.

Ubwo burenganzira burakomoka kandi ku ruhusha rw'ukugira ubushakashatsi canke ku ruhusha rw'ugucukura mu karere karangurirwamwo ivyo bikorwa no ku butare canke amakariyeri urwo ruhusha rwatangirwe.

Article 13 :

La demande de l'autorisation de prospection ou de son renouvellement est adressée par écrit au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la direction générale de la géologie et des mines.

Article 14 :

Le dossier de la demande est instruit par l'Agence qui donne rapport au Ministre endéans dix jours ouvrables.

Une réponse à la demande de l'autorisation de prospection ou de son renouvellement doit être donnée dans les trente (30) jours ouvrables à compter de la date de la réception de la demande.

La décision d'octroi de l'autorisation de prospection est publiée au Bulletin Officiel et sur le site Internet du Ministère. L'autorisation de prospection est transmise au service du Cadastre minier pour enregistrement et conservation.

Article 15 :

Le dossier de demande d'autorisation de prospection doit contenir, outre la lettre de demande, les éléments suivants :

- 1° Une preuve d'immatriculation au Registre de commerce ;
- 2° Le Numéro d'identification fiscale ;
- 3° L'attestation de non redevabilité fiscale ;
- 4° Les substances pour lesquelles l'autorisation est demandée ;
- 5° La carte du périmètre demandé avec les coordonnées géographiques, à l'échelle 1/50.000, le nombre de carrés miniers contigus, délivrée par le service du Cadastre minier ;

Ingingo ya 13:

Ugusaba uruhusha rw'ugutata canke ugusaba ko uruhusha rwongererezwa ikiringo bica mu rwandiko rugirwa mw'ikopi zitatu rukarungikikwa Umushikiranangaji, ikopi imwe ikaba igenewe Igisata kijejwe gucungera ubutare, iyindi na yo Ubuyobozi bukuru bujewe ivyerekeye agataka n'ubutare.

Ingingo ya 14:

Idosiye y'ugusaba uruhusha yigwa n'Igisata kijejwe gucungera ubutare ari na co gishikiriza icegeranyo Umushikiranangaji mu kiringo c'iminsi icumi y'akazi.

Umushikiranangaji ategerezwa gutanga inyishu mu kiringo c'iminsi mirongo itatu (30) y'akazi iharurwa kuva kw'igenekerezoyashikirijweko idosiye y'ukubisaba.

Ingingo y'ugutanga uruhusha rw'ugutata iratangazwa mu Kinyamakuru c'Ibitegekwa mu Burundi no ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranangaji. Uruhusha rw'ugutata rurungikwa mu Gisata c'itorokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare kugira ruhabwe inomeru kandi rushingurwe.

Ingingo ya 15:

Idosiye y'ugusaba uruhusha rw'ugutata itegerezwa kuba irimwo, uretse ikete ry'ugusaba, ibi bikurikira:

- 1° Icemeza ko uwusaba uruhusha afise inomeru mu Gitabu c'itorokanirizo ry'abadandaza;
- 2° Inomeru ndangamudandazaatanga ikori ;
- 3° Urwandiko rwemeza ko ata kori aheranye;
- 4° Ubwoko bw'ubutare asabira uruhusha;
- 5° Ikarata yerekana akarere ishirahamwe risaba gutatamwo hamwe n'ibikaranga icapwe kuri 1/50.000, n'igitigiri c'amakwadarato y'ahacukurwa ubutare hafatanganye, itangwa n'Igisata kijejwe itorokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare;

- 6° Le programme des travaux projetés avec un calendrier indicatif ainsi que le budget y relatif ;
- 7° Les justifications des capacités techniques tels les CV du personnel technique, les équipements et les matériels à utiliser ainsi que les références techniques ;
- 8° Une justification des capacités financières.
- 6° Inginganizo y'ibikorwa bitegekanijwe n'ikirangaminsi bitegekanywa kurangurwamwo hamwe n'amafaranga abitegekanirijwe;
- 7° Inzandiko zerekana ubushobozi mu vy'ubuhinga nk'impapuro y'imyidondoro y'abakozi bajejwe ivy'ubuhinga, ibikoreho biramba n'ibindi bikoreho hamwe n'ibiranga ivyo bikoreho mu bijanye n'ubuhinga ;
- 8° Urwandiko rwemeza amafaranga afise.

Pour les personnes physiques, à la lettre de demande est annexée une photocopie de la carte d'identité nationale ou de la première page du passeport, la présentation des originaux pouvant être exigée.

Mu gihe ari abantu basaba uruhusha, ikete ry'ukurusaba rijana n'ikopi y'ikarata karangamuntu canke n'urupapuro rwa mbere rw'igitabo c'inzira hagashobora gusabwa ko herekanwa impapuro z'imvaho.

Pour les personnes morales, les documents suivants sont également annexés à la lettre de demande:

Mu gihe ari amashirahamwe asaba uruhusha, ikete ry'ukurusaba zijana n'inzandiko zikurikira :

- 1° Une copie des statuts de la société certifiée conforme à l'original ;
- 2° Le nom, l'adresse et l'identité du (des) mandataire(s) ;
- 3° L'acte certifié authentique émanant de l'organe compétent en vertu des statuts désignant le(s) mandataire(s).
- 1° Ikopi y'amategeko ngenderwako y'ishirahamwe yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho;
- 2° Izina ry'ishirahamwe risaba uruhusha, aho ribarizwa n'ibiranga uwuriserukira canke abariserukira;
- 3° Urwandiko rwemejwe ko ari urw'ukuri rutangwa n'urwego rubifitiye ububasha hisunzwe amategeko ngenderwako y'ishirahamwe rugena uwuserukira canke abaserukira ishirahamwe.

Article 16 :

Une étude d'impact environnemental simplifiée et une attestation de conformité environnementale sont exigées avant le démarrage des activités.

Ingingo ya 16:

Imbere yuko ibikorwa bitangura, hategerezwa gushikirizwa ivyigwa bibayabaye vyerekana inkurikizi ku bidukikije hamwe n'urwandiko rwemeza ko ibirangurwa vyubahiriza ibidukikije.

Article 17 :

L'Etat peut se livrer seul à toute opération de prospection et de recherche dans le seul but d'intéresser le secteur privé ou pour des substances n'attirant pas les investisseurs privés en raison de leur faible valeur économique.

Ingingo ya 17:

Igihugu kirashobora co nyene gukora igikorwa ico ari co cose c'ugutata n'ukugira ubushakashatsi mu ntumbero gusa yo gukwegakwega abikorera utwabo canke ku butare budakwegakwega abagwizatunga bigenga kubera budafise agaciro kanini mu vy'ubutunzi.

Article 18 :

Les limites maximales de l'autorisation de prospection sont fixées à 30.000 unités cadastrales soit 300 km².

Nul ne peut détenir plus de deux autorisations de prospection en cours de validité.

Article 19 :

L'autorisation de prospection est accordée pour une ou plusieurs substances minérales soumises au régime des mines et des carrières. Toutefois, elle ne confère pas un droit exclusif.

Toutefois, en cas d'attribution d'une autre autorisation de prospection sur un même périmètre, celle-ci porte obligatoirement sur des substances différentes.

Les substances minérales et le périmètre de prospection sont définis par l'ordonnance d'octroi de l'autorisation de prospection.

Article 20 :

La violation des dispositions de l'article 17 du Code minier entraîne la déchéance de l'autorisation.

Article 21 :

Les sujétions attachées aux titres miniers s'appliquent, mutatis mutandis, à l'autorisation de prospection.

Article 22 :

Le périmètre de l'autorisation de prospection est fixé par une ordonnance du Ministre en charge des mines conformément aux dispositions de l'article 18 du présent décret. Dans les limites de ce périmètre, le titulaire de l'autorisation de prospection dispose des prérogatives définies par le Code minier.

Ingingo ya 18:

Ahagarukira akarere uruhusha rwo gutata rwerekeye ntiharenza ingero zikoreshwa mu gupima ahacukurwa ubutare 30.000 ni ukuvuga ibirometero kwadarato amajana atatu.

Nta n'umwe arekuriwe kugira impusha z'ugutata zirenga zibiri mu kiringo kimwe.

Ingingo ya 19:

Uruhusha rw'ugutata ahari ubutare canke amakariyeri rutangirwa ubwoko bumwe canke bwinshi bw'ubutare canke bw'amakariyeri bigengwa n'amategeko avyerekeye. Ariko, ntirutanga uburenganzira bwiharijwe.

Ariko, mu gihe hatanzwe urundi ruhusha rw'ugutata mu karere kamwe, urwo ruhusha rutegerezwa gukoreshwa ku butare butandukanye n'ubwatangiwe uruhusha ubwa mbere.

Ubutare canke amakariyeri n'akarere k'ukubitamwo bishingwa n'itegeko nshikiranganji ritanga uruhusha rw'ugutata.

Ingingo ya 20:

Ukurenga ku bitegekanijwe mu ngingo ya 17 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare bituma uwahawe uruhusha aca arwakwa.

Ingingo ya 21:

Ivyo abafise inzandiko zemeza uburenganzira ku gataka karimwo ubutare canke amakariyeri bategerejwe ni vyo bikurikizwa ku bafise uruhusha rw'ugutata.

Ingingo ya 22 :

Akarere gatangirwa uruhusha rw'ugutata ahari ubutare canke amakariyeri gashingwa n'itegeko ry'Umushikiranganji ajejwe ubutare hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 18 y'iri tegeko. Muri ako karere, nyene uruhusha rw'ugutata ahari ubutare canke amakariyeri afise ububasha butomorwa n'Igitabu c'amategeko agenga ubutare.

Article 23 :

Le titulaire de l'autorisation de prospection a priorité, à conditions de remplir les formalités requises, à l'obtention du permis de recherche sur un périmètre dérivant de son autorisation de prospection.

Article 24 :

La durée de l'autorisation de prospection comme celle de son renouvellement est d'une année, à dater du jour de sa délivrance. Le renouvellement demandé conformément à l'article 21 est considéré comme accepté si le délai prescrit de trente jours est dépassé.

La demande de renouvellement a lieu un mois avant l'expiration de la première période de validité.

Article 25 :

En cas de pluralité de demandes pour un même périmètre ou pour des périmètres qui se chevauchent, le Ministre donne la priorité en fonction de l'antériorité des demandes.

Article 26 :

Le refus, la restriction ou le retrait de l'autorisation de prospection dûment motivés et notifiés au demandeur ou au titulaire de l'autorisation, n'ouvrent droit à aucune indemnité ou dédommagement.

Article 27 :

Sauf disposition différente et expresse de l'Administration des mines, les opérations de prospection doivent débuter au plus tard trois mois après la date de délivrance de l'autorisation de prospection. Le non respect de ce délai peut entraîner le retrait de l'autorisation. L'ouverture de la campagne de prospection doit être précédée d'une déclaration écrite au Ministre en charge des mines.

Ingingo ya 23 :

Nyene uruhusha rw'ugutata ahari ubutare canke amakariyeri, afise uburenganzira bw'ukuronka imbere y'abandi, ariko abanje gukwiza ibisabwa bitegerejwe, uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi mu karere yaherewe uruhusha rw'ugutaha ahari ubutare canke amakariyeri.

Ingingo ya 24 :

Ikiringo uruhusha rw'ugutata ahari ubutare canke amakariyeri rumara, co kimwe n'ico kurwongerereza ikiringo, ni umwaka umwe, kigaharurwa kuva umunsi uruhusha rutangiweko. Ukwongerereza uruhusha ikiringo bisabwe hisunzwe ingingo ya 21 bifatwa ko vyemewe iyo harangiye ikiringo categekanijwe c'iminsi mironko itatu.

Ugusaba ko uruhusha rwongererezwa ikiringo bigirwa ukwezi kumwe imbere yuko ikiringo carwo ca mbere kirangira.

Ingingo ya 25:

Mu gihe hasabwa impusha nyinshi zerekeye akarere kamwe canke uturere twinjiranamwo, Umushikiranganjatangira impusha akurikije uko amadosiye yo gusaba uruhusha yagiye arakurikirana mu gushikirizwa.

Ingingo ya 26:

Ukwanka gutanga uruhusha rw'ugutata, ukugabanya ububasha bw'uruhusha canke ukurwaka uwaruhawe bitangiwe imvo kandi vyaramenyeshajwe uwurusaba canke nyenerwo ntibimuha uburenganzira bw'ukuronswa indishi canke inshumbusho.

Ingingo ya 27:

Kiretse hari ingingo ibitegekanya ukundi kandi yanditswe n'Abajejwe ivyerekeye ubutare, ibikorwa vy'ugutata bitegerezwa gutangura n'imiburiburi mu mezi atatu kuva uruhusha rutanzwe. Ukutubahiriza ico kiringo bishobora gutuma uwahawe uruhusha arwakwa. Imbere y'ugutangura ibikorwa vy'ugutata, Ubushikiranganji bujewe ubutare butegerezwa kubanza kubimenyeshwa biciye mu rwandiko.

Article 28 :

La prospection comprend les activités d'observations en surface et en sub-surface et des prises d'échantillons des sols, des roches, des minéraux et des eaux de la terre en quantité strictement nécessaire déterminée par la Direction de la géologie pour analyse.

Les activités d'observations et de prises d'échantillons peuvent être réalisées sur la terre ou dans des grottes, des tunnels ou d'anciennes mines.

Article 29 :

Des échantillons témoins doivent être déposés à la Direction de la géologie accompagnés d'un formulaire de description contenant l'identité du titulaire, le numéro de l'autorisation, la description des lieux de prélèvement et la description des échantillons.

La commercialisation des échantillons pris lors de la prospection est interdite.

Article 30 :

A la fin de chaque période de validité de l'autorisation de prospection, le titulaire est tenu de déposer un rapport technique et financier audité y relatif.

Article 31 :

En cas de découverte de substances minérales intéressantes économiquement, le titulaire de l'autorisation de prospection a priorité pour l'obtention d'un permis de recherches.

Ingingo ya 28:

Ugutata ahari ubutare canke amakariyeri bigizwe n'ibikorwa vy'ukwihweza hejuru kw'isi no mu kuzimu hamwe no gufata ivu rikeyi rifatirwako akarorero, ibice vy'ibitandara, ubutare bukeyi n'amazi makeyi ku rugero rukenewe muri ivyo bikorwa rushingwa n'Ubuyobozi bujejwe agataka kugira bigirweko ivyigwa.

Ibikorwa vy'ukwihweza no gutora ibifatirwako akarorero bishobora kugirirwa kw'isi hejuru canke mu binogo, mu tuyira twimbwe duca mu kuzimu canke aha hoze hacukurwa ubutare.

Ingingo ya 29:

Ibifatirwako akarorero bisa n'ivyo uwahawe uruhusha rw'ugutata ariko arakorerako bitegerezwa gushikirizwa mu Buyobozi bujejwe agataka biri kumwe n'urupapuro rwuzuzwa rudondora ibiranga nyene uruhusha, inomeru y'uruhusha, ido n'ido ry'ibibanza vyakuwemwo ibifatirwako akarorero n'indondoro yavyo.

Birabujikwe kudandaza ibifatirwako akarorero vyakuwe ahatatwa ubutare canke amakariyeri.

Ingingo ya 30:

Mu mpera z'ikiringo kimwekimwe cose uruhusha rw'ugutata ahari ubutare canke amakariyeri rumara, nyene rwo ategerezwa gushikiriza icegeranyo cerekeye ubuhinga n'amafaranga yakoreshejwe mu bikorwa vy'ugutata kandi casuzumwe.

Ingingo ya 31:

Mu gihe nyene uruhusha rw'ugutata yubuye ubutare ngirakamaro mu butunzi, ni we afise uburenganzira bw'ukuronka imbere y'abandi uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi.

CHAPITRE II. DES TITRES MINIERS**IGICE CA II. IVYEREKEYE IMPUSHA Z'UKUGIRA UBUSHAKASHATSI N'UGUCUKURA UBUTARE****Section 1. Des dispositions communes****Agace ka 1. Ingingo rusangi****Paragraphe 1^{er}. Les conditions d'octroi du titre minier****Agahimba ka mbere. Ibisabwa mu kuronka uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare****Article 32 :**

Un titre minier est un droit accordé au titulaire en vue de lui permettre de se livrer aux activités de recherche ou d'exploitation minières dans un périmètre délimité et pour des substances spécifiées. Le titre minier emporte le droit de mener des activités de prospection dans son périmètre.

Ingingo ya 32:

Uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare ni uburenganzira buhabwa nyene rwo kugira rumufashe gukora ibikorwa vy'ukugira ubushakashatsi canke vy'ugucukura ubutare mu karere kerekanywe aho kagarukira no ku butare butomorwa. Uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare rutanga n'uburenganzira bw'ukurangura ibikorwa vy'ugutata ahari ubutare canke amakariyeri mu karere rwatangiwe.

Article 33 :

La demande de titre minier ou de son renouvellement est adressée par écrit au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la Direction générale de la géologie et des mines.

Ingingo ya 33:

Ugusaba uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare canke ugusaba ko uruhusha rwongererezwa ikiringo bica mu rwandiko rugirwa mw'ikopi zitanu rukarungikirwa Umushikiranganji, ikopi imwe ikaba igenewe Igisata kijejwe gucungera ubutare, iyindi na yo Ubuyozi bukuru bujewe ivyereye agataka n'ubutare.

Article 34 :

Le dossier est instruit par l'Agence qui donne rapport au Ministre endéans vingt jours ouvrables.

Ingingo ya 34:

Idosiye yigwa n'Igisata kijejwe gucungera ubutare ari na co gishikiriza icegeranyo Umushikiranganji mu kiringo c'iminsi mirongo ibiri y'akazi.

Les documents suivants sont annexés à la lettre de demande, dûment signée par la personne habilitée avec indication de la qualité du signataire :

Inzandiko zikurikira ni zo ziherekeza ikete ry'ugusaba uruhusha zigashirwako umukono n'umuntu abifitiye ububasha akerekana n'ico ajejwe:

1° Une copie certifiée conforme à l'original des statuts de la société ;

1° Ikopi y'amategeko ngenderwako y'ishirahamwe yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho ;

2° Le nom, l'adresse et l'identité du mandataire ;

2° Izina ry'ishirahamwe risaba uruhusha, aho ribarizwa n'ibiranga uwuriserukira ;

- 3° L'acte certifié authentique émanant de l'organe compétent en vertu des statuts désignant le mandataire ;
- 4° Le registre de commerce ;
- 5° Le numéro d'identification fiscale ;
- 6° L'attestation de non redevabilité fiscale ;
- 7° Les substances pour lesquelles le titre minier est demandé ;
- 8° La carte du périmètre demandé, à l'échelle 1/50.000, avec les coordonnées géographiques et le nombre de carrés miniers contigus, délivrée par le service du Cadastre minier ;
- 9° Le programme des travaux projetés avec un calendrier indicatif ainsi que le budget y relatif ;
- 10° Les justifications de capacités techniques telles l'expérience dans le domaine, le personnel à affecter au projet ;
- 11° Les justifications des capacités financières notamment les références bancaires, le bilan et le compte des résultats prévisionnel.
- 3° Urwandiko rwemejwe ko ari urwo ukuri rutangwa n'urwego rubifitiye ububasha hisunzwe amategeko ngenderwako y'ishirahamwe rugena uwuriserukira ;
- 4° Igitabu c'ubudandaji;
- 5° Inomero ndangamudandaza atanga ikori ;
- 6° Urwandiko rwemeza ko ata kori ishirahamwe riheranye ;
- 7° Ubwoko bw'ubutare busabirwa uruhusha ;
- 8° Ikarata yerekana akarere ishirahamwe risaba gutatamwo hamwe n'ibikaranga icapwe kuri 1/50.000, n'igitigiri c'amakwadarato y'ahacukurwa ubutare hafatanganye, itangwa n'lgisata kijejwe itororokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare ;
- 9° Indinganizo y'ibikorwa bitegekanijwe n'ikirangaminsi gitegekanywa kurangurwamwo ivyo bikorwa hamwe n'amafaranaga abitegekanirijwe ;
- 10° Inzandiko zerekana ubushobozi mu vyerekeye ubuhinga, nk'imyaka ishirahamwe rimaze rikora mu gisata c'ubutare n'ivyo ryaranguye, abakozi bazokora muri uwo mugambi ;
- 11° Inzandiko zerekana ubushobozi mu vyerekeye amafaranga nk'amafaranga abitswe mu mabanki uko angana, icegeranyo cerekana ivyo ishirahamwe ryaranguye hamwe n'icegeranyo cerekana ibikorwa bitegekanywa kurangurwa n'ibitegekanywa gushikwako.

Article 35 :

Sans préjudice des dispositions du Code minier, l'octroi ou le refus du titre minier doit intervenir au plus tard dans les quatre-vingt dix jours ouvrables à compter de la date de la réception de la demande par le Ministre.

Ingingo ya 35:

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, ugutanga canke ukwanka gutanga uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare bitegerezwa kugirwa mu kiringo kitarenza iminsi mirongo icenda y'akazi iharurwa kuva kw'igenekerezo Umushikiranganji yashikiririjweko idosiye y'ukurusaba.

La décision d'octroi ou de refus est publiée au Bulletin officiel du Burundi et sur le site du Ministère. Le titre minier est transmis au service du Cadastre minier pour enregistrement et conservation.

Article 36 :

Le démarrage des activités est subordonné à l'obligation d'effectuer une étude d'impact environnemental sanctionnée par la délivrance de l'attestation de conformité environnementale par le Ministère en charge de l'environnement.

Article 37 :

Seules les personnes morales, ayant pour objet social les activités industrielles ou commerciales, sont éligibles aux titres miniers. La personne morale doit garder la même dénomination et la même forme juridique pendant trois ans à dater de la délivrance du titre. Elle ne peut changer ni de dénomination sociale ni de forme juridique à l'occasion du renouvellement du titre.

Tout changement du siège social doit être communiqué au Ministre dans un délai n'excédant pas un mois.

Article 38 :

La procédure de changement de nom et de forme juridique de la société est soumise à l'approbation du Ministre qui prend décision après avis de l'Agence.

Ingingo y'ugutanga canke kwanka gutanga uruhusha iratangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi no ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranjanji bujejwe ubutare. uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare rurarungikwa mu Gisata kijejwe itororokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare kugira kirwandike mu bitabu vyaco congere kirushingure.

Ingingo ya 36 :

Ibikorwa vy'ukugira ubushakashatsi bitangura habanje kwerekanwa ko haja haramaze kugirwa ivyigwa vyerekana ingaruka ku bidukikije vyatangiwe urupapuro rwemeza ko ibikorwa birangurwa vyubahiriza ugukingira ibidukikije rutangwa n'Ubushikiranjanji bujejwe ibidukikije.

Ingingo ya 37 :

Amashirahamwe afise intumbero y'ugukora ibikorwa bijanye n'amahinguriro canke ubudandaji ni yo yonyene yemererwa koronka impusha z'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare. Ishirahamwe ritegerezwa kugumana izina ryaryo n'ingene rifatwa imbere y'amategeko ntibihinduke mu kiringo c'imyaka itatu giharurwa kuva rihawe uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare. Ntirishobora guhinduka izina ryaryo canke ngo rihindure ingene rifatwa imbere y'amategeko mu gihe c'ugusaba ko uruhusha ryahawe rwongererezwa ikiringo.

Igihe cose rihinduriye icicaro caryo ritegerezwa kubimenyesha Umushikiranjanjimu kiringo kitarenza ukwezi kumwe.

Ingingo ya 38 :

Uguhindura izina ry'ishirahamwe n'uko rifatwa imbere y'amategeko bitegerezwa kubanza kwemezwa n'Umushikiranjanji na we agafata ingingo Igisata kijejwe gucungera ubutarekibanje kugira ico kibivuzeko.

Paragraphe 2. Le transfert du titre minier**Agahimba ka 2. Uguha uwundi uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare****Article 39 :**

Toute cession, toute amodiation d'un titre minier est soumise à l'agrément préalable du Ministre en charge des mines par voie d'ordonnance, après délibération en Conseil des Ministres. Cette décision est publiée au Bulletin officiel du Burundi et sur le site du Ministère. La décision est transmise au service du Cadastre minier pour enregistrement et conservation.

Ingingo ya 39 :

Igikorwa cose c'uguha uwundi uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare, ic'ukurukotesha gitegerezwa kubanza kwemezwa n'Umushikiranganji ajejwe ubutare biciye mw'itegeko nshikiranganji, Inama nshikiranganji imaze kuvyihweza. Iyo ngingo iratangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi no ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranganji. Iyo ngingo irarungikwa Igisata kijejwe itorokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare kugira kiyandike mu bitabu vyaco congere kiyishingure.

Article 40 :

La demande de cession est adressée par écrit au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la Direction générale de la géologie et des mines.

Ingingo ya 40 :

Ugusaba guha uwundi uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare bica mu rwandiko rugirwa mw'ikopi zitatu rukarungikwa Umushikiranganji, ikopi imwe ikaba igenewe Igisata kijejwe gucungera ubutare, iyindi na yo Ubuyobozi bukuru bujewe ivyerekeye agataka n'ubutare.

Article 41 :

Les éléments du dossier à annexer à la lettre de demande comprennent notamment :

Ingingo ya 41:

Ibishirwa mw'idosiye biherekeza ikete ry'ukubisaba bigizwe canecane n'ibi bikurikira:

1° L'identité et l'adresse du cessionnaire ;

1° Ibiranga uwuhabwa uruhusha n'uwundi n'aho abarizwa;

2° Les références du titre minier dont la cession est sollicitée ;

2° Inomero z'uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare rusabirwa guhabwa uwundi;

3° La nature partielle ou entière de la cession ;

3° Ko hatangwa igice c'akarere canke akarere kwose kerekewe n'uruhusha ruhabwa uwundi ;

4° En cas de cession partielle, les coordonnées géographiques des sommets du périmètre qui fait l'objet de la cession ainsi que le nombre de carrés y compris ;

4° Mu gihe hatangwa igice c'akarere katangiwe uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare, ibipimo vyo kw'ikarata vyerekana ahari imfuruka z'igice c'akarere gihabwa uwundi hamwe n'igitigiri c'amakwadarato y'ahacukurwa ubutare arimwo;

5° L'identité des sociétés affiliées du cessionnaire ;

5° Ibiranga amashirahamwe akorana n'uwuhabwa uruhusha;

- 6° Le nombre de permis de recherche détenus par le cessionnaire et ses sociétés affiliées ;
- 6° Igitigiri c'impusha z'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare ishirahamwe rihabwa uruhusha hamwe n'amashirahamwe bikorana afise;
- 7° L'engagement du cessionnaire à assumer toutes les obligations du titulaire vis-à-vis de l'État découlant du titre minier concerné ;
- 7° Urwandiko rwerekana ko ishirahamwe rihabwa uruhusha riyemeza kwubahiriza ivyo nyene rwo yari ategerejwe imbere ya Reta bikomoka ku ruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare rutangwa;
- 8° Une description avec justifications de chaque modification éventuelle que le cessionnaire propose d'effectuer dans les études ou plans soumis initialement par le titulaire.
- 8° Indondoro y'icohindurwa cose mu vyigwa canke mu mapura vyatanzwe na nyene uruhusha hamwe n'imvo zibituma uwuhabwa uruhusha yipfuza kugira.

Article 42 :

Le dossier est instruit par l'Agence qui donne rapport au Ministre endéans dix jours ouvrables. Outre les éléments du dossier, l'Agence vérifie la conformité du périmètre cédé et retenu, l'éligibilité du cessionnaire à détenir un titre minier ainsi que le paiement du droit de cession par le cédant à l'Office burundais des recettes.

Le Ministre dispose de cinquante jours ouvrables pour prendre sa décision, à défaut la cession est considérée comme acceptée.

Article 43 :

La demande d'amodiation est adressée par écrit au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la Direction générale de la géologie et des mines.

Article 44 :

Les éléments du dossier à annexer à la lettre de demande comprennent tout renseignement utile et notamment :

- 1° Les identités et les adresses de l'amodiataire ;

Ingingo ya 42:

Idosiye yigwa n'lgisata kijejwe gucungera ubutarekigaca gishikiriza icegeranyo Umushikiranangaji mu kiringo c'iminsi icumi y'akazi. Uretse ibiri mw'idosiye, lgisata kirasuzuma ko akarere kemejwe guhabwa uwundi gahuye n'akavugwa mw'idosiye, ko uwuhabwa uruhusha ashobora kuruhabwa hamwe n'uko yarishe amafaranga bisaba mu Kigo ca Reta kijejwe gutoza amakori n'amatagisi.

Umushikiranangaji afise ikiringo c'iminsi mirongo itanu y'akazi kugira afate ingingo, atayifashe muri ico kiringo, bifatwa ko yemeye ko uruhusha ruhabwa uwundi.

Ingingo ya 43:

Ugusaba gukotesha uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare bica mu rwandiko rugirwa mw'ikopi zitanu rukarungikirwa Umushikiranangaji, ikopi imwe ikaba igenewe lgisata kijejwe gucungera ubutare, iyindi na yo Ubuyobozi bukuru bujewe ivyerekeye agataka n'ubutare.

I

ningo ya 44:

Ibija mw'idosiye biherekeza ikete ry'ugusaba biba birimwo igikeneye kumenyeshwa cose na canecane:

- 1° Ibiranga uwukota uruhusha n'aho abarizwa;

- 2° Les références du titre minier qui fait l'objet de l'amodiation ;
- 3° Les sociétés affiliées de l'amodiataire ;
- 4° Les droits de même nature détenus par l'amodiataire et ses sociétés affiliées ;
- 5° Une copie certifiée conforme du contrat d'amodiation.

L'Agence vérifie outre ces éléments l'éligibilité de l'amodiataire à détenir le titre minier et la conformité du contrat avec les autres dispositions légales et réglementaires.

Article 45 :

La redevance ou tout autre mode de rémunération de l'amodiant emporte l'obligation de payer les droits y afférents auprès de l'Office burundais des recettes. Le redevable est l'amodiataire.

Article 46 :

Le dossier est instruit par l'Agence qui donne rapport au Ministre endéans dix jours ouvrables.

Le Ministre dispose de cinquante jours ouvrables pour prendre la décision, à défaut, l'amodiation est considérée comme acceptée.

Article 47 :

Tout transfert, toute transmission de droits ou d'obligations, même temporaire, à l'exception des contrats de sous-traitance, ayant pour effet de confier, même partiellement, à un tiers l'usage ou le bénéfice de droits ou la charge d'obligations résultant d'un titre minier doit être agréé par le Ministre selon les mêmes conditions de fond et de forme que celles prévues pour la cession.

- 2° Inomero z'uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare rukoteshwa;
- 3° Amashirahamwe akorana n'uwukota uruhusha;
- 4° Impusha nk'izo uwukota n'amashirahamwe bakorana bafise;
- 5° Ikopi y'amasezerano y'ugukota uruhusha yemejwe kw'isa n'iy'imvaho.

Igisata kijejwe gucungera ubutarekirasuzuma, uretse ivyo bidodanguwe, ko uwukota ashobora kuronswa uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare hamwe n'uko amasezerano y'ugukota yisunga izindi ngingo z'amabwirizwa n'amategeko bijanye.

Ingingo ya 45:

Amafaranga ategerezwa kuja ararihwa canke ubundi buryo bwose uwakotesheje uruhusha yahora arihira ivyo ategerejwe bitegerezwa kurihirwa amakori bijanye mu Kigo ca Reta kijejwe gutoza amakori n'amatagisi. Uwutegerezwa kuriha n'uwakose uruhusha.

Ingingo ya 46:

Idosiye yigwa n'lgisata kijejwe gucungera ubutarekigaca giha icegeranyo Umushikiranangji mu kiringo c'iminsi icumi y'akazi.

Umushikiranangji afise ikiringo c'iminsi mirongo itanu y'akazi kugira afate ingingo, atayifashe muri ico kiringo bifatwa ko yemeye ko uruhusha rukoteshwa.

Ingingo ya 47:

Igikorwa cose c'uguha uwundi uburenganzira canke ibitegerejwe, ico ukubihanahana, naho vyoba ari ivy'igihe gito, kiretse amasezerano y'ugushinga uwundi muntu ibikorwa bimwebimwe, gifise intumbero yo guha uwundi muntu, naho hoba ari igice cavyo, gukoresha canke kwitirirwa uburenganzira canke kumushinga ibitegerejwe bituruka ku ruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare, gitegerezwa kwemezwa n'Umushikiranangji hisunzwe ibisabwa bimwe n'ibitegekanijwe mu guha uwundi uruhusha.

Paragraphe 3. La modification du capital

Article 48 :

Le dossier de demande d'agrément de la modification du capital, son instruction et son agrément a lieu dans les mêmes formes et délais que ceux prévus aux articles 40 à 46.

La violation des dispositions de l'article 31 du Code minier en ce qui concerne la modification du capital social de la société d'exploitation minière vaut renonciation au permis d'exploitation.

Article 49 :

La cession d'une partie ou de la totalité du capital de la société minière est soumise au paiement par le cédant d'un droit de cession conformément au Code général des impôts et taxes. Le redevable de ce droit de cession est le cessionnaire.

Article 50 :

En cas de cession ou d'amodiation, la comptabilisation des opérations financières a lieu selon le principe posé à l'article 33 du Code minier.

Article 51 :

Toute modification affectant un élément essentiel d'un titre minier, tel que la durée, les substances concernées, la délimitation du périmètre ou le contenu des clauses essentielles de la Convention minière s'il s'agit d'un permis d'exploitation, est soumise à la même procédure que celle prévalant pour la délivrance du titre initial.

Agahimba ka 3. Uguhindura umutahe w'ishirahamwe

Ingingo ya 48:

Idosiye y'ugusaba kwemererwa guhindura umutahe w'ishirahamwe, ingene yihwezwa n'ingene yemererwa bigirwa hubahirijwe ibisanzwe bikurikizwa hamwe n'ibiringo bitegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 40 gushika ku ya 46.

Ukurenga ku bitegekanijwe mu ngingo ya 31 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare mu vyerekeye uguhindura umutahe w'ishirahamwe ricukura ubutare bisigura ko ishirahamwe rihevyeye uruhusha rw'ugucukura ubutare.

Ingingo ya 49:

Uguha uwundi igice c'umutahe canke umutahe wose w'ishirahamwe ricukura ubutare bitegerezwa gutangirwa amafaranga n'uwutanze uwo mutaha hisunzwe Igitabu c'amategeko agenga amakori n'amatagisi. Uwuhawe umutahe ni we ariha ikori rijanye n'iryo tangwa ry'umutahe.

Ingingo ya 50:

Mu gihe umutahe uhawe uwundi canke uburenganzira bwo gucukura ubutare bukoteshejwe, iharurwa ry'amafaranga yakoreshejwe riba hisunzwe ingingo ya 33 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare.

Ingingo ya 51:

Uguhindura uko ari kwo kwose ikintu nyamukuru kiri mu rwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri, nk'ikiringo, ubutare vyerekeye canke kwerekana aho akarere gacukurwamwo ubutare kagarukira, canke uguhindura ibiri mu ngingo nyamukuru zo mu masezerano yerekeye ubutare iyo ari uruhusha rw'ugucukura ubutare, bitegerezwa kwisunga ibisanzwe bikurikizwa mu gutanga impusha ku butare.

Paragraphe 5. La déchéance du titre minier

Article 52 :

Le titulaire d'un titre minier n'envisageant pas de demander le renouvellement de son titre ou si le renouvellement n'est plus permis par la loi doit trois mois avant l'expiration du terme :

- 1° En informer le Ministre en réservant une copie à l'Agence et à la Direction générale de la géologie et des mines ;
- 2° Présenter un plan de fermeture conforme aux obligations légales et contractuelles ;
- 3° Remettre un rapport technique et financier audité qui doit être validé dans les mêmes conditions que les autres rapports, endéans deux mois ;
- 4° Transmettre à l'Administration des mines toute la documentation relative aux travaux effectués ainsi que tous les échantillons témoins récoltés.

L'Agence lui remet un quitus partiel ou total endéans deux mois au plus tard.

Article 53 :

L'expiration d'un titre minier par renonciation du titulaire se fait dans les mêmes conditions que lors de la survenance du terme.

Agahimba ka 5. Ugutakaza uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri

Ingingo ya 52:

Nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri adategekanya gusaba ko urwandiko rwiwe rwongererezwa ikiringo canke iyo ukwongererezwa ikiringo bitacemewe n'amategeko ategerezwa gukora ibibikurikira mu mezi atatu imbere yuko ikiringo kirangira:

- 1° Kubimenyesha Umushikiranganji agaha ikopi Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare n'Ubuyobozi bukuru bujewe ubutare n'agataka;
- 2° Gushikiriza indinganizo y'uguhagarika burundu ibikorwa vy'ahacukurwa ubutare hubahirijwe ivyo ategerejwe n'amategeko hamwe n'amasezerano;
- 3° Gushikiriza icegeranyo cerekeye ubuhinga n'amafaranga casuzumwe n'abagenduzi kigategerezwa kwemezwa hisunzwe ibisabwa mu bindi vyegeranyo, mu kiringo c'amezi abiri;
- 4° Kurungikira Ubushikiranganji bujewe ubutare Inzandiko zerekeye ibikorwa vyakozwe hamwe n'ubutare bukeyi bufatirwako akarorero.

Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare kiramushikiriza icemeza ko yabitunganiye nk'uko bitegerezwa vyose canke bimwebimwe mu kiringo kitarenza amezi abiri.

Ingingo ya 53:

Ikiringo urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri mu gihe nyene urwandiko aruhevyeye kirangira hubahirijwe ibisabwa bimwe nk'iyi ikiringo kirangiye.

Article 54 :

En cas de manquement aux obligations légales ou contractuelles, une mise en demeure est adressée au titulaire du titre minier avant le déclenchement de la procédure de révocation conformément à l'article 55 ci-après.

Article 55 :

L'Agence dresse semestriellement l'état des lieux des obligations légales et contractuelles du titulaire de chaque titre minier et dresse un rapport circonstancié.

Lorsque l'Agence constate un manquement à quelque niveau que ce soit, il adresse un rappel au défaillant, avec copie au Ministre. Le défaillant dispose de trois mois pour régulariser la situation, à défaut de quoi l'Agence constate que le titre minier est révocable et transmet le dossier au Ministre pour disposition et compétence.

Section 2. Du Permis de Recherche**Paragraphe 1^{er}. Le droit de faire des recherches****Article 56 :**

Le droit de faire des recherches de substances minérales ne peut être acquis qu'en vertu d'un permis de recherche. Nul ne peut détenir plus de deux permis de recherche à la fois.

Article 57 :

En cas de découverte de substances autres que celles pour lesquelles le permis de recherche a été accordé, le titulaire est tenu de le notifier et de faire une demande d'extension aux nouvelles substances.

Ingingo ya 54:

Mu gihe nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri arenze ku vyo ategerejwe n'amategeko canke amasezerano, ararungikirwa urwandiko rw'ukumugabisha imbere yuko hatangura ivyerekeye ugufuta urwandiko hubahirijwe ingingo ya 55 ikurikira.

Ingingo ya 55:

Igisata kijewe gucungera ivyerekeye ubutare kirerekana uko amezi atandatu aheze ivyo nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri ategerejwe biri mu mategeko no mu masezerano vyifashe kigaca kigira icegeranyo bijanye.

Mu gihe Igisata gisanze hari ikosa ryakozwe ku rugero urwo ari rwo rwose, kirakebura uwakoze ikosa biciye mu rwandiko, kikarungikira ikopi Umushikiranganji. Uwakoze ikosa afise amezi atatu kugira asubize ibintu mu buryo, bitagenze uko Igisata gica gifata ko urwandiko rutanga uburenganzira rushobora gufutwa kikarungikira idosiye Umushikiranganji kugira afate ingingo.

Agace ka 2. Uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi**Agahimba ka mbere. Uburenganzira bwo kugira ubushakashatsi****Ingingo ya 56:**

Uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi bw'ubutare canke amakariyeri butangwa ari uko nyene kugira ubushakashatsi afise uruhusha. Nta n'umwe ashobora kugira impusha zo kugira ubushakashatsi zirenga zibiri.

Ingingo ya 57:

Mu gihe yubuye ubutare atari ubwo afitiye uruhusha, nyene uruhusha ategerezwa kubimenyesha no gusaba ko agira uburenganzira bwo kwongera ubutare bushasha yubuye ku bwo yari afitiye uruhusha.

La demande d'extension, contenant notamment les informations précises sur la nouvelle substance, le programme de recherche et le budget y afférents, est adressée par écrit au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la Direction générale de la géologie et des mines.

Article 58 :

En cas de recherche fructueuse suivie d'une demande de permis d'exploitation par le titulaire du permis de recherche, le titulaire du permis d'exploitation de carrière a droit à une indemnité d'éviction à la charge du nouveau titulaire du titre minier.

L'indemnité est calculée à l'amiable et à défaut l'Agence tranche en dernier ressort.

Paragraphe 2. La délivrance du permis de recherche

Article 59 :

En cas de pluralité des demandeurs des permis de recherche, les demandes de permis de recherche sont inscrites dans l'ordre chronologique de leur dépôt par l'Agence, indiquant la date, l'heure à la minute près contre accusé de réception précisant ces détails. L'Agence publie, sur le site Internet du Ministère, les demandes avec les mêmes précisions.

Article 60 :

Le début effectif des travaux de terrain doit intervenir dans les six mois à compter de la date de publication du décret d'octroi du permis de recherche.

Idosiye y'ugusaba kwongera ubutare bushasha ku bwo yari afitiye uruhusha ishirwamwo nk'ibimenyeshwa bitomoye vyerekeye ubwo butare bushasha, indinganizo yo kubukorako ubushakashatsi n'amafaranga bitwara igashikirizwa Umushikiranganji biciye mw'ikete, mw'ikopi zitatu, ikopi imwe igahabwa Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare, iyindi igahabwa Ubuyobozi bukuru bujewe ubutare n'agataka.

Ingingo ya 58:

Mu gihe ubushakashatsi bwatoye ubutare bwinshi bigatuma uwahawe urusha rw'ukugira ubushakashatsi asaba uruhusha rw'ugucukura ubwo butare, uwahora afise uruhusha rw'ugucukura ikariyeri arafise uburenganzira bw'uguhabwa indishi yuko yakuwe aho yakorera itangwa n'uwo ahawe urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri mushasha.

Iyo ndishi iharurwa biciye mu mwumvikano, bitagenze uko na ho Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare ni co gifata ingingo ubwa nyuma.

Agahimba ka 2. Itangwa ry'uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi

Ingingo ya 59:

Mu gihe amadosiye y'ugusaba impusha z'ukugira ubushakashatsi abaye menshi, yandikwa mu gitabu hisunzwe urutonde rw'ingene yagiye arakurikirana mu gushikirizwa Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare, hakerekanwa igenekerezo, isaha n'iminota yashikiririjweko, hagatangwa icemeza ko yakiriwe kiriko ido n'ido ry'ibiyerekeye. Igisata gica gitangaza ku rubuga ngurukanabumenyi rw'Ubushikiranganji amadosiye yose hamwe n'ido n'ido ry'ibiyerekeye.

Ingingo ya 60:

Ibikorwa nyezina vy'ukugira ubushakashatsi bitangura mu mezi atandatu aharurwa kuva kw'igenekerezo itegeko ry'Umukuru w'igihugu ritanga uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi ritangarijweko.

Article 61 :

Dès l'obtention du permis de recherche et avant le démarrage effectif des travaux, le titulaire est tenu de :

- 1° Compléter son programme des travaux suite à un rapport géologique préliminaire élaboré par le demandeur, à l'issue de l'analyse des données existantes et d'une visite de terrain guidée par la direction de la géologie ;
- 2° Effectuer une étude d'impact environnemental avec obligation de présenter au Ministre en charge des mines l'attestation de conformité environnementale délivrée par les services du Ministère en charge de l'environnement.

Article 62 :

Le permis de recherche porte sur un périmètre déterminé, en forme de polygone, composé au maximum de 15.000 carrés miniers contigus soit 150 km² sous réserve des frontières du territoire national en tenant compte des zones réglementées.

Article 63 :

Les périmètres sont identifiés par les carrés qui les composent. Les carrés sont identifiés par leurs coordonnées géographiques, WGS 84, sur la surface de la terre ou par les codes que leur assigne le service du Cadastre minier. Le territoire national est divisé en carrés dont les côtés sont orientés Nord-Sud et Est-Ouest suivant un quadrillage cadastral.

Ingingo ya 61:

Kuva aronse uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'imbere y'ugutangura ibikorwa nyezina, nyene uruhusha ategerezwa:

- 1° Kwuzuzwa indinganizo y'ibikorwa yisunze icegeranyo c'intangamarara cerekeye agataka gitunganywa na nyene gusaba uruhusha, hamaze kwihwezwa ivyatororokanijwe bihasanzwe kandi bishikiye ahakorerwa ibikorwa vy'ukugira ubushakashatsi bitunganywa n'ubuyobozi bujewe agataka;
- 2° Kugira ivyigwa vy'ingaruka ku bidukikije n'ugutegerezwa gushikiriza Umushikiranganji ajejwe ubutare urwandiko rwemeza ko ibikorwa vy'ugucukura ubutare vyisunga ikingirwa ry'ibidukikije rutangwa n'ibisata vy'Ubushikiranganji bujewe ibidukikije.

Ingingo ya 62:

Uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi rwerekeye akarere kanaka, gafise imfuruka z'imeru iyo ari yo yose, kakaba katarenza udukwadato dufatanye 15.000 ducukurwamwo ubutare turi ku birometero kwadarato 150 hubahirijwe imbibe z'agataka k'igihugu hakisungwa uturere dufise amategeko atugenga.

Ingingo ya 63:

Uturere ducukurwamwo ubutare tumenyekanira ku dukwadato tugize utwo turere. Udukwadato na two tumenyekanira ku biharuro ndondakarere, ku vyitwa WGS 84, hejuru kw'isi canke ku bimenyetso bipfintitse bitangwa n'Igisata c'itororokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare. Agataka k'igihugu kagabuwe mu dukwadato impande zatwo zikerekerwa mu Buraruko no mu Bumanuko hamwe no mu Buseruko no mu Burengeru hisunzwe uko igicapo cerekana ahimbwa ubutare hameze.

La situation géographique de chaque carré sur la surface de la terre est fixée sur la carte de retombes minières par le service du Cadastre minier. En cas de différence entre la localisation des carrés sur le terrain et sur la carte, les coordonnées de la carte prévalent.

Le droit minier ou de carrière porte sur les substances minérales se trouvant à l'intérieur de la pyramide inversée dont la base est le périmètre ainsi délimité et dont le sommet se trouve au centre de la terre.

Article 64 :

Les cartes de retombes minières sont réalisées sur support papier ou digital. Elles sont établies suivant les cas par le service du Cadastre minier à l'échelle la plus précise possible.

Le service du Cadastre minier tient à jour les cartes des retombes minières sur l'ensemble du territoire national où il effectue les reports des périmètres des titres miniers, de carrières, des autorisations des comptoirs d'achat, des unités de transformations et des douanes conformément à la loi.

Article 65 :

Le permis de recherche a une validité initiale de trois ans à compter de la date de sa délivrance. Il est renouvelable, deux fois pour une période de deux ans chacune, à la condition que le titulaire ait rempli ses obligations contractuelles et légales.

Aho agakwadrato kamwekamwe gaherera hejuru kw'isi herekanwa kw'ikarata yerekana ahagwiriye ubutare n'igisata c'itororokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare. Mu gihe habonetse itandukaniro hagati y'aho udukwadrato duherereye kw'isi n'aho duherereye kw'ikarata, ibiharuro vyo kw'ikarata ni vyo vyemerwa.

Uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri rwerekeye ubutare buri imbere mu musozi umeze nk'ipiramide yubitse aho yicarira hakaba ari inkikuro isonga na ryo rikaba hagati na hagati kw'isi.

Ingingo ya 64:

Amakarata yerekana ahagwiriye ubutare atunganywa ku rupapuro canke mu mashini nyabwonko. Ayo makarata atunganywa hisunzwe uko angana n'igisata itororokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare ku rugero rutomoye rushoboka.

Igisata kijejwe gupima amatongo arimwo ubutare cama gishira ku gihe amakarata yerekana ahari ubutare ku rugero rw'igihugu cose aho cama cungururiza ku kandi karere inzandiko zitanga uburenganzira ku butare, ku makariyeri, ku mpusha z'ukudandaza ubutare, ku mahinguriro y'ubutare no ku maduwane hisunzwe amategeko.

Ingingo ya 65:

Uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi rufise ikiringo ca mbere c'imyaka itatu iharurwa kuva igenekerezo rutangiweko. Rurashobora kwongererezwa ikiringo incuro zibiri ku kiringo kimwekimwe c'imyaka ibiri, ariko nyene uruhusha akaba yarakwije ivyo ategerejwe biri mu masezerano no mu mategeko.

Paragraphe 3. Les rapports périodiques au Ministre

Article 66 :

Le titulaire du permis de recherche est tenu de faire un rapport trimestriel sur l'état d'avancement des travaux de recherche.

Le titulaire est soumis également à l'obligation d'élaborer annuellement un rapport technique et un rapport financier audité.

Article 67 :

Le titulaire du permis de recherche est tenu de déposer, trois mois avant la fin de la validité du permis de recherche, un rapport de synthèse technique et un rapport financier audité.

Chaque rapport est adressé par écrit au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la Direction générale de la géologie et des mines.

Article 68 :

Le dépôt du rapport est enregistré par l'Agence qui indique la date, l'heure à la minute près contre accusé de réception précisant ces détails. L'Agence publie sur le site Internet du Ministère tous les dépôts de rapport avec les mêmes précisions.

Article 69:

Les rapports sont instruits par la Direction générale de la géologie et des mines qui donne son avis au Ministre endéans trente jours ouvrables.

Article 70 :

Le Ministre dispose d'un délai de deux mois pour entériner le rapport. Passé ce délai, il est considéré comme accepté et vaut ce que de droit.

Agahimba ka 3. Ivyegeranyo buri igihe bishikirizwa umushikiranjanji

Ingingo ya 66:

Nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi ategerezwa kugira icegeranyo uko amezi atatu aheze kijanye n'aho ibikorwa vy'ukugira ubushakashatsi bigeze.

Ategerezwa kandi gutunganya uko umwaka utashe icegeranyo cerekeye ubuhinga n'icegeranyo cerekeye amafaranga c'ishirahamwe ryagiriwe isuzuma.

Ingingo ya 67:

Nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi ategerezwa gutanga, amezi atatu imbere yuko uruhusha rurangira, icegeranyo cerekeye ubuhinga n'icegeranyo cerekeye amafaranga.

Icegeranyo cose kirungikirwa, biciye mw'ikete, umushikiranjanji mu makopi atatu, ikopi imwe igahabwa igisata kijejwe gucungera ingene ivyerekeye ubutare iyindi igahabwa ubuyobozi bukuru bujewe ubutare n'agataka.

Ingingo ya 68:

Itangwa ry'icegeranyo bica vyandikwa n'igisata kijejwe gucungera ubutarehakerekanwa igenekerezo, isaha harimwo n'icerekena ko ico cegeranyo catanzwe n'ivyankenerwa vyose. Igisata kiratangaza ku rubuga ngurukanabumenyi rw'ubushikiranjanji ivyegeranyo vyose vyatanzwe harimwo ivyasabwe vyose.

Ingingo ya 69:

Ivyegeranyo birihwezwa n'ubuyobozi bukuru bw'ubutare n'agataka bugashikiriza ico bubivuzeko Umushikiranjanji mu minsi mirongo itatu y'akazi.

Ingingo ya 70:

Umushikiranjanji afise ikiringo c'amezi atarenga abiri kugira yemeze icegeranyo. Ico kiringo kirenze, bica bifatwa ko vyemewe bigaca bikorehwa ivyo bigenewe.

Paragraphe 4. Le renouvellement du permis de recherche

Article 71 :

A la demande du titulaire d'un permis de recherche, le renouvellement du permis est accordé sous réserve du dépôt du rapport de synthèse technique et du rapport financier audité, dans les mêmes formes que celles prévalant pour la demande de permis initial.

Le décret de renouvellement est publié au Bulletin officiel du Burundi et sur le site Internet du Ministère. Le décret est transmis au service du Cadastre minier pour enregistrement et pour conservation.

Article 72 :

Un décret de renouvellement du titre minier intervient dans un délai ne dépassant pas trois mois en réponse à la demande.

Les permis de recherche arrivés à expiration avant que le décret de renouvellement n'intervienne sur une demande déposée conformément à l'article 43 du Code minier est automatiquement prorogé jusqu'à ce qu'il ait été statué sur ladite demande. L'autorité est ainsi tenue d'accorder le renouvellement du permis.

Paragraphe 5. Les droits et les obligations du titulaire du permis de recherche

Article 73 :

Pendant toute sa durée de validité, le permis de recherche confère, dans les limites de son périmètre et à l'intérieur du pyramide tel qu'il est défini à l'article 62, un droit exclusif de prospection et de recherche des substances pour lesquelles il est délivré.

Agahimba ka 4. Ukwongerereza ikiringo uruhusha rwo gukora ubushakashatsi.

Ingingo ya 71 :

Bisabwe na nyene uruhusha rwo kugira ubushakashatsi, ukwongerereza ikiringo uruhusha rwo gukora ubushakashatsi, ikiringo kirongerezwa hatanzwe icegeranyo kimwo mu ncamake ivyerekeye ubuhinga n'icegeranyo c'ingene ikigega cifashe, mu buryo bumwe nko mu vyerekeye uruhusha rwa mbere.

Itegeko ry'umukuru w'Igihugu ryongerereza ikiringo riratangazwa mu kinyamakuru ca Reta c'ibitegekwa mu Burundi no ku rubuga ngurukanabumenyi rw'ubushikiranganji. Itegeko rirungikwa mu gisata kijejwe gutunganya ubutare kugira ryandikwe kandi ribikwe.

Ingingo ya 72:

Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ryongera ikiringo c'urwandiko rutanga uburenganzira ku butare rishingwa mu kiringo kitarenze amezi atatu ku vyasabwe.

Impusha zo gukora ubushakashatsi zitaye igihe imbere y'uko Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ryo kwongerereza ikiringo rishirwaho hisunzwe urwandiko rwashikirijwe hisunzwe ingingo ya 43 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare zirongererezwa ikiringo gushika hafashwe ingingo ku vyasabwe umutegetsi ategerezwa kwongerereza ikiringo c'uruhusha.

Agahimba ka 5. uburenganzira bwa nyene uruhusha rwogukora ubushakashatsi n'ivyo ategerejwe

Ingingo ya 73:

Igihe cose rutarata igihe, uruhusha rwo kugira ubushakashatsi ruha, mu karere rwatangiwe canke mu kibanza c'ipiramide yubitse nkuko isigurwa mu ingingo ya 62, uburenganzira bwiharijwe bwo gutata no kugira ubushakashatsi ku butare rwatangiwe.

Article 74 :

L'enregistrement du permis de recherche est matérialisé par un document dénommé « Certificat de recherche » délivré au titulaire par le service du Cadastre minier.

Article 75 :

Lorsque les résultats de recherche aboutissent à l'existence d'un gisement, le titulaire du permis de recherche a droit, s'il le demande, au permis d'exploitation conformément à la législation en vigueur.

Article 76 :

Le titulaire d'un permis de recherche est autorisé à prélever des échantillons des substances minérales dans son périmètre pour des analyses ou des essais dans le laboratoire ou dans l'usine de son choix au Burundi.

Sans préjudice de la législation douanière, si le titulaire désire exceptionnellement envoyer les échantillons prélevés à l'étranger pour des analyses ou des essais, il doit préalablement déposer une description desdits échantillons reprenant leur nombre, volume et poids auprès de la Direction de la géologie et obtenir le visa de ce service sur une copie de la description, qui vaut laisser passer pour ces échantillons.

En aucun cas, ces travaux d'échantillonnage ne doivent se transformer en travaux d'exploitation commerciale.

Article 77 :

Le titulaire d'un permis de recherche est tenu de commencer les travaux dans les délais prescrits par le permis de recherche sans dépasser six mois. Les travaux doivent être poursuivis avec diligence et sans interruption. Toute interruption dépassant trois mois consécutifs est soumise à l'autorisation du Ministre.

Ingingo ya 74:

Ukwandikisha uruhusha rwo kugira ubushakashatsi vyerekanwa n'urwandiko rwiswe"iseredifika y'ubushakashatsi" ihabwa nyenerwo n'igisata kijejwe itororokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare.

Ingingo ya 75:

Mu gihe ivyavuye mu bushakashatsi vyerekanye ko ari agataka karimwo ubutare, nyene uruhusha rwo kugira ubushakashatsi, arafise uburenganzira, abisavye, bwo gucukura ubutare hisunzwe amategeko y'Uburundi ahasanzwe.

Ingingo ya 76:

Nyene uruhusha rwo gukora ubushakashatsi ararekuriwe kurondera ibigize ubutare bifatirwako mu gataka yahawe kugira yihweze canke agire ubushakashatsi mw'isuzumiro canke mw'ihinguriro we nyene yihitiyemwo mu Burundi.

Hatirengagijwe amategeko ya duwane, iyo nyene uruhusha yipfuzza kurungika bikeyi bigize ubutare vyafatiweko mu bindi bihugu kugira vyihwezwe canke bigeragezwe, ategerezwa gushikiriza umwidondoro w'ivyafatiweko akerekana n'igitigiri n'uburemere bwavyo ku Buyobozi bw'agataka akanaronka n'ikimenyetso kivuye muri ico gisata kw'ikopi y'umwidondoro gituma bishika iyo bitegekanijwe.

Nta na rimwe ivyo bikorwa vy'ugutora bikeyi bigize ubutare bifatirwako bishobora gutuma haba urudandazwa.

Ingingo ya 77:

Nyene uruhusha rwo gukora ubushakashatsi ategerezwa gutangura ibikorwa mu misi itegekenijwe n'uruhusha rwo kugira ubushakashatsi kandi ntikirenze na rimwe amezi atandatu. Ibikorwa bitegerezwa kubandanya vyihuta ata guhagarika. Ihagarikwa ryose rirenza amezi atatu akwirikirana, ritegerezwa gutangirwa uruhusha n'Umushikiranganji.

Article 78 :

Le démarrage ou la clôture des grandes étapes de recherche minière doivent faire l'objet d'une déclaration au Ministre qui délègue à cet effet un agent chargé de faciliter et de superviser ces activités .

Article 79 :

Lorsque les travaux de recherche aboutissent à des résultats positifs de l'existence d'un gisement, le titulaire d'un permis de recherche est tenu de procéder à la délimitation qualitative et quantitative de ce gisement en distinguant notamment les réserves prouvées, probables et possibles et d'effectuer une étude de faisabilité en vue d'en apprécier l'exploitabilité.

Les zones ainsi délimitées sont interdites à l'exploitation artisanale des mines et des carrières.

Article 80 :

Avant la fin de la dernière validité de son permis et en cas de découverte d'un gisement, pour exercer son droit à l'obtention d'un permis d'exploitation, le titulaire du permis de recherche est tenu d'en formuler la demande en présentant un dossier contenant notamment une étude de faisabilité complète comprenant, notamment des études technique et financière, une étude d'impact socio-économique et une étude d'impact environnemental.

L'étude doit être analysée et validée par l'Agence dans un délai ne dépassant pas six mois. A défaut, l'étude est considérée comme approuvée.

Article 81 :

Le titulaire du permis de recherche est tenu de mettre à la disposition des agents de l'Administration des mines les moyens nécessaires pour l'accès et le parcours des chantiers de recherche dès leur arrivée dans le périmètre.

Ingingo ya 78:

Ugutangura canke ugusozera intambwe z'ubushakashatsi bw'ubutare bitegerezwa kumenyeshwa Umushikiranangiji nawe agacaarungika uwumuserukira ajejwe ibijanye n'ukorohera n'ugukwirikiranira hafi ibikorwa.

Ingingo ya 79:

Mu gihe ibikorwa vyo gukora ubushakashatsi bishitse ku vyerekana ko hashobora kuba hari ibigize ubutare, nyene uruhusha rwo gukora ubushakashatsi ategerezwa kwerekana igitigiri n'akamere k'ivyo bigize ubutare agatandukanya ubutare vyemejwe ko buhari, ubwoba buhari n'ubushobora kuba buhari akanakora n'ivyigwa vyerekeye ko bishoboka ko ubutare bucururwa.

Mu turere twerekanywe birabujijwe ko hacukurwabutare n'ikariyeri hakoreshejwe uburyo bubayabaye.

Ingingo ya 80:

Imbere yuko uruhusha rurangiza ikiringo carwo ca nyuma no mu gihe yubuye ubutare ngirakamaro kugira akoreshe uburenganzira afise bwo kuronka uruhusha rwo gucukura ubutare, nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi ategerezwa kubisaba atanze idosiye irimwo nk'ivyigwa vy'ugupima ko ugucukura ubutare bishoboka, igizwe n'ivyigwa bijanye n'ubuhinga n'amafaranga, ivyigwa bijanye n'ingaruka ku mibano n'ubutunzi hamwe n'ivyigwa vy'ingaruka ku bidukikije.

Ivyigwa bitegerezwa kwihwezwa kandi bikemezwa n'Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutaremu kiringo kitarenze amezi atandatu. Ico kiringo kirenze bifatwa ko vyemewe.

Ingingo ya 81:

Nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi ategerezwa gushikiriza abakozi b'Ubushikiranangiji bujewe ubutare uburyo bukenewe bw'ugushobora gushika ahagirirwa ubushakashatsi n'ubwo gushobora kuhatembera bagishika muri ico kibanza.

Le titulaire du permis doit lui fournir tous renseignements sur l'état de la recherche et un guide compétent, capable de fournir toutes les informations utiles.

L'Administration des mines peut faire des observations pertinentes sur la manière dont les activités du titulaire sont menées, en vue des améliorations éventuelles.

Article 82 :

Le titulaire d'un permis de recherche peut renoncer à tout moment en tout ou en partie au droit couvrant son périmètre, sur base d'un rapport technique circonstancié.

La déclaration de la renonciation partielle ou totale précise les coordonnées de tout ou de la partie du périmètre renoncé et celle retenue. Elle prend effet au jour de la publication de la déclaration par l'Agence. Le périmètre ainsi renoncé est libre de tout droit minier.

La partie du périmètre restant doit respecter la forme d'un périmètre minier prévu à l'article 63 du présent règlement.

La renonciation totale ou partielle n'ouvre droit à aucun remboursement des droits et frais payés à l'Etat pour l'octroi ou le maintien du permis. Elle ne dégage pas le titulaire de sa responsabilité relative à la protection de l'environnement.

Nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi ategerezwa kubashikiriza inkuru zose zijanye n'uko ubushakashatsi bwifashe akabaha n'uwubarongora abishoboye, ashobora gutanga inkuru zose z'akamaro.

Ubushikiranganji bujewe ubutare burashobora kugira ico bushikirije gihambaye ku kugene ibikorwa vya nyene uruhusha biriko birarangurwa, kugira ngo bikenewe, akore neza gusumba.

Ingingo ya 82 :

Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare ashobora umwanya wose guheba uburenganzira bumwebumwe canke bwose ku karere afitiye uruhusha, abicishije mu cegeranyo kijanye n'ivy'ubuhinga cerekana igitumye aheba ubwo burenganzira.

Urwandiko rutangaza ko nyene uruhusha aheve uburenganzira bumwebumwe canke bwose ruratomora ibiharuro biranga akarere kose aheve canke igice cako n'ibiranga ako asigarana. Bitangura gushirwa mu ngiro kuva umunsi lgisata kijejwe ivyerekeye ubutare kibitangarije. Akarere gahebwe nta wugafise ko uburenganzira bw'ukugacukuramwo ubutare.

Igice c'akarere kagenewe gucukurwamwo ubutaregasigaye gitegerezwa kwubahiriza imero y'akarere gacukurwamwo ubutare gategekanijwe mu ngingo ya 63 y'aya mategeko.

Uwuhevy uburenganzira bwose canke bumwebumwe ntibituma asubizwa amafaranga yari yarishwe Reta kugira aronke canke agumane uruhusha. Ntibituma kandi nyene uruhusha areka kubazwa ibijanye n'ugukingira ibidukikije.

Article 83 :

Le titulaire d'un permis de recherche doit, endéans vingt-quatre (24) heures, porter à la connaissance de l'Administration des mines, dans un rapport circonstancié, tout accident ou incident survenu dans son périmètre de recherche subi ou causé par des tiers et/ou par ses propres travailleurs ainsi que les mesures correctrices prises. L'administration locale est immédiatement informée par tout moyen.

Section 3. Du permis d'exploitation**Paragraphe 1^{er}. Le droit d'exploiter****Article 84 :**

Le droit minier pour l'exploitation des substances minérales est accordé au titulaire du permis de recherche remplissant les conditions.

Lorsque le titulaire du permis de recherche ne remplit pas les conditions, le Ministre en charge des mines lance un appel d'offres international pour chercher un autre exploitant sur base de l'étude de faisabilité effectuée par le titulaire du permis de recherche et validée par le Ministère. A cet effet, l'Agence arrête les conditions de l'adjudication qu'elle soumet au Ministre pour approbation.

L'appel d'offres est publié au journal officiel, au site Internet du Ministère ainsi que, le cas échéant, dans les journaux locaux et internationaux.

Article 85:

Les soumissions sont analysées par l'Agence qui, le cas échéant, peut s'adjoindre d'autres personnes ressources. La sélection de la meilleure offre est basée sur :

- l'expérience du soumissionnaire dans le secteur minier ;

Ingingo ya 83:

Nyene uruhusha rwo kugira ubushakashatsi ategerezwa, mu masaha 24, kumenyesha Ubushikiranangaji bujewe ubutare, mu cegeranyo kidondora ivyashitse, impanuka yose canke ico cose cabereye mu karere agiriramwo ubushakashatsi, cashikiye abandi canke catewe n'abandi canke cashikiye abakozi biwe canke catewe n'abakozi biwe, hamwe n'ingingo zafashwe z'ukubikosora. Ubutegetsu bw'aho hantu butegerezwa guca bubimenyeshwa biciye mu buryo bwose bushoboka.

Agace ka 3. Uruhusha rw'ugucukura ubutare**Agahimba ka mbere. Uburenganzira bwo gucukura ubutare****Ingingo ya 84:**

Uburenganzira bw'ugucukura ubutare buhabwa nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi akwije ibisabwa.

Mu gihe adakwije ibisabwa, Umushikiranangaji ajejwe ubutare aragira itangazo ryo guhiganirwa isoko ku rwego mpuzamakungu kugira haronderwe uwundi acukura ubutare hisunzwe ivyigwa vy'ugupima ko ugucukura ubutare bishoboka bigirwa na nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi bikemezwa n'Ubushikiranangaji. Muri ico gihe, Igisata kijewe gucungera ubutarekirashinga ibisabwa kugira isoko ritangwe biciye mw'ihiganwa, kikabishikiriza Umushikiranangaji kugira avyemeze.

Itangazo ry'uguhiganirwa isoko rishirwa mu Kinyamakuru ca Reta, ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranangaji hamwe, n'iyi bikenewe mu bimenyeshamakuru vyo mu gihugu na mpuzamakungu.

Ingingo ya 85:

Amadosiye y'abahiganirwa isoko yihwezwa n'Igisata kijewe gucungera ivyerekeye ubutare, iyo bikenewe, kigashobora kwikora no ku bandi bantu babifisemwo ubushobozi. Uguhitamwo uwuhabwa isoko vyisungira:

- ukumenyera akazi k'uwuhiganira isoko mu vyerekeye igisata c'ubutare;

- le programme des travaux proposés et le budget y afférent ;
- les capacités techniques et financières du soumissionnaire ;
- les autres avantages socioéconomiques proposés pour l'État et la communauté locale.

La sélection et la notification des offres se font selon des procédures généralement admises ou reconnues par la pratique minière internationale.

Article 86 :

L'Agence transmet au Ministre le résultat de l'analyse des offres indiquant le classement par ordre pour négociation et signature de la Convention minière.

La convention minière doit prévoir les modalités de remboursement, par l'acquéreur, des dépenses de recherche, dûment validées par l'Agence, encourues par le titulaire du permis de recherche visé à l'alinéa premier. Le titulaire du permis de recherche dispose d'une action directe contre l'acquéreur et ses successeurs éventuels.

Article 87 :

Le titulaire du permis d'exploitation est tenu à la mise en valeur intégrale des réserves des substances minérales identifiées en utilisant des méthodes d'exploitation rationnelle permettant la protection du gisement et le respect de l'environnement.

L'exploitation rationnelle exige du titulaire de :

- 1° Démontrer une meilleure connaissance du gisement confirmée par l'étude de faisabilité ;

- indinganizo y'ibikorwa vyashikirijwe n'amafaranga azokoresha bijanye;
- ubushobozi mu vyerekeye ubuhinga n'amafaranga vy'uwuhiganirwa isoko ;
- ubundi burusho mu vy'imibano n'ubutunzi bizohabwa Reta n'abanyagihugu baba muri ako karere.

Uguhita mu no kumenyesha uwatsindiye isoko bigirwa hisunzwe ibisanzwe bikurikizwa muri rusangi vyemewe canke bizwi ku rwego mpuzamakungu ko ari vyo bisanzwe bigirwa vyerekeye ubutare.

Ingingo ya 86:

Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutarekirarungikira Umushikiranganji ivyavuye mu mwihwezo w'amadosiye yo guhiganira isoko, kikerekana urutonde rw'ingene barushanya kugira bavugane ivyerekeye amasezerano yerekeye ubutare bongere bayashireko umukono.

Amasezerano yerekeye ubutare ategerezwa gutegekanya ingene uwahawe isoko asubiza amafaranga y'ubushashatsi, yemejwe n'igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare, yakoreshejwe n'uwufise uruhusha rwo kugira ubushakashatsi ruvugwa mu gahimba ka mbere. Nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi arashobora kwitwarira uwatsindiye isoko n'abamusubirira igihe bariho.

Ingingo ya 87:

Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare ategerezwa kubucukura bwose akoresheje uburyo bubereye bufasha gukingira ikibanza kirimwo ubutare ngirakamaro kandi yubahirije ibidukikije.

Ugucukura ubutare mu buryo bubereye bisaba nyene uruhusha kubanza gukora ibi bikurikira:

- 1° Kwerekana ubumenyi bubereye mu gucukura ubutare bukemezwa n'ivyigwa vyo gupima ko gucukura ubutare bishoboka;

- 2° Sélectionner et adopter des méthodes d'exploitation permettant la récupération intégrale des substances minérales contenues dans le gisement ;
 - 3° Choisir des méthodes de traitement permettant la récupération de tous les composants utiles du minerai extrait ;
 - 4° Veiller à la protection du gisement contre la dégradation ;
 - 5° Etablir un plan de gestion des rejets d'exploitation ;
 - 6° Effectuer une étude d'impact environnemental complète et un plan de gestion y relatif.
- 2° Guhitamwo n'ukwemeza uburyo bwo gucukura ubutare bufasha kuronka ubutare bwose buri mu kibanza kirimwo ubutare ngirakamaro ;
 - 3° Guhitamwo uburyo bwo guhingura ubutare bufasha gushobora gukura mu butare bwacukuwe ibifise akamaro vyose;
 - 4° Kwitwararika gukingira ikibanza kirimwo ubutare ngirakamaro kugira n'icononekare;
 - 5° Gushiraho indinganizo y'ugutunganya ibisigarira vy'ubutare bwacukuwe;
 - 6° Gukora ivyigwa vy'ingaruka zose ku bidukikije ata cibagiwe n'indinganizo y'itunganywa ry'ibijanye na vyo.

Article 88 :

Une convention minière, établie suivant le modèle en annexe I au présent règlement, est obligatoirement négociée avant la délivrance du permis d'exploitation et doit spécifier les engagements socio-économiques du titulaire du permis.

La Convention minière est publiée sur le site Internet du Ministère par l'Agence et au Bulletin officiel du Burundi aux frais du titulaire du permis d'exploitation.

Article 89 :

Le titulaire de droit minier ou de carrière ainsi que les entreprises travaillant pour son compte doivent accorder la préférence aux entreprises burundaises de leur choix pour tout contrat, à condition qu'elles offrent des prix, des quantités, des qualités et des délais de livraison comparables.

Ingingo ya 88 :

Amasezerano yerekeye ubutare, ategurwa hisunzwe ingene bitegekanijwe mu mperekeza ya I y'aya mategeko, ategerezwa kwumvikanwako imbere y'uko uruhusha rw'ugucukura ubutare rutangwa kandi agatomora neza ivyo nyene uruhusha ategerejwe mu vyerekeye imibano n'ubutunzi.

Amasezerano yerekeye ubutare aratangazwa n'Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranangaji no mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi ku mafaranga ya nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare.

Ingingo ya 89:

Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri hamwe n'amashirahamwe amukorera ategerezwa gushira imbere amahinguriro yo mu Burundi yihitiyemwo mu masezerano ayo ari yo yose agirwa, ari uko afise ibiciro, urugero rw'ubutare canke ikariyeri, akaranga kavyo n'ibiringo vyo kubutangirako bihuye n'ivy'ayandi mashirahamwe.

Dans tous les cas, la part des petites et moyennes entreprises (PME) et autres entreprises appartenant ou contrôlées par des burundais doit être progressive dans le respect des minima ci-dessous sauf conventions contraires dûment ratifiées par le Burundi :

Phase	Année	Pourcentage
Développement de la mine	-	10%
Exploitation de la mine	1 ^{ère} à la 5 ^{ème} année	15%
	6 ^{ème} à la 10 ^{ème} année	20%
	11 ^{ème} à la 15 ^{ème} année	25%
	Au-delà de la 15 ^{ème} année	30%

Article 90 :

Afin de promouvoir le développement du secteur privé, les titulaires des droits miniers ou de carrière ainsi que les entreprises travaillant pour leur compte doivent exécuter le plan de soutien à la création et/ou au renforcement des capacités des PME et autres entreprises appartenant ou contrôlées par des burundais pour la fourniture de biens et services largement utilisés dans leurs activités.

Article 91:

Chaque titulaire de droit minier ou de carrière doit soumettre annuellement au Ministre en charge des mines un rapport sur son recours aux PME et autres entreprises appartenant ou contrôlées par des burundais. Le rapport fourni des détails sur les progrès du titulaire du droit minier ou de carrière pour parvenir à la part minimale définie dans cet article, ainsi que ses activités en faveur de la création ou du renforcement des capacités burundaises.

Ivyo ari vyo vyose, umutahe w'amashirahamwe matomato n'ayagereranye n'ayandi mashirahamwe y'abarundi canke agenzurwa n'abarundi utegerezwa kuja uratangwa hubahirijwe n'imiburuburi urugero rukurikira kiretse iyo hari amasezerano ateye kubiri yateweko igikumu n'Uburundi.

Intambwe	Umwaka	Ibice kw'ijana
Ibikorwa vy'ugutegura ahacukurwa ubutare	-	10%
Ugucukura ubutare	Kuva ku mwaka wa 1 gushika ku wa 5	15%
	Kuva ku mwaka wa 6 gushika ku wa 10	20%
	Kuva ku mwaka wa 11 gushika ku wa 15	25%
	Kuva ku mwaka wa 15 kubandanya	30%

Ingingo ya 90:

Kugira igisata c'abikorera utwabo gitere imbere, abafise uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyari hamwe n'amashirahamwe abakorera bategerezwa gushira mu ngiro imigambi y'ugushigikira ishingwa ry'amashirahamwe matomato n'ayagereranye n'ayandi mashirahamwe y'abarundi canke agenzurwa n'abarundi canke kuyashigikira kugira ibikorwa vyayo bitere imbere mu kuyaha amatungo akoreshwa cane no mu kuyakorera ubuzi bukenewe cane mu bikorwa vyayo.

Ingingo ya 91:

Uwo wese afise uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyari ategerezwa, ku mwaka ku mwaka, gushikiriza Umushikiranganji ajejwe ubutare icegeranyo c'ivyo amashirahamwe matomato n'ayagereranye n'ayandi mashirahamwe y'abarundi canke agenzurwa n'abarundi yamukoreye. Icegeranyo gitangwa kiba kirimwo ido n'ido ry'ingene nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri yagiye aratera imbere kugira ashike ku rugero rutomowe muri iyi ngingo, hamwe n'ibikorwa vyawe vy'ugushinga n'ugushigikira amashirahamwe matomato n'ayagereranye n'ayandi mashirahamwe

Le rapport, dont un exemplaire est déposé au Ministère en charge des PME sera publié au Bulletin officiel du Burundi et sur le site Internet du Ministère.

Article 92 :

Le titulaire du droit minier ou de carrière ainsi que les entreprises travaillant pour son compte doivent se conformer aux exigences de la législation du travail.

Sous réserve des dispositions de l'alinéa 1, le titulaire du droit minier ou de carrière doit employer en priorité des cadres burundais ayant les compétences requises. A cet effet, le titulaire d'un permis d'exploitation industrielle de substances minières doit, pendant la phase de développement, présenter au ministère en charge de la formation professionnelle et à l'administration minière un plan de formation des cadres burundais pour leur permettre d'acquérir les compétences exigées par le management de l'entreprise afin d'occuper des postes d'encadrement dans les cinq premières années à compter de la date de la première production commerciale.

Article 93 :

Les modalités de sélection sont annoncées par voie de presse. Le titulaire d'un droit minier ou de carrière ainsi que les entreprises travaillant pour son compte sont tenus d'employer, en priorité, des résidents de la communauté locale ou des communautés avoisinantes et dans tous les cas, exclusivement des burundais pour tous les emplois ne nécessitant pas de qualification.

Le quota minimal d'employés burundais par phase d'évolution du projet et /ou par période d'exploitation de la société est défini ci-dessous.

Pourcentage pendant la phase de développement

y'abarundi canke agenzurwa n'abarundi. Icegeranyo gitangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi no ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranganji, ikopi yaco igashikirizwa Ubushikiranganji bujewe amashirahamwe matomato n'ayagereranye.

Ingingo ya 92:

Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri hamwe n'amashirahamwe amukorera ategerezwa gukurikiza ibitegerejwe n'amategeko agenga akazi.

Hirengagijwe ibitegekanijwe mu gahimba ka 1 k'iyi ngingo, nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri ategerezwa, mu gutanga akazi, gushira imbere abarundi bafise ubumenyi bukenewe. Ku bw'ivyo, nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo buhanitse ategerezwa, mu gihe c'ibikorwa vy'ugutegura ahacukurwa ubutare, gushikiriza Ubushikiranganji bujewe inyigisho z'imyuga n'abajejwe ubutare indinganizo y'inyigisho zigenewe abakozi bakuru b'abarundi kugira baronke ubumenyi busabwa n'abarongoye ishirahamwe kugira bahabwe akazi mu bibanza bituma bakora akazi ko gukurikirana ibikorwa mu myaka itanu ya mbere, iharurwa kuva igenekerezo habonekeyeko umwimbu wa mbere wo kugurisha.

Ingingo ya 93:

Ivyisungwa mu gutora abahabwa akazi bimenyeshwa biciye mu bimenyeshamakuru. Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri hamwe n'amashirahamwe amukorera ategerezwa, mu gutanga akazi, gushira imbere abasanzwe baba mu Burundi canke abari mu bihugu bihana imbibe n'Uburundi kandi, ivyo ari vyo vyose hagahabwa gusa akazi abarundi mu buzi bwose budakenera ubumenyi kanaka.

Urugero rw'abakozi b'abarundi bahabwa akazi n'imiburiburi ku ntambwe iyo ari yo yose umugambi ugezeko canke ku ntambwe ishirahamwe rigejejeko ibikorwa vy'ugucukura ubutare canke ikariyeri rutomowe uku gukurikira:

lbice kw'ijana vy'abakozi mu kiringo c'ibikorwa vy'ugutegura ahacukurwa ubutare

Catégorie de travailleurs	Pourcentage
Cadres de direction	33%
Encadrement	50%
Ouvriers qualifiés	66%
Ouvriers non qualifiés	100%

Pourcentage pendant la phase d'exploitation

Umugwi abakozi barimwo	Ibice kw'ijana
Abakozi bakuru	33%
Abajewe gukurikirana ibikorwa	50%
Abakozi bakora akazi k'inguvu bafise urupapuro rw'umutsindo	66%
Abakozi bakora akazi k'inguvu badafise urupapuro rw'umutsindo	100%

Ibice kw'ijana vy'abakozi mu kiringo c'ugucukura ubutare

Catégorie de travailleurs	1ère-5ème année	6ème -10ème année	Catégorie de travailleurs	11ère-15ème année	Au-delà de la 15ème année
Cadres de direction	20%	60%	Cadres de direction	80%	60%
Encadrement	30%	80%	Encadrement	90%	80%
Ouvriers qualifiés	40%	80%	Ouvriers qualifiés	95%	30%
Ouvriers non qualifiés	100%	100%	Ouvriers non qualifiés	100%	100%

Umugwi abakozi barimwo	Kuva ku mwaka wa 1 gushika ku wa 5	Kuva ku mwaka wa 6 gushika ku wa 10	Kuva ku mwaka wa 11 gushika ku wa 15	Inyuma y'umwaka ugira 15
Abakozi bakuru	20%	60%	80%	60%
Abajewe gukurikirana ibikorwa	30%	80%	90%	80%
Abakozi bakora akazi k'inguvu babifise urupapuro rw'umutsindo	30%	30%	95%	30%
Abakozi bakora akazi k'inguvu badafise urupapuro rw'umutsindo	100%	100%	100%	100%

Le non respect des présents quotas expose le titulaire du titre à une sanction pécuniaire dont le montant et les modalités de paiement seront définis par une ordonnance conjointe des Ministres ayant respectivement les mines, le travail et les finances dans leurs attributions.

Ukutubahiriza urwo rugero bituma uwufise uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri ahanishwa ihadabu ry'amafaranga, igitigiri n'ingene arihwa bitomorwa n'itegeko nshikiranganji rishirwako umukono n'umushikiranganji ajejwe ubutare, umushikiranganji ajejwe akazi n'umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta.

Article 94 :

Chaque titulaire de permis d'exploitation industrielle devra soumettre annuellement au Ministère en charge du travail et au Ministère en charge des mines un rapport sur son recours à l'emploi des burundais, qui détaillera les progrès pour parvenir aux quotas définis dans cet article ainsi que ses activités en faveur de la création d'emploi ou du renforcement des capacités burundaises. Le rapport sera publié au Bulletin officiel du Burundi et sur le site Internet du Ministère.

Article 95 :

Les permis de travail aux étrangers dans le secteur minier sont délivrés par l'Inspection générale du travail ou tout service en tenant lieu, après avis de l'administration minière.

Les employés expatriés du titulaire du droit minier ou de carrière ainsi que les entreprises travaillant pour son compte doivent bénéficier d'un permis de travail qui fixe le nombre d'années pendant lequel ils doivent rester dans l'entreprise.

La durée est de trois ans pour les employés expatriés du titulaire et deux ans pour les employés des entreprises travaillant pour son compte. Elle est renouvelable une fois pour une même période.

Article 96 :

Tout titulaire de droit minier ou de carrière ainsi que les entreprises travaillant pour son compte sont tenus d'établir et de soumettre à l'approbation du Ministère, un programme de formation et de perfectionnement qui favorise le transfert de technologies et de compétences au bénéfice des entreprises et du personnel burundais pour atteindre les quotas minima fixés dans l'article 93.

Ingingo ya 94:

Uwo wese afise uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo buhanitse ategerezwa gushikiriza, ku mwaka ku mwaka, Ubushikiranjanji bujewe akazi n'Ubushikiranjanji bujewe ubutare icegeranyo cerekana abakozi b'abarundi yahaye akazi cerekana ido n'ido ry'ivyakozwe kugira urugero ruvugwa muri iyi ngingo rushikweko hamwe n'ibikorwa azorangura kugira haboneke ubuzi canke abakozi b'abarundi bakarihirizwe ubwenge. Icegeranyo gitangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi no ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranjanji.

Ingingo ya 95:

Impusha z'ugukora akazi mu gisata c'ubutare ku banyamahanga zitangwa n'Ubugenduzi bukuru bw'akazi canke ikindi gisata cose gikora nk'ubugenduzi, abajewe ivyerekeye ubutare mu ntwaro y'igihugu babanje kugira ico babivuzeko.

Abakozi b'abanyamahanga bakoreshwa na nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare n'ikariyeri hamwe n'amashirahamwe amukorera bategerezwa kuronka uruhusha rw'ugukora akazi rushinga igitigiri c'imyaka bategerezwa kuguma mw'ishirahamwe.

Ikiringo ni ico imyaka itatu ku bakozi b'abanyamahanga bakoreshwa na nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri n'imyaka ibiri ku bakozi b'amashirahamwe amukorera. Ico kiringo gishobora kwongerezwa rimwe gusa imyaka ingana n'iy'ikiringo ca mbere .

Ingingo ya 96 :

Uwo wese afise uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri hamwe n'amashirahamwe amukorera bategerezwa gutegura no gushikiriza Ubushikiranjanji indinganizo y'inyigisho n'ugukarihiriza ubwenge abakozi bifasha amashirahamwe n'abakozi b'abarundi kuronka ubushobozi n'ubuhinga kugira hashikwe ku rugero rutegerejwe ruvugwa mu ngingo ya 93.

Article 97 :

Le plan de formation et de perfectionnement doit comporter notamment :

- 1° L'accueil des diplômés des écoles professionnelles et des universités pour les stages de mise en situation professionnelle d'une durée de six mois et de découverte de l'entreprise pour les élèves et étudiants en formation initiale d'une durée de deux mois ;
- 2° La participation d'employés burundais à des cours et/ou à des stages organisés au Burundi ou à l'étranger.

Le Ministère peut demander à l'investisseur de compléter la formation des employés burundais par leur participation à des opérations menées à l'étranger afin de leur donner l'expertise dans les différents secteurs de l'activité minière.

Article 98 :

Le titulaire du droit minier ou de carrière ainsi que les entreprises travaillant pour son compte doivent établir un plan de carrière et de succession pour tous les employés, notamment ceux de l'encadrement et de la direction, ou pour tout emploi nécessitant une expertise particulière dans le cadre du respect des quotas minimum fixés dans l'article 93.

Article 99:

Le titulaire du droit minier ou de carrière est tenu d'implanter dans le périmètre de son permis des infrastructures de logement du personnel, des infrastructures médicales, des services de restauration et de loisir ainsi que des infrastructures scolaires dans les conditions prévues par l'étude de faisabilité.

Ingingo ya 97:

indinganizo y'inyigisho n'ugukarihiriza ubwenge abakozi itegerezwa kuba itegekanya canecane:

- 1° Ukwakira abafise impapuro z'umutsindo z'abarangije amashure y'imyuga na kaminuza igihe ari ukubakarihiriza ubwenge mu bijanye n'ukubamenyereza umwuga mu kiringo c'amezi atandatu n'ugutanga, mu kiringo c'amezi abiri, inyigisho zijanye n'ukumenya ishishamwe igihe ari abanyeshure bo mu mashure yisumbuye n'abo muri kaminuza ata co bazi kw'ishishamwe ;
- 2° ko abakozi b'abarundi bakurikirana ivyigwa canke bakarihirizwa ubwenge bitunganirijwe mu Burundi canke mu mahanga.

Ubushikiranangji burashobora gusaba nyene uruhusha n'amashishamwe amukorera kwongereza ubumenyi bw'abakozi b'abarundi mu kubarungika mu bikorwa bibera mu bindi bihugu kugira bungure ubumenyi mu bisata bitandukanye vyerekeye ubutare.

Ingingo ya 98 :

Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri hamwe n'amashishamwe amukorera ategerezwa kugira indinganizo y'ingene abakozi bose baja baratera imbere mu kazi n'ingene babisikanya, nk'abajewe gukurikirana ibikorwa n'abakozi bakuru , no ku kazi ako ari ko kose gakenera ubumenyi bijanye kugira hubahirizwe urugero rutegerezwa gushikwako n'imiburiburi ruvugwa mu ngingo ya 93.

Ingingo ya 99 :

Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri ategerezwa kwubaka mu karere yaherewe urusha inzu abakozi babamwo, amavuriro, inyubakwa z'uburiri n'ukwinezererezamwo hamwe n'amashure hakurikijwe ibisabwa bitegekanywa n'ivyigwa vy'ingene ivyo bikorwa vyorangurwa.

Paragraphe 2. La délivrance du permis d'exploitation

Article 100 :

Le permis d'exploitation est institué et renouvelé par décret approuvant la Convention minière.

Ce droit est constaté par un certificat d'exploitation délivré par le service du cadastre minier.

Article 101 :

L'État participe, sans paiement de frais et à titre de propriétaire des ressources du sous-sol, à hauteur d'au moins dix pour cent des parts ou des actions de la société mixte d'exploitation minière.

Article 102 :

Le permis d'exploitation porte sur un périmètre, en forme de polygone, dont les limites ne peuvent pas excéder celles du périmètre du permis de recherche dont il dérive.

Le polygone est composé de carrés miniers contigus sous réserve des frontières du territoire national et en tenant compte des zones réglementées.

Article 103 :

En plus de ce qui est prévu par les dispositions pertinentes du Code minier, la Convention minière fixe les droits et les obligations des parties ainsi que les modalités de fonctionnement de la société mixte d'exploitation minière.

La Convention minière entre en vigueur et prend fin concomitamment avec le permis d'exploitation.

Agahimba ka 2. Itangwa ry'uruhusha rw'ugucukura ubutare.

Ingingo ya 100:

Uruhusha rw'ugucukura ubutare rutangwa kandi rukongererezwa ikiringo biciye mw'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ryemeza amasezerano yerekeye ubutare.

Ubwo burenganzira bwemezwa n'iseredifika y'ugucukura ubutare itangwa n'igisata kijejwe gupima amatongo arimwo ubutare.

Ingingo ya 101 :

Reta, itarinze kuriha amafaranga asabwa kandi nka nyene amatungo ari mu kuzimu, ifatwa ko ifise umugabane ungana n'imiburiburi ibice icumi kw'ijana vy'imitahe y'ishirahamwe ricukura ubutare Reta ifisemwo umutahe.

Ingingo ya 102 :

Uruhusha rw'ugucukura ubutare rwerekeye akarere k'inyampande, imbibe zako zikaba zidashobora kurenga akarere katangiwe uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi.

Iyo nyampande igizwe n'udukaro turimwo ubutare dufatanganye ducukurwamwo atakurenga imbibe z'igihugu no mu kwisunga uturere dukingirwe n'amategeko.

Ingingo ya 103:

Kiretse ibitegekanijwe mu ngingo zivyerekeye zo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, amasezerano yerekeye ubutare arashinga ivyo abagiraniye amasezerano bafitiye uburenganzira n'ivyo bategerejwe hamwe n'ingene ishirahamwe ricukura ubutare Reta ifisemwo umutahe rikora.

Amasezerano yerekeye ubutare atangura gushirwa mu ngiro uruhusha rw'ugucukura ubutare rutanze kandi agaherana n'ikiringo uruhusha rumara.

Article 104 :

La Convention minière visée à l'article 88 ci-dessus est signée conjointement par les Ministres ayant les mines et les finances dans leurs attributions après délibération en Conseil des Ministres.

Article 105 :

Les substances concernées par le permis d'exploitation sont celles ayant fait objet du permis de recherche.

Article 106 :

Le dossier de demande de permis d'exploitation est constitué et analysé conformément aux dispositions des articles 33 à 36 du présent règlement.

Article 107 :

Le permis d'exploitation est enregistré et conservé par le service du cadastre minier. Il est publié sur le site Internet du Ministère par l'Agence et au Bulletin officiel du Burundi à la diligence et aux frais de son titulaire.

Article 108 :

En cas de découverte de nouvelles substances minérales, le titulaire d'un permis d'exploitation est tenu de les déclarer à l'autorité compétente et d'en demander l'extension à son permis par un avenant à la convention minière initiale.

Article 109 :

La durée du permis d'exploitation minière est définie selon les modalités précisées par le Code minier.

Ingingo ya 104 :

Amasezerano yerekeye ubutare avugwa mu ingingo ya 88 ihejeje kuvugwa ashirwako umukono n'Umushikiranaji ajejwe ubutare hamwe n'Umushikiranaji ajejwe Ikigega ca Reta, Inama Nshikiranaji imaze kuyihwezwa.

Ingingo ya 105 :

Ubutare uruhusha rw'ugucukura rwerekeye ni ububa bwatangiwe uruhusha rw'ukugirwako ubushakashatsi.

Ingingo ya 106 :

Idosiye isaba uruhusha rw'ugucukura ubutare kwimba igirwa kandi ikihwezwa hisunzwe ibitegekanijwe mu ingingo ziva ku ya 33 gushika ku ya 36 y'iri tegeko.

Ingingo ya 107 :

Uruhusha rw'ugucukura ubutare rwandikwa mu gitabu kandi rugashingurwa n'igisata kijejwe gupima amatongo arimwo ubutare. Rutangazwa n'igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranaji no mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi bisabwe na nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare kandi bigakorwa ku mafaranga yiwe.

Ingingo ya 108:

Mu gihe hatowe ubundi butare, nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare ategerezwa kubimenyeshya ubutegetsi bubifitiye ububasha kandi agaca asaba guhabwa uburenganzira bwo kwongera ubutare bushasha yubuye ku bwo yari afitiye uruhusha biciye mu kugira ayandi masezerano yiyongera ku ya mbere.

Ingingo ya 109:

Ikiringo uruhusha rw'ugucukura ubutare rumara gitomorwa hisunzwe ibikurikizwa bitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare.

Article 110 :

Le renouvellement du permis d'exploitation est accordé suite à une demande introduite par le titulaire, trois mois avant l'expiration dudit permis, dans les mêmes formes que la demande initiale. Le renouvellement est soumis à une nouvelle convention.

Le dossier est instruit par l'Agence qui transmet son avis au Ministre endéans trente jours. La décision du Ministre intervient dans les soixante jours suivants.

La décision d'octroi ou de refus est publiée au Bulletin officiel du Burundi et sur le site Internet du Ministère. Le refus est motivé.

Article 111 :

Lorsque le permis d'exploitation arrive à expiration avant que le décret de renouvellement n'intervienne sur une demande recevable déposée conformément à l'article 110, le renouvellement est considéré comme accepté.

Article 112 :

Lorsque le permis d'exploitation n'est pas renouvelé, un appel d'offres est lancé conformément aux articles 84 et 85 pour chercher un nouveau titulaire.

Le dossier d'appel d'offres renseigne sur la valeur des investissements consentis, arrêtée de commun accord entre l'Etat et le titulaire sortant, que l'acquéreur doit rembourser.

L'Agence s'assure du remboursement de la contre-valeur de ces investissements du titulaire sortant par l'attributaire et du paiement des droits et taxes relatifs à cette opération.

Ingingo ya 110:

Ikiringo uruhusha rw'ugucukura ubutare rumara congerezwa bisabwe na nyene uruhusha hasigaye amezi atatu ngo ikiringo c'urwo ruhusha kirangire, bikagirwa nk'uko vyagizwe ku ruhusha rwa mbere. Ukwongereza ikiringo c'uruhusha bitegerezwa kugirirwa ayandi masezerano.

Idosiye yigwa n'lgisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare, kikarungikira Umushikiranangijico kibivuzeko mu kiringo kitarenza imisi mirongo itatu. Umushikiranangijico afata ingingo mu minsi mirongo itandatu iharurwa kuva ashikirijwe idosiye.

Ingingo y'ukwemera kwongereza ikiringo c'uruhusha canke iy'ukuvyanka itangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi no ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranangijico. Ingingo y'ukutongereza ikiringo c'uruhusha iratangirwa imvo yabitumye.

Ingingo ya 111:

Mu gihe uruhusha rw'ugucukura ubutare rurangiye imbere y'uko itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ryongereza ikiringo c'uruhusha rwasabwe bigashikirizwa hisunzwe ingingo ya 110 risohoka, bifatwa ko uruhusha rwongerejwe ikiringo.

Ingingo ya 112:

Mu gihe uruhusha rw'ugucukura ubutare rutongerejwe ikiringo, haragirwa itangazo ry'uguhamagarira guhiganirwa isoko hisunzwe ingingo ya 84 n'ya 85 kugira haronderwe uwundi ahabwa uruhusha.

Itangazo rihamagarira uguhiganirwa isoko riratomora uburyo ibikorwa vyaranguwe bimaze gutwara mu mugambi, agaciro kavyo kagashingwa Reta yavyumvikanyeko n'uwahora afise uruhusha, uwuronse uruhusha ategerezwa gusubiza.

Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kiritwarika ko uburyo bwakoreshejwe n'uwahora afise uruhusha busubizwa n'uwuronse uruhusha n'uko harihwa amafaranga ya nkenerwa n'amatagisi ajanye n'ico gikorwa.

Paragraphe 3. Les droits et les obligations du titulaire du permis d'exploitation

Article 113 :

Le permis d'exploitation confère à son titulaire les droits définis à l'article 75 du Code minier, dans la convention minière ainsi que par les autres lois et règlements.

Article 114 :

La nature des dépendances immobilières est précisée par les dispositions de l'article 76 du Code minier.

Article 115 :

Sont susceptibles de sûreté minière ou d'hypothèque, en tout ou en partie :

1° Le permis d'exploitation, les immeubles par incorporation situés dans le périmètre d'exploitation minière notamment les usines, les installations et les machines construites pour la concentration, le traitement et la transformation des substances minérales contenues dans les gisements ou dans les gisements artificiels ;

2° Les immeubles par destination affectés à l'exploitation minière.

Les sûretés minières n'emportent en aucun cas dépossession de l'Etat de sa propriété sur le sous-sol.

Article 116 :

La demande de constitution de sûreté minière est instruite par l'Agence endéans dix jours. La demande est accompagnée de l'acte ou du contrat en forme authentique précisant le montant de la créance garantie et une copie certifiée conforme du titre minier dont le droit est concerné par la sûreté minière.

Agahimba ka 3. Uburenganzira bwa nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare n'ivyo ategerejwe

Ingingo ya 113:

Uruhusha rw'ugucukura ubutare ruha nyenerwo uburenganzira butomowe mu ngingo ya 75 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, mu masezerano yerekeye ubutare hamwe no mu yandi mabwirizwa n'amategeko.

Ingingo ya 114:

Akamere k'ibitimuka bifatanye n'ivyatangiwe uruhusha butomorwa n'ingingo ya 76 y'igitabu c'amategeko agenga ubutare.

Ingingo ya 115:

Bishobora gutangwako ingwati y'ikitimuka canke y'itungo ryimuka ku gataka karimwo ubutare n'ibirimwo vyose canke bimwebimwe muri vyo:

1° Uruhusha rw'ugucukura ubutare, amatungo yimuka afatanye n'agataka ari mu karere gacukurwamwo ubutare nk'amahinguriro, ivyubatswe n'imashini vyubatswe kugira biyungurure, bihingure ubutare buri mu kibanza kirimwo ubutare canke mu kibanza cegeranirijwemwo ubutare vyongere bibukuremwo ibindi bintu;

2° Amatungo atimuka kubera agenewe gukoreshwa mu gucukura ubutare.

Ingwati ku butare ntizituma na gato Reta itakaza uburenganzira bwayo ku gataka.

Ingingo ya 116:

Ugusaba ko hatangwa ingwati ku butare bigirwa n'Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare mu kiringo kitarenza imisi icumi. Idosiye yo kubisaba iba iri kumwe n'amasezerano yemejwe n'inzego zibijewe atomora igitigiri c'amafaranga yatangiwe ingwati hamwe n'ikopi y'urwandiko rwemeza uwahawe uruhusha rwo kwimba ubutare rwerekewe n'ingwati ku butare.

L'Agence vérifie l'existence éventuelle d'une ou plusieurs sûretés antérieures et l'authenticité des actes ou contrats repris au premier alinéa ainsi que la validité du titre constatant le droit minier. Elle vérifie également si le financement est destiné à garantir la poursuite de l'activité minière.

L'Agence transmet son avis au Ministre qui prend sa décision par écrit endéans vingt jours.

Article 117 :

Le service du Cadastre minier procède à l'enregistrement de la sûreté minière endéans cinq jours contre paiement de droits d'enregistrement dont le montant est déterminé par une ordonnance conjointe des Ministres ayant les finances et les mines dans leurs attributions.

Le service du Cadastre minier procède ensuite à l'inscription de la sûreté au dos du titre minier.

Article 118 :

En cas de défaillance du débiteur, constatée par une mise en demeure avec accusé de réception, restée infructueuse, le créancier a le choix :

- 1° D'engager la procédure d'exécution forcée conformément au droit commun ;
- 2° De se substituer au débiteur défaillant et requérir ainsi la mutation partielle ou totale du droit minier à son propre nom s'il remplit les autres conditions légales d'être titulaire d'un titre minier.

Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kiraraba ko hoba hari ingwati imwe canke nyinshi zatanzwe n'uko inzandiko canke amasezerano avugwa mu gace ka mbere k'iyi ngingo yemejwe n'inzego zibijejwen'uko urwandiko rutanga uburenganzira ku butare rutarata igihe. Kirasuzuma kandi ko amafaranga yatanzwe agenewe kwizeza ko igikorwa cerekeye ubutare kizobandanya.

Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kirashikiriza Umushikiranangaji ico kibivuzeko nawe agafata ingingo biciye mu rwandiko mu kiringo kitarenza imisi mirongo ibiri.

Ingingo ya 117:

Igisata kijejwe gutororokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare kirandika ingwati itanzwe ku butare mu kiringo kitarenza iminsi itanu hatanzwe amafaranga y'ukwandikisha igitigiri cayo kigashingwa n'itegeko nshikiranangaji rishirwako umukono n'Umushikiranangaji ajejwe ikigega ca Reta n'uwujewe ubutare.

Igisata kijejwe gutororokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare kica candika ingwati itanzwe inyuma ku rwandiko rutanga uburenganzirabw'ukugira ubushakashatsi.

Ingingo ya 118:

Mu gihe uwuheranye atarishe, bikagaragazwa n'urwandiko rwo kumugabisha rutangirwa icemezo ko rwashitse, bikaba vyabaye impfagusa, uwatanze ingurane ahitamwo:

- 1° Gusaba ko urubanza rucibwa impaga hakurikijwe amategeko asanzwe ;
- 2° Gusubirira uwuheranye atarishe hanyuma agasaba kwimurira kw'izina ryiwe bimwe mu biri ku ruhusha rw'ugucukura ubutare rw'uwumuheraniye canke vyose iyo akwije ibisabwa n'amategeko kugira abe nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura butare.

La mise en demeure précise une des deux procédures que le créancier entend suivre.

Article 119 :

La demande de mutation est adressée au Ministre conformément aux articles 39 à 46 et doit contenir une copie de l'acte ou du contrat prévu à l'article 116, la copie de la mise en demeure et son accusé de réception ainsi que l'acte d'engagement à assumer les droits et les obligations découlant du titre minier.

La demande est instruite par l'Agence qui transmet le dossier, endéans trente jours, à la diligence du Ministre conformément aux dispositions de l'article 80 alinéa 3 du Code minier. Le décret doit intervenir endéans cinquante jours, à défaut la mutation est considérée comme acceptée.

Lorsque la demande de mutation est acceptée, le service du Cadastre minier procède à l'inscription de mutation et à la délivrance d'un nouveau certificat d'exploitation au nouveau titulaire. La validité du nouveau titre correspond à la période restante du titre initial.

Le refus motivé doit contenir les modalités de désintéressement du créancier à charge de l'Etat.

Urwandiko rw'ukugabisha ruratomora uburyo bumwe mu bwo uwuheraniwe agomba gukoresha.

Ingingo ya 119:

Idosiye y'ugusaba guhabwa uburenganzira bw'uwundi ishikirizwa Umushikiranangijwe hisunzwe ingingo ziva ku ya 39 gushika ku ya 46 kandi igategerezwa kuba irimwo ikopi y'inzandiko canke iy'amasezerano ategekanijwe mu ngingo ya 116, ikopi y'urwandiko rw'ukugabisha n'icemezo carwo ko rwashitse hamwe n'urwandiko rw'ukwiyemeza kwemanga uburenganzira n'ibitegerejwe bituruka ku rwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare.

Idosiye y'ugusaba yigwa n'Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kikayishikiriza, mu kiringo kitarenza imisi mirongo itatu, bisabwe n'Umushikiranangijwe hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 80 agace ka 3 k'Igitabu c'amategeko agenga ubutare. Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ritegerezwa gusohoka mu kiringo kitarenza imisi mirongo itanu, bitagenze uko ukwimurira uruhusha ku wuheraniwe bifatwa ko vyemewe.

Mu gihe idosiye y'ugusaba kwimurira ku wuheraniwe uruhusha rw'uwumuheraniye yemewe, Igisata kijejwe gutororokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare kirandika mu gitabu iryo yimurwa ry'uruhusha kigaca giha iseredifika nshasha y'ugucukura ubutare nyene uruhusha mushasha. Ikiringo urwandiko rushasha rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare rumara kingana n'ikiringo urwandiko rwa mbere rwarirusigaje.

Ukwanka kwimurira uruhusha ku wuheraniwe bitangiwe imvo bitegerezwa kuba birimwo ingene uwatanze ingurane Reta imusubiza ivyo yatanze.

Article 120 :

Le Ministre doit veiller à ce que les procédures de recouvrement prévues à l'article 120 n'entraînent pas l'arrêt des travaux. Le nouveau titulaire d'un permis d'exploitation est tenu de poursuivre les travaux avec diligence conformément à la convention minière signée avec le substitué.

Article 121 :

Outre les obligations prévues par les dispositions de l'article 82 du Code minier, le titulaire d'un permis d'exploitation ou l'amodiataire est tenu de :

- 1° Commencer les travaux dans les délais prescrits par la Convention minière et sans dépasser douze mois ;
- 2° Poursuivre les travaux avec diligence ; toute interruption dépassant trois mois consécutifs doit requérir l'autorisation du Ministre;
- 3° Payer les impôts, les redevances et les taxes prévus par la législation ;
- 4° Fixer et publier les mesures de sécurité ;
- 5° Suivre les normes généralement admises dans la construction des infrastructures ;
- 6° Se soumettre aux inspections par les services habilités de l'Administration des mines.

Article 122 :

Le titulaire d'un permis d'exploitation doit présenter au Ministre un rapport technique annuel précisant la nature, la qualité et les quantités :

- des réserves déjà exploitées ;
- des réserves restantes exploitables ;

Ingingo ya 120:

Umushikiranganji ategerezwa kwitwararika ko uburyo bwo kwishuza butegekanijwe mu ngingo ya 120 budatuma ibikorwa bihagarara. Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare mushasha ategerezwa kubandanya ibikorwa n'ububangutsi yisunze amasezerano yerekeye ubutare yashizweko umukono be n'uwo yasubiriye.

Ingingo ya 121:

Kiretse ibitegerejwe biri mu bitegekanijwe mu ngingo ya 82 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke uwarukose ategerezwa:

- 1° Gutangura ibikorwa mu kiringo gitegekanijwe n'amasezerano yerekeye ubutare kandi ntarenze amezi icumi n'abiri;
- 2° Kubandanya ibikorwa mu bubangutsi; ihagarika ry'ibikorwa ryose rirenza amezi atatuakurikiranana ritegerezwa gusabirwa uruhusha ku Mushikiranganji ajejwe ubutare;
- 3° Kuriha amakori, ayandi mafaranga atangishwa n'amatagisi ategekanijwe n'amategeko;
- 4° Gushinga no gutangaza ingingo zifatwa zerekeye umutekeno;
- 5° Gukurikiza amategeko muri rusangi yemewe mu kwubaka inyubakwa;
- 6° Kwemera ubugenduzi bugirwa n'ibisata bibifitiye ububasha vyo mu Butegetsi bujejwe ubutare.

Ingingo ya 122:

Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare ategerezwa gushikiriza Umushikiranganji icegeranyo cerekeye ivy'ubuhinga co ku mwaka gitomora akamere, akaranga n'uko ibi bikurikira bingana mu bwinshi:

- ibibanza bimaze gucukurwamwo ubutare;
- ibibanza bisigaye gucukurwamwo ubutare;

- des réserves additionnelles éventuelles ;
- des réserves des rejets et leur nature.
- ibibanza birimwo ubutare bishobora kwiyongerako;
- ibibanza bishirwamwo ivyatawe n'akamere ka vyo.

Il doit en outre préciser la stratégie éventuelle préconisée pour améliorer la rentabilité de la mine.

Ategerezwa kandi gutomora uburyo ashobora gukoresha kugira umwimbu w'ubutare wiyongere gusumba.

Le rapport est analysé par la Direction générale de la géologie et des mines et validé par l'Agence dans un délai ne dépassant pas trois mois. Passé ce délai, il est réputé accepté.

Icegeranyo cihwezwa n'Ubuyobozi bukuru bw'agataka n'ubutare kandi kikemezwa n'Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare mu kiringo kitarenza amezi atatu. Ico kiringo kirenze, icegeranyo gifatwa ko cemewe.

Article 123 :

A l'expiration d'un permis d'exploitation, les parties sont déliées de toutes obligations excepté celles prévues à l'article 85 du Code minier.

Ingingo ya 123:

Uruhusha rw'ugucukura ubutare rurangiye, abagiraniye amasezerano baba bakuweko ivyo bategerezwa kiretse ibitegekanijwe mu ngingo ya 85 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare.

La fin du permis d'exploitation emporte remise gratuite à l'Etat des parcelles du périmètre et des dépendances immobilières visées à l'article 76 du Code minier, libres de tous droits et charges.

Ukurangira kw'uruhusha rw'ugucukura ubutare bijana n'ugushikiriza Reta ku buntu ibibanza vyo mu karere n'ibitimuka bifatanye n'ivyo bibanza bivugwa mu ngingo ya 76 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, ata burenganzira n'ibitegerezwa biri kuri vyo.

Article 124 :

Le titulaire a l'obligation d'établir un plan de fermeture de la mine et de prévoir, pendant la vie active de la mine, les frais nécessaires pour couvrir les travaux prévus à l'article 85 du Code minier.

Ingingo ya 124:

Nyene uruhusha ategerezwa kugira integuro y'ugufurira ibinogo vyimbwemwo ubutare no gutegekanya, mu gihe ikinogo kikiriko kirimbwamwo ubutare, amafaranga akenewe yo guheraheza ibikorwa bitegekanijwe mu ngingo ya 85 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare.

Le plan, différent de celui de la réhabilitation progressive des sites, est présenté et validé par l'Administration des mines au moins trois ans avant l'expiration du permis.

Integuro, ihushanye n'iy'ugutunganya neza ibibanza vyahora bicukurwamwo ubutare, ishikirizwa kandi ikemezwa n'Ubutegetsi bujewe ubutare n'imiburiburi mu myaka itatu imbere y'uko uruhusha rurangira.

TITRE III. DU REGIME DES EXPLOITATIONS ARTISANALES, DES COMPTOIRS ET DES CARRIERES

IKIGABANE CA III. AMATEGEKO YEREKEYE UGUCUKURA UBUTARE HAKORESHEJWE UBURYO BUBAYABAYE, AMASHIRAHAMWE AGURA UBUTARE N'IKARIYERI.

CHAPITRE 1^{er}. DES EXPLOITATIONS ARTISANALES ET DES COMPTOIRS

IGICE CA I. IVYEREKEYE UGUCUKURA UBUTARE HAKORESHEJWE UBURYO BUBAYABAYE N'AMASHIRAHAMWE AGURA UBUTARE

Section 1. Des dispositions communes

Agace ka 1. Ingingo rusangi

Article 125 :

L'exploitation artisanale des substances minérales est subordonnée à la détention d'un permis correspondant en cours de validation pour un périmètre donné.

Ingingo ya 125:

Ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye bigirwa n'uwubifitiye uruhusha bihwanye rwemerezwa akarere kanaka.

Article 126 :

Nul ne peut à la fois être titulaire d'un permis d'exploitation artisanale et d'un titre minier. Les substances minérales extraites dans le cadre des activités de recherche ne peuvent en aucun cas être versées dans la production artisanale.

Ingingo ya 126:

Nta n'umwe arekuriwe kuba nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye kandi ngo yongere abe nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare icarimwe. Ubutare bwimbwe mu ntumbero yo kugira ubushakashatsi ntibushobora na gato gushigwa mu vyimbwe hakoreshejwe uburyo bubayabaye

Article 127 :

La production artisanale est vendue aux seuls comptoirs agréés à cet effet ou à la Banque centrale.

Ingingo ya 127:

Ubutare bwimbwe hakoreshejwe uburyo bubayabaye bugurishwa gusa mu mashirahamwe yemerewe kugura ubwo butare canke bukagurishirizwa mw'ibanki nkuru y'Igihugu.

Les coopératives peuvent créer des comptoirs d'achat et de vente, selon la procédure commune, et y écouler leurs productions. Dans ce cas, les coopératives et les comptoirs doivent nettement séparer leurs patrimoines et leurs comptabilités.

Amakoperative arashobora gushinga amashirahamwe agura kandi akagurisha ubutare, hakurikijwe uko bisanzwe bigirwa, kandi akahagurishiriza ubutare yacukuye. Muri ico gihe, ayo makoperative n'ayo mashirahamwe yemewe n'amategeko ategerezwa gutandukanya neza amatungo yayo n'ingene akoresha amafaranga yayo.

Article 128 :

Avant la délivrance du permis d'exploitation artisanale, le service du Cadastre minier procède à la délimitation du périmètre, en implantant des bornes et des repères, et le porte sur la carte des retombes minières.

Article 129 :

Outre les obligations prévues à l'article 90 du Code minier, le titulaire d'un permis d'exploitation artisanale est tenu de :

- 1° Commencer les travaux dès la délivrance du permis;
- 2° Payer les impôts, les redevances et les taxes prévus par la législation burundaise ;
- 3° Fixer et publier les mesures de sécurité des travailleurs et des tiers ;
- 4° Tenir les différents registres du personnel, des accidents et de leur déclaration, de la production et de la vente des minerais ainsi que de tout autre registre fixé par l'Administration des mines ;
- 5° Se soumettre aux inspections par les services habilités de l'Administration des mines.

Article 130 :

Lorsque la demande du permis d'exploitation artisanale porte sur un terrain de culture, il est exigé un accord écrit authentifié entre le propriétaire du sol et le demandeur ou l'accord écrit de l'autorité publique compétente pour un terrain appartenant à l'Etat.

Ingingo ya 128:

Imbere y'ugutanga uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye, Igisata kijejwe gutorokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare kirerekana aho ikibanza kirimwo ubutare kigarukira, mu kuhashinga uburimbi no mu kuhashira ibimenyetso, kandi kikaherekana kw'ikarata yerekana ahari ubutare.

Ingingo ya 129:

Kiretse ibitegerejwe mu ngingo ya 90 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye ategerezwa:

- 1° Gutangura ibikorwa akironka uruhusha ;
- 2° Kuriha amakori, amafaranga atozwa n'amatagisi ategekanijwe n'amategeko y'Uburundi;
- 3° Gushinga no gutangaza ingingo zijanye n'umutekano w'abakozi hamwe n'uw'abandi bantu;
- 4° Kuja aruzuzwa ibitabu bitandukanye vyandikwamwo abakozi, impanuka n'ukuzimenyeshya, kwuzuzwa ibitabu vyandikwamwo umwimbu w'ubutare n'ubutare bwagurishijwe hamwe n'ukwuzuzwa igitabu ico ari co cose categekanijwe n'Ubushikiranjanji bujewe ivyerekeye ubutare;
- 5° Kwemera kugenzurwa n'ibisata bibifitiye ububasha vyo mu Bushikiranjanji bujewe ivyerekeye ubutare.

Ingingo ya 130:

Mu gihe uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye rusabwa rwerekeye ahari indimo, hategerezwa kwerekanwa amasezerano yemejwe n'uwuserukira Retayagizwe hagati ya nyene ubutaka n'uwusaba uruhusha canke uruhusha rwanditse rutangwa n'umutegetsi abitiye ububasha mu gihe ari itongo rya Reta.

L'accord ne peut en aucun cas porter sur la vente du terrain à exploiter ou sur le produit du sous-sol.

L'accord doit contenir les éléments suivants :

- sa durée, qui ne peut être supérieure à la période de validité du permis ;
- la superficie couverte et son bornage ;
- les modalités d'utilisation du couvert végétal et de l'eau ;
- les mesures de réhabilitation du site pendant et après l'exploitation ;
- le montant des indemnisations ou des loyers.

En cas de litige, l'Agence tranche à l'amiable et à défaut le dossier est transféré devant les instances judiciaires.

Article 131 :

En application de l'article 92 du Code minier, l'Agence entretient une base de données des membres des coopératives minières, des titulaires des comptoirs et des actionnaires.

Article 132 :

A l'expiration d'un permis d'exploitation artisanale, le titulaire est tenu de transmettre un rapport de réhabilitation du site conforme à l'article 130 alinéa 3 et à d'autres prescriptions environnementales.

Amasezerano ntashobora na rimwe kwerekera igurishwa ry'itongo ryo kwimbamwo ubutare canke igurishwa ry'ibiri mu kuzimu.

Amasezerano ategerezwa kuba arimwo ibi bikurikira:

- Ikiringo amara, kidashobora gusumba ikiringo uruhusha rumara;
- Uburinganire bw'ahatangiwe uruhusha n'aho uburimbi buca;
- Ingene ibimera n'amazi vy'aho hantu bikoreshwa;
- Ingingo zerekana ingene ikibanza gicukurwamwo ubutare gitunganywa neza mu gihe c'ugucukura n'iyi ibikorwa vy'ugucukura bimaze kurangira ;
- Uko amafaranga y'inshumbusho n'ayo gukora angana.

Mu gihe habaye amatati, Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kirumvikanisha abafitaniye amatati, bitagenze uko naho idosiye ica irungikwa mu butungane.

Ingingo ya 131:

Mu gushira mu ngiro ingingo ya 92 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kiratororokanya ivyerekeye abagize amakoperative y'abakora ibijanye n'ubutare, bene amashirahamwe akora ibijanye n'ubutare n'abanyamitahe.

Ingingo ya 132:

Ikiringo c'uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye kirangiye, nyene uruhusha ategerezwa gushikiriza icegeranyo c'ingene ikibanza cacukuwemwo ubutare kizotunganywa neza, hisunzwe ingingo ya 130 agahimba ka 3 n'ayandi mategeko agenga ibidukikije.

Le manquement à cette obligation entraîne le refus du renouvellement ou d'octroi d'un autre permis sur d'autres sites. L'interdiction s'étend sur tous les membres de la coopérative et à ses gérants.

Section 2. Des exploitations artisanales

Paragraphe 1^{er}. La délivrance du permis d'exploitation artisanale

Article 133 :

Seule une coopérative minière constituée selon le Code des sociétés privées et à participation publique, et ayant pour seul objet l'exploitation minière artisanale, peut demander un permis d'exploitation artisanale.

Article 134 :

La demande de permis d'exploitation artisanale est adressée par écrit au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la Direction générale de la géologie et des mines.

La lettre de demande est accompagnée notamment de :

- 1° L'accord écrit de l'autorité publique compétente lorsque le terrain appartient à l'Etat ;
- 2° L'accord écrit authentifié entre le propriétaire du sol et le demandeur, lorsque le terrain appartient à une tierce personne ;
- 3° Une copie certifiée conforme à l'original des statuts de la société coopérative ;

Ukutubahiriza ibitegerejwe bituma uruhusha rutongerezwa ikiringo canke hadatangwa urundi ruhusha ku bindi bibanza. Ivyo vyerekeye abagize ikoperative bose n'abayitunganya.

Agace ka 2. Ivyerekeye ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye

Agahimba ka mbere. Ugutanga uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye

Ingongo ya 133:

Ikoperative y'abakora ibijanye n'ubutare yashinzwe hisunzwe Igitabu c'amategako agenga amashirahamwe y'abikorera utwabo n'amashirahamwe Reta ifisemwo imitahe, kandi ifise gusa intumbero y'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye, ni yo yonyene ishobora gusaba uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye.

Ingingo ya 134:

Urwandiko rusaba uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye rushikirizwa Umushikiranganji mu ma kopi atatu, ikopi imwe igahabwa Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare, iyindi kopi na yo igahabwa Ubuyobozi bukuru bw'ubutare n'agataka.

Ikete ry'ugusaba uruhusha riherekezwa canecane n'ibi bikurikira:

- 1° Uruhusha rwanditse rutangwa n'umutegetsi abifitiye ububasha mu gihe itongo ari irya Reta;
- 2° Amasezerano yanditse kandi yemejwe n'uwuserukira Retaagirwa hagati ya nyene ubutaka n'uwusaba uruhusha, mu gihe itongo ar'iry'umuntu;
- 3° Ikopi yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho rw'amategako ngenderwako agenga amakoperative;

- | | |
|---|--|
| 4° Le nom, l'adresse et l'identité du mandataire ou du gérant ; | 4° Izina ry'icariho canke uwutunganya ikoperative, aho abarizwa n'ibimuranga; |
| 5° L'acte certifié authentique émanant de l'organe compétent en vertu des statuts désignant le mandataire ou le gérant ; | 5° Urwandiko rwemejwe ko ari urw'imvaho rutangwa n'urwego rubifitiye ububasha hisunzwe amategeko ngenderwako akena icariho canke uwutunganya ikoperative; |
| 6° Le registre de commerce ; | 6° Igitabu c'ubudandaji; |
| 7° Le numéro d'identification fiscale ; | 7° Inomero ndangamutozwakori; |
| 8° L'attestation de non redevabilité fiscale ; | 8° Urwandiko rwemeza ko ishirahamwe ridaheranye ikori; |
| 9° Les substances pour lesquelles le permis est demandé ; | 9° Ubwoko bw'ubutare busabirwa uruhusha; |
| 10° La carte du périmètre demandé avec les coordonnées géographiques, à l'échelle de 1/10.000, délivrée par le service du Cadastre minier ; | 10° Ikarata yerekana akarere kasabiwe uruhusha iriko ibiharuro vyerekana aho ako karere gaherereye, ku ngereranyo ya 1/10000, itangwa n'igisata kijejwe gutororokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare; |
| 11° Une étude d'impact environnemental simplifiée ; | 11° Ivyigwa bibayabaye vyerekana inkurikizi ku bidukikije; |
| 12° Le siège social de la coopérative. | 12° Icaro c'ikoperative. |

La coopérative est tenue de présenter l'attestation de conformité environnementale avant le démarrage de ses activités d'exploitation.

Article 135 :

Sous réserve de la réciprocité, les membres d'une coopérative doivent être de nationalité burundaise.

Article 136 :

Tout changement de la composition de la coopérative minière doit être porté à la connaissance de l'Agence qui procède à son enregistrement.

Ikoperative itegerezwa kwerekana urwandiko rwerekana ko ibidukikije vyubahirijwe imbere yuko ibikorwa vy'ugucukura bitangura.

Ingingo ya 135:

Abagize ikoperative bategerezwa kuba ari abarundi kiretse iyo igihugu abatari abarundi baturukamwo kibigirira abarundi

Ingingo ya 136:

Igihinduka cose ku bagize ikoperative y'abakora ibijanye n'ubutare gitegerezwa kumenyeshwa igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kigaca kivyandika mu gitabu kivyerekeye.

Article 137 :

Le dossier de demande ou de renouvellement est instruit par l'Agence qui donne rapport au Ministre endéans dix jours ouvrables.

L'octroi ou le refus motivé du permis intervient dans un délai de trente jours.

Article 138 :

Lorsque le renouvellement est demandé sur le même site, seuls les éléments du dossier ayant changé sont annexés à la demande.

Le changement de site vaut une nouvelle demande et suit la procédure prévue à cet effet.

Paragraphe 2. La délivrance de l'agrément de comptoir d'achat et d'exportation des substances minérales d'exploitation artisanale

Article 139 :

La demande d'agrément d'un comptoir d'achat est adressée par écrit au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la Direction générale de la géologie et des mines.

La lettre de demande est accompagnée notamment de :

- 1° Une copie certifiée conforme à l'original des statuts de la société ou une attestation d'identité complète pour la personne physique ;
- 2° Le nom, l'adresse et l'identité du mandataire ou du gérant ;
- 3° L'acte certifié authentique émanant de l'organe compétent en vertu des statuts désignant le mandataire ou le gérant ;

Ingingo ya 137:

Idosiye y'ugusaba uruhusha canke iy'ugusaba ko ikiringo congererezwa yihwezwa n'lgisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kigaca giha icegeranyo Umushikiranangji mu minsi y'akazi itarenga icumi.

Ugutanga canke ukudatanga uruhusha hatanzwe imvo biba mu kiringo c'iminsi mirongo itatu.

Ingingo ya 138 :

Mu gihe hasabwe kwongereza ikiringo c'uruhusha ku kibanza cari gisanzwe gicukurwamwo ubutare, ivyahindutse mw'idosiye ni vyo vyonyene vyongerwa ku rwandiko rw'ukubisaba.

Iyo ikibanza gicukurwamwo ubutare gihindutse, haca hasabwa urundi ruhusha kandi bikagirwa hakurikijwe ibisanzwe bitegekanijwe.

Agahimba ka 2. Itangwa ry'uruhusha rw'ukwemerera ishira hamwe kugura no gushorera mu bindi bihugu ubutare bwacukuwe hakoreshejwe uburyo bubayabaye

Ingingo ya 139 :

Urwandiko rw'ugusaba ukwemererwa gukora nk'ishira hamwe rigura ubutare rushikirizwa Umushikiranangji mu makopi atatu, ikopi imwe igahabwa Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare, iyindi kopi na yo igahabwa Ubuyobozi bukuru bw'ubutare n'agataka.

Ikete ry'ugusaba kwemererwa gukora, riba riri kumwe n'ibi bikurikira:

- 1° Ikopi yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho rw'amategeko ngenderwako agenga ishira hamwe canke urwandiko rw'umwidondoro iyo ari umuntu ;
- 2° Izina ry'icariho canke uwujwe gutunganya ivy'ishira hamwe, aho abarizwa n'ibimuranga;
- 3° Urwandiko rwemejwe ko ari urw'imvaho rutangwa n'urwego rubifitiye ububasha hisanzwe amategeko ngenderwako agena

- | | |
|--|--|
| 4° Le registre de commerce ; | icariho canke uwutunganya ishirahamwe; |
| 5° Le numéro d'identification fiscale ; | 4° Igitabu c'ubudandaji ; |
| 6° L'attestation de non redevabilité fiscale ; | 5° Inomero ndangamutozwakori ; |
| 7° Les substances pour lesquelles l'agrément est demandé ; | 6° Urwandiko rwemeza ko ishirahamwe ridaheranye ikori; |
| 8° Le siège social du comptoir ou le domicile professionnel pour les personnes physiques ; | 7° Ubwoko bw'ubutare busabirwa uruhusha; |
| 9° Le compte de résultat de l'exercice précédent ; | 8° Ahari icicaro c'ishirahamwe canke aho abantu barangurira imirimo ; |
| 10° Le rapport des commissaires aux comptes ; | 9° Icegeranyo cerekana umwimbu w'ishirahamwemu mwaka uheruka ; |
| 11° Les références bancaires ; | 10° Icegeranyo c'abagenduzi b'amakonte; |
| 12° Les preuves de conformité aux capacités techniques et financières requises. | 11° Inomero z'amakonte; |
| | 12° Ivyemezo vy'uko ishirahamwe risaba uruhusha rikwije ibisabwa mu vyerekeye ubuhinga n'amafaranga. |

Le dossier de demande ou de renouvellement est instruit par l'Agence qui donne rapport au Ministre endéans dix jours ouvrables.

Idosiye y'ugusaba uruhusha canke iy'ugusaba ko ikiringo congererezwa yihwezwa n'lgisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kigaca giha icegeranyo Umushikiranangji mu minsi y'akazi itarenga icumi.

La décision intervient dans un délai de trente jours. L'agrément est publié au Bulletin officiel du Burundi et sur le site Internet du Ministère.

Ingingo ifatwa mu kiringo c'iminsi mirongo itatu. Uruhusha rw'ukwemererwa gukora ruratangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi no ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranangji.

Article 140 :

Lorsque le comptoir procède, à son siège ou dans ses Agences, au traitement ou à la transformation des minerais, une étude d'impact environnemental simplifiée, couvrant notamment l'emplacement du comptoir dans un endroit approprié pour éviter la contamination humaine et écologique ainsi qu'un dispositif de traitement de déchets et de gaz nuisible, est exigée avec l'obligation de présenter l'attestation de conformité environnementale avant le démarrage des

Ingingo ya 140:

Mu gihe ishirahamwe rikorera ivy'uguhingura ubutare canke ivy'ukubukuramwo ibindi bintu ahari icicaro caryo canke ahari amashami yaryo, ivyigwa bibayabaye vyerekana ingaruka ku bidukikije, muri ivyo vyigwa hakerekanwa nk'ikibanza kibereye coshirwamwo ishirahamwe mu kwirinda gutosekaza ubuzima bw'abantu n'imibereho y'ibinyabuzima n'aho biba hamwe n'ibikoresho bihingura imyanda n'ivyuka bibangamira ibinyabuzima, bitegerezwa kugirwa hagatangwa n'urwandiko rwerekana ko ibidukikije vyubahirijwe

activités.

Article 141 :

En application de l'article 98 du Code minier, l'Agence tient une base de données des actionnaires des comptoirs d'achat et de vente des substances minérales extraites artisanalement au Burundi.

Article 142 :

Lors de la demande de renouvellement, seuls les éléments du dossier ayant changé sont annexés à la demande.

Le demandeur doit en outre présenter :

1° Les quittances de paiement de taxes, des redevances nécessaires et de paiement des droits requis en cas de demande de renouvellement ;

2° Les preuves de rapatriement des devises provenant de tout le produit d'exportation constituées notamment des preuves de transferts bancaires ;

3° Une attestation de non redevabilité fiscale ;

4° Les états financiers tels le compte de résultats de l'exercice précédant ou du premier exercice, le bilan et les annexes certifiés par un auditeur agréé par l'Office burundais des recettes.

imbere yuko ibikorwa bitangura.

Ingingo ya 141:

Hakurikijwe ingingo ya 98 yo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kija kiratorokanya ivyerekeye abafise imitahe mu mashirahamwe agura akongera akagurisha ubutare bwacukuwe hakoreshejwe uburyo bubayabaye mu Burundi.

Ingingo ya 142:

Mu gihe c'ugusaba kwongererezwa ikiringo c'ugukora, ivyahinduwe mw'idosiye ni vyo vyonyene biherekeza urwo rwandiko rw'ugusaba.

Uwubisaba ategerezwa gushikiriza kandi ibi bikurikira:

1° Ibitansi yarihiyeko amatagisi, amakori nkenerwa n'ivyo yarihiyeko amafaranga asabwa mu gihe asaba kwongererezwa ikiringo c'uruhusha;

2° Ivyemeza ko amafaranga y'agaciro yose ava mu vyashowe mu mahanga yatahukanywe mu gihugu, bigizwe ahanini n'ivyemeza ko amafaranga yakuwe mu mabanki yo hanze akimurirwa mu yo mu gihugu;

3° Urwandiko rwemeza ko ishirahamwe ridaheranye ikori;

4° Ingene ubutunzi bwifashe nk'icegeranyo cerekana umwimbu w'ishirahamwe c'umwaka uheruka canke ic'umwaka wa mbere atanguye gukora, icegeranyo c'ivyaranguwe n'imperekeza zavyo vyemejwe n'umusuzumyi w'ikigega yemewe n'lkigo kijejwe gutorokanya amakori n'amatagisi mu Burundi.

Section 3. Des droits et des obligations du titulaire du permis d'exploitation artisanale et l'agrément d'un comptoir d'achat et d'exportation de substances minérales

Article 143 :

Le permis d'exploitation artisanale confère à son titulaire un droit de procéder à toute opération de concentration et de traitement artisanal des substances minérales pour lesquelles il a été délivré avant leur commercialisation auprès des comptoirs agréés.

L'exploitation artisanale des substances minérales est un acte commercial.

Article 144 :

Le permis d'exploitation artisanale est un droit conféré aux coopératives légalement constituées. Les modalités d'entrée et de sortie dans la coopérative sont fixées par ses statuts et son règlement d'ordre intérieur.

Article 145 :

Lorsque le permis de recherche est antérieur au permis d'exploitation artisanale, ce dernier ne peut être octroyé par le Ministre que moyennant un accord en forme authentique du titulaire du permis de recherche qui précise les conditions de coopération entre eux. Ces conditions ne peuvent en aucun cas stipuler le paiement d'une redevance ou la cession d'une partie de sa production. La dénonciation de l'accord par le titulaire du permis de recherche adressée au Ministre par le biais de l'Agence, avec accusé de réception, entraîne la suspension immédiate des activités d'exploitation.

Agace ka 3. Uburenganzira bwa nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye n'ivyo ategerejwe hamwe n'ukwemerera gukora ishirahamwe rigura rikongera rigashorera mu bindi bihugu ubutare bwacukuwe hakoreshejwe uburyo bubayabaye

Ingingo ya 143:

Uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye ruronsa uwaruhawe uburenganzira bw'ukuyungurura ubutare uruhusha rwatangiwe n'ukubuhingura hakoreshejwe uburyo bubayabaye imbere y'ukubudandaza ku mashirahamwe agura akongera akagurisha ubutare yemewe n'amategeko.

Ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye ni igikorwa c'ubudandaji.

Ingingo ya 144:

Uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye ni uburenganzira buhabwa amakoperative yashinzwe hakurikijwe amategeko. Uburyo bw'ukwinjira n'ukuva mw'ikoperative bushingwa n'amategeko ntunganyabikorwa y'ikoperative.

Ingingo ya 145:

Mu gihe uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi ari rwo rwatanguye gutangwa imbere y'uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye, urwo ruhusha rw'ugucukura ubutare rutangwa n'Umushikiranjanji ari uko gusa nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi avyemeye abicishije mu masezerano yemejwe n'uwuserukira Reta atomora ingene nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi na nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare bakorana. Ivy'ingene bakorana nta na rimwe bishobora kubamwo ivyerekeye kumuriha amafaranga canke kumuha igice c'ubutare bwacukuwe. Iyo nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi yandikiye Umushikiranjanji ikete ry'ukwidohora mu masezerano, ritangirwa icemeza ko ryashikirijwe abicishije mu gisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare, rugatangirwa n'urwandiko rwerekana ko rwakiriwe, bituma ibikorwa vy'ugucukura ubutare bica bihagarikwa.

Article 146 :

Lorsque le permis de recherche est postérieur au permis d'exploitation artisanale, ce dernier ne doit pas faire obstacle aux activités de recherche. Toutefois, le titulaire du permis de recherche doit mener ses travaux de façon à ne pas perturber l'exploitation artisanale. De même, le permis d'exploitation artisanale n'est renouvelable que suivant les modalités prévues à l'article 145.

Article 147 :

Tout manquement aux obligations prévues aux articles 129 et 130 du présent règlement entraîne la déchéance du permis d'exploitation artisanale.

Article 148 :

Les comptoirs d'achat et d'exportation de substances minérales d'exploitation artisanale sont tenus de déclarer leurs exportations. La mise sous scellé du produit à exporter est effectuée conjointement par la Direction des mines et l'Office burundais des recettes.

L'Agence fixe les quantités minimales par produit pour chaque lot d'exportation.

Article 149 :

Le Comptoir d'achat et d'exportation de substances minérales d'exploitation artisanale est tenu de :

- 1° Commencer les travaux dès la délivrance de l'agrément ;
- 2° Payer les impôts, les redevances et les taxes prévus par la législation burundaise ;

Ingingo ya 146:

Mu gihe uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi rwatanzwe inyuma y'uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye, urwo ruhusha rw'ugucukura ntirutegezwa kubera intambanyi ibikorwa vy'ubushakashatsi. Ariko, nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi ategerezwa kurangura ibikorwa vyawe ataburagije igikorwa c'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye. Vyongeye, uruhusha rw'ugucungera ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye rwongerezwa ikiringo ari uko hisunzwe uburyo butegekanijwe mu ngingo ya 145.

Ingingo ya 147:

Ukurenga ku bitegerejwe bitegekanijwe mu ngingo ya 129 n'ya 130 z'iri tegeko bituma uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye ruhagarikwa.

Ingingo ya 148:

Amashirahamwe agura akongera agashorera mu bindi bihugu ubutare bwacukuwe hakoreshejwe uburyo bubayabaye ategerezwa kumenyesha ubutare ashoye mu bindi bihugu. Ugushira ivyugazo ku butare bushorwa mu bindi bihugu bigirwa n'Ubuyobozi bujewe ubutare bufadikanije n'ikigo c'igihugu kijejwe gutororokanya amakori n'amatagisi.

Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kirashinga ingene urugero rutoyi rw'ubutare rungana ku muce umwumwe wose w'ubutare bumwebumwe bwose bushorwa mu bindi bihugu.

Ingingo ya 149:

Ishirahamwe rigura rikongera rigashorera mu bindi bihugu ubutare bwacukuwe hakoreshejwe uburyo bubayabaye ritegezwa:

- 1° Gutangura ibikorwa akironka uruhusha ;
- 2° Kuriha amakori, amafaranga atozwa n'amatagisi ategekanijwe n'amategeko y'Uburundi;

- | | |
|--|--|
| <p>3° Rapatrier les devises conformément à la législation en vigueur ;</p> <p>4° Fixer et publier les mesures de sécurité des travailleurs et des tiers ;</p> <p>5° Tenir les différents registres du personnel, des accidents et de leur déclaration, des achats et des ventes des minerais ainsi que de tout autre registre fixé par l'Administration des mines ;</p> <p>6° Se soumettre aux inspections par les services habilités de l'Administration des mines.</p> | <p>3° Gutahukana mu gihugu amafaranga y'agaciro hisunzwe amategeko asanzwe akurikizwa;</p> <p>4° Gushinga no gutangaza ingingo zijanye n'umutekano w'abakozi hamwe n'uw'abandi bantu;</p> <p>5° Kuja aruzuzwa ibitabu bitandukanye vyandikwamwo abakozi, impanuka n'ukuzimenyeshya, kwuzuzwa ibitabu vyandikwamwo umwimbu w'ubutare n'ubutare bwagurishijwe hamwe n'ukwuzuzwa igitabu ico ari co cose categekanijwe n'Ubushikiranjanji bujewe ivyerekeye ubutare;</p> <p>6° Kwemera kugenzurwa n'ibisata bibifitiye ububasha vyo mu Bushikiranjanji bujewe ivyerekeye ubutare.</p> |
|--|--|

Les comptoirs d'achat et d'exportation de substances minérales d'exploitation artisanale sont tenus aux obligations légales en matière de traçabilité- certification des minerais.

Amashirahamwe agura akongera agashorera mu bindi bihugu ubutare bwacukuwe hakoreshejwe uburyo bubayabaye ategerezwa kwubahiriza ibitegerejwe n'amategeko mu vyerekeye ugukurikirana inzira ubutare bwagiye buracamwo n'ukuronderera ubutare urwandiko rwemeza ko bukwije ibisabwa n'amategeko.

CHAPITRE II. DES CARRIERES

IGICE CA II. IVYEREKEYE AMAKARIYERI

Section 1. Des dispositions communes

Agace ka 1. Ingingo rusangi

Article 150 :

Les carrières visées à l'article 4 du présent règlement peuvent être exploitées artisanalement ou industriellement.

Ingingo ya 150:

Amakariyeri avugwa mu ngingo ya 4 y'iri tegeko ashobora gucukurwa hakoreshejwe uburyo bubayabaye canke buhanitse.

Outre les moyens d'exploitation, la distinction se base sur le volume extrait et sur la production annuelle.

Kiretse uburyo bukoreshwa mu gucukura, irindi tandukaniro rifatira ku rugero rw'ikariyeri icukurwa no ku mwimbu uboneka ku mwaka.

Article 151 :

La demande de permis d'exploitation des carrières est adressée par écrit au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la Direction générale de la géologie et des mines.

Ingingo ya 151:

Ikete ry'ugusaba uruhusha rw'ugucukura amakariyeri rushikirizwa Umushikiranjanjimu makopi atatu, imwe igenewe Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare iyindi na yo igenewe Ubuyobozi bukuru bujewe ubutare

Pour les personnes physiques, les documents suivants sont annexés à la lettre de demande :

- 1° L'attestation d'identité complète ;
- 2° L'accord écrit et authentifié publique compétente lorsque le terrain appartient à l'Etat ;
- 3° L'accord écrit et authentifié entre le propriétaire du sol et le demandeur, lorsque le terrain appartient à une tierce personne ;
- 4° Le nom, l'adresse et l'identité du gérant ;
- 5° Le registre de commerce ;
- 6° Le numéro d'identification fiscale ;
- 7° L'attestation de non redevabilité fiscale ;
- 8° Les substances pour lesquelles le permis est demandé ;
- 9° La carte du périmètre demandé avec les coordonnées géographiques, à l'échelle de 1/50.000, délivrée par le service du Cadastre minier ;

10° Le programme des travaux proposés ;

11° Les justifications des capacités techniques et financières.

Pour les personnes morales, les documents suivants sont annexés à la lettre de demande :

- 1° L'accord écrit et authentifié publique compétente lorsque le terrain appartient à l'Etat ;

n'agataka.

Iyo ari bantu, inzandiko zikurikira ni zo ziherekeza ikete ry'ugusaba uruhusha:

1° Urwandiko rudondora umuntu;

2° Amasezerano yanditse kandi yemejwe n'uwuserukira Reta mu gihe itongo ari irya Reta;

3° Amasezerano yanditse kandi yemejwe n'uwuserukira Reta agirwa hagati ya nyene ubutaka n'uwusaba uruhusha, mu gihe itongo ar'iry'umuntu;

4° Izina ry'uwutunganya ishirahamwe, aho abarizwa n'ibimuranga;

5° Igitabu c'ubudandaji;

6° Inomero ndangamutozwakori;

7° Urwandiko rwemeza ko adaheranye ikori;

8° Ubwoko bw'ubutare busabirwa uruhusha;

9° Ikarata yerekana akarere kasabiwe uruhusha iriko ibiharuro vyerekana aho ako karere gaherereye, ku ngereranyo ya 1/50.000, itangwa n'igisata kijejwe gutororokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare;

10° Indinganizo y'ibikorwa bitegekanywa kurangurwa;

11° Ivyerekana ubushobozi afise mu vy'ubuhinga n'amafaranga;

Iyo ari amashirahamwe, inzandiko zikurikira ni zo ziherekeza ikete ry'ugusaba uruhusha:

- 1° Amasezerano yanditse kandi yemejwe n'uwuserukira Reta mu gihe itongo ari irya Reta;

- | | |
|--|---|
| 2° L'accord écrit et authentifié entre le propriétaire du sol et le demandeur, lorsque le terrain appartient à une tierce personne ; | 2° Amasezerano yanditse kandi yemejwe n'uwuserukira Reta agirwa hagati ya nyene ubutaka n'uwusaba uruhusha, mu gihe itongo ar'iry'umuntu; |
| 3° Une copie certifiée conforme à l'original des statuts de la société ; | 3° Ikopi yemejwe ko isa n'urwandiko rw'imvaho y'amategeko ngenderwako y'ishirahamwe; |
| 4° Le nom, l'adresse et l'identité du mandataire ou du gérant ; | 4° Izina ry'icariho canke uwutunganya ishirahamwe, aho abarizwa n'ibimuranga ; |
| 5° L'acte certifié authentifié émanant de l'organe compétent en vertu des statuts désignant le mandataire ou le gérant ; | 5° Urwandiko rwemejwe n'uwuserukira Retahisunzwe amategeko ngenderwako akena icariho canke uwutunganya ishirahamwe; |
| 6° Le registre de commerce ; | 6° Igitabu c'ubudandaji; |
| 7° Le numéro d'identification fiscale ; | 7° Inomero ndangamutozwakori; |
| 8° L'attestation de non redevabilité fiscale ; | 8° Urwandiko rwemeza ko ishirahamwe ridaheranye ikori; |
| 9° Les substances pour lesquelles le permis est demandé ; | 9° Akamere k'ubutare busabirwa uruhusha; |
| 10° La carte du périmètre demandé avec les coordonnées géographiques, à l'échelle de 1/50.000, délivrée par le Cadastre minier ; | 10° Ikarata yerekana akarere kasabiwe uruhusha iriko ibiharuro vyerekana aho ako karere gaherereye, ku ngereranyo ya 1/50.000, itangwa n'igisata kijejwe gutororokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rwo gucukura ubutare; |
| 11° Le siège social de la société et son adresse. | 11° Icaro c'ishirahamwe n'aho ribarizwa. |

Article 152 :

En cas d'expropriation du propriétaire du sol en vue d'une exploitation industrielle de la carrière, l'indemnisation a lieu à l'amiable ou, à défaut, selon la législation en vigueur.

A défaut d'entente, l'Agence fixe la valeur de l'indemnisation en fonction des usages, de l'équité et de la législation en vigueur.

Ingingo ya 152:

Mu gihe nyene itongo aryatswe kugira ricukurwemwo ikariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse, umuzibukiro ushingwa biciye mu mwumvikano canke bitagenze uko ushingwa hisunzwe amategeko asanzwe akurikizwa.

Hatabaye umwumvikano, igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kirashinga umuzibukiro hisunzwe ibisanzwe bigirwa, ukutarenganya n'amategeko asanzwe akurikizwa.

L'indemnité est payée préalablement à l'expropriation.

Umuzibukiro utangwa imbere y'ukwakwa itongo.

Article 153 :

Le permis d'exploitation est délivré sur présentation de la preuve de paiement de tous les droits y afférents.

Ingingo ya 153:

Uruhusha rw'ugucukura ikariyeri rutangwa herekanywe ivyemezo ko amafaranga yose bijanye yarishwe.

Dès l'obtention du permis, le titulaire est tenu d'effectuer une étude d'impact environnemental avec obligation de présenter l'attestation de conformité environnementale avant le démarrage des activités d'exploitation.

Kuva nyene uruhusha aruronse, ategerezwa kugira ivyigwa vyerekeye inkurikizi ku bidukikije agategerezwa kwerekana urwandiko rwemeza ko ibikorwa agira arangure vyubahiriza ibidukikije imbere yuko ibikorwa vy'ugucukura bitangura.

Article 154 :

Lors de la demande de renouvellement, seuls les éléments du dossier ayant changé sont annexés à la demande.

Ingingo ya 154:

Mu gihe c'ugusaba kwongererezwa ikiringo c'ugukora, ivyahinduwe mw'idosiye ni vyo vyonyene biherekeza urwo rwandiko.

Le demandeur doit en outre présenter :

Uwubisaba ategerezwa gushikiriza kandi ibi bikurikira:

1° Les quittances de paiement de taxes, de redevances nécessaires et de paiement de droits requis en cas de demande de renouvellement ;

1° Ibitansi yarihiyeko amatagisi, amakori nkenerwa n'ivyo yarihiyeko amafaranga asabwa mu gihe asaba kwongererezwa ikiringo c'uruhusha;

2° Une attestation de non redevabilité fiscale ;

2° Urwandiko rwemeza ko ishirahamwe ridaheranye ikori;

3° Les états financiers tels le compte de résultats de l'exercice précédant ou du premier exercice, le bilan et les annexes certifiés par un auditeur agréé par l'Office burundais des recettes.

3° Ingene ubutunzi bwifashe nk'icegeranyo cerekana umwimbu w'ishirahamwe c'umwaka uheruka canke ic'umwaka wa mbere atanguye gukora, icegeranyo c'ivyaranguwe n'imperekeza zavyo vyemejwe n'umusuzumyi w'ikigega yemewe n'lkigo kijejwe gutororokanya amakori n'amatagisi mu Burundi.

Article 155 :

Lorsqu'un permis d'exploitation de carrière arrive à expiration avant que l'ordonnance de renouvellement n'intervienne sur une demande recevable déposée conformément à l'article 154, le renouvellement est considéré comme accepté.

Ingingo ya 155:

Igihe ikiringo c'uruhusha rw'ugucukura ikariyeri kirangiye imbere yuko hasohoka itegeko nshikiranganji ry'ukurwongerereza ikiringo nk'uko nyenerwo aba yarabisavye mw'ikete yatanze hisunzwe uko bitegekanijwe mu ngingo ya 154, bifatwa ko uruhusha rwongererejwe ikiringo.

Article 156 :

Dès l'arrivée des agents de l'Administration des mines dans le périmètre d'exploitation pour le suivi des travaux, le titulaire du permis d'exploitation de carrière doit mettre à leur disposition les moyens nécessaires pour l'accès et le parcours des chantiers d'exploitation.

Le titulaire du permis doit leur fournir tous renseignements sur l'état de l'exploitation et mettre à leur disposition un guide capable de leur donner toutes les informations utiles.

Le Ministre peut faire des observations pertinentes sur la manière dont les activités du titulaire sont menées en vue des améliorations éventuelles.

Article 157 :

A l'expiration d'un permis d'exploitation, les parties sont déliées de toutes obligations. Toutefois, le titulaire doit exécuter, à ses frais, les travaux en vue de la sécurité publique, de la réhabilitation du site conformément aux prescriptions relatives à la protection de l'environnement et de la conservation de la carrière et de l'isolement des divers niveaux perméables.

La réhabilitation des sites a lieu au fur et à mesure de l'évolution des travaux d'exploitation à charge du titulaire du permis et constitue, dans la comptabilité du titulaire du permis d'exploitation, une charge déductible.

Ingingo ya 156:

Abakozi bo mu Bushikiranganji bujewe ubutare bagishika mu karere gacukurwamwo ubutare kugira bakurikirane ibikorwa, nyene uruhusha rw'ugucukura ikariyeri ategerezwa kubaha uburyo bwose bukenewe kugira bashobore gushika ahabera ibikorwa n'ugusuzuma ahabera ibikorwa vy'ugucukura ubutare.

Nyene uruhusha ategerezwa kubaha inkuru zose zerekeye aho ibikorwa vy'ugucukura ubutare bigeze n'ukubaha uwubarongora ashobora kubaha inkuru zose ngirakamaro.

Umushikiranganji arashobora kugira ibikurubikuru ashikirije ku kugene ibikorwa vya nyene uruhusha biriko birarangurwa, mu ntumbero yo gushikiriza ivyorushirizwaho gukorwa neza.

Ingingo ya 157:

Uruhusha rw'ugucukura ubutare rurangiye, abagiraniye amasezerano baba bakuweco ivyo bategerezwa. Ariko, nyene uruhusha ategerezwa, akoresheje amafaranga yiwe, kurangura ibikorwa vy'ugukingira umutekano w'abantu n'ibintu, ugutunganya neza ikibanza cahora gicukurwamwo amakariyeri hisunzwe ibitegekanijwe bijanye n'ugukingira ibidukikije hamwe n'ukubungabunga ahahora hacukurwa amakariyeri n'ugukingira mu buryo bwose bushoboka ibibanza binyengeterwa n'amazi.

Ibikorwa vy'ugutunganya neza ibibanza vyahora bicukurwamwo amakariyeri bija biragirwa na nyene uruhusha uko ibikorwa vy'ugucukura bibandanya kandi amafaranga bisaba arihwa na nyene uruhusha rw'ugucukura, akazoyaharurirwa mw'ikori azoriha.

Section 2. Des carrières industrielles

Article 158 :

La demande de permis d'exploitation de carrière industrielle ou de son renouvellement, déposée conformément à l'article 151 du présent règlement, est instruite par l'Agence endéans dix jours et donne rapport au Ministre pour décision. L'octroi ou le refus motivé doit intervenir endéans soixante jours. Le permis d'exploitation de carrière industrielle est publié au Bulletin officiel du Burundi et sur le site Internet du Ministère. Il est enregistré et conservé par le service du Cadastre minier qui lui délivre un certificat d'exploitation.

Article 159 :

Le permis d'exploitation de carrière industrielle est un droit conféré à titre personnel. Tout changement de titulaire du droit entraîne sa déchéance.

Article 160 :

Le permis d'exploitation de carrière industrielle confère à son titulaire un droit de procéder à toute opération de transformation des substances minérales pour lesquelles il a été délivré avant leur commercialisation.

L'exploitation de carrière industrielle est un acte commercial.

Article 161 :

Outre les obligations prévues aux articles 114 et 117 du Code minier, le titulaire d'un permis d'exploitation de carrière est tenu de :

- 1° Commencer les travaux dans les délais prescrits par l'ordonnance d'octroi et sans

Agace ka 2. makariyeri acukurwa hakoreshejwe uburyo buhanitse

Ingingo ya 158:

Idosiye y'ugusaba uruhusha rw'ugucukura ikariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse canke iy'ugusaba kwongerereza ikiringo c'uruhusha, ishikirizwa hisunzwe ingingo ya 151 y'iri tegeko, yihwezwa n'Igisata mu minsi itarenga icumi kigaca gishikiriza icegeranyo Umushikirananganjigira ngo afate ingingo. Ugutanga uruhusha canke ukwima uruhusha uwarusavye bitangiwe imvo bitegerezwa kugirwa mu minsi itarenga mirongo itandatu. Uruhusharw'ugucukura amakariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse ruratangazwa mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi no ku rubuga mvajuru rw'Ubushikirananganji. Rurandikwa rukongera rugashingurwa n'Igisata gitororokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare giha nyene uruhusha urwandiko rwemeza ko arekuriwe gucukura amakariyeri.

Ingingo ya 159:

Uruhusha rw'ugucukura amakariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse ni uburenganzira bukoreshwa n'ishirahamwe ryonyene ryaruhawe. Igihe cose hahindutse nyene uburenganzira bituma urwo ruhusha ruhagarikwa.

Ingingo ya 160:

Uruhusha rw'ugucukura amakariyeri hakoreshejwe ubuhinga buhanitse ruha nyene rwo uburenganzira bwo gukora igikorwa cose c'ugucukura ibindi bintu mu makariyeri uruhusha rwatangiwe imbere y'ukubidandaza.

Ugucukura amakariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse ni igikorwa c'ubudandaji.

Ingingo ya 161:

Kiretse ibitegerejwe bitegekanijwe mu ngingo ya 114 n'ya 117 zo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, nyene uruhusha rw'ugucukura amakariyeri ategerezwa:

- 1° Gutangura ibikorwa mu biringo bitegekanijwe n'itegeko nshikirananganji ritanga uruhusha kandi

- | | |
|--|--|
| dépasser trois mois ; | ntiharengwe amezi atatu bitaratangura ; |
| 2° Poursuivre les travaux avec diligence ; toute interruption dépassant deux mois consécutifs doit requérir l'autorisation du Ministre en charge des mines ; | 2° Kubandanya ibikorwa akabinyarutsa; uguhagarika kwose ibikorwa mu kiringo kirenza amezi abiri akurikirana bitegerezwa gutangirwa uruhusha n'Umushikiranganji ajejwe ubutare; |
| 3° Payer les impôts, les redevances et les taxes prévus par la législation burundaise ; | 3° Kuriha amakori, amafaranga atozwa n'amatagisi ategekanijwe n'amategeko y'Uburundi; |
| 4° Fixer et publier les mesures de sécurité ; | 4° Gushinga no gutangaza ingingo zijanye n'umutekano; |
| 5° Suivre les normes généralement admises dans la construction des infrastructures ; | 5° Gukurikiza amategeko asanzwe akurikizwa mu kwubaka; |
| 6° Se soumettre aux inspections par les services habilités de l'Administration des mines. | 6° Kwemera kugenzurwa n'ibisata bibifitiye ububasha vyo mu Bushikiranganji bujejwe ivyerekeye ubutare. |

Le titulaire du permis d'exploitation de carrière industrielle est tenu en outre à la mise en valeur intégrale des réserves des substances minérales identifiées en utilisant des méthodes d'exploitation rationnelle permettant la protection du gisement et le respect de l'environnement.

Nyene uruhusha rw'ugucukura amakariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse ategerezwa kandi gucukura amakariyeri yose azwi ko ahari akoresheje uburyo bw'ugucukura bubereye butuma hakingirwa ikibanza kirimwo amakariyeri ngirakamaro kandi hakubahirizwa n'ibidukikije.

Article 162 :

L'exploitation rationnelle exige au titulaire quelques préalables:

Ingingo ya 162:

Ikorwa c'ugucukura ubutare mu buryo bubereye hari ivyo nyene uruhusha abanza:

- | | |
|--|---|
| 1° Démontrer une meilleure connaissance du gisement confirmée par l'étude de faisabilité ; | 1° kwerekana ko azi neza ikibanza kirimwo ikariyeri ngirakamaro cemejwe n'ivyigwa vy'ugupima ko ikariyeri ashobora gucukurwa; |
| 2° Sélectionner et adopter des méthodes d'exploitation permettant la récupération intégrale des substances ; | 2° Guhitamwo no kwemeza uburyo bw'ugucukura butuma ikariyeri ngirakamaro icukurwa yose; |
| 3° Choisir des méthodes de traitement permettant la récupération de tous les composants utiles ; | 3° Guhitamwo uburyo bw'uguhingura ikariyeri butuma hashobora gukurwa mu makariyeri yimbwe ibifise akamaro vyose; |
| 4° Veiller à la protection du gisement contre la dégradation ; | 4° Kwitwararika gukinga kugira ahari ikariyeri ngirakamaro ntihatituke ; |
| 5° Etablir un plan de gestion des rejets | 5° Gutegura indinganizo y'ugutunganya ibiba |

d'exploitation ;
6° Effectuer une étude d'impact environnemental et un plan de gestion y relatif.

Article 163 :

Le permis d'exploitation de carrière industrielle porte sur un périmètre déterminé, en forme de polygone, composé de carrés miniers contigus sous réserve des frontières du territoire national en tenant compte des zones réglementées.

Le service du Cadastre minier procède au bornage et délivre à cet effet une carte de délimitation au titulaire du permis.

Article 164 :

Le titulaire du permis d'exploitation de carrière industrielle est tenu d'entreposer les produits extraits dans des sites clôturés et aménagés à cette fin, situés aux alentours des lieux de chargement.

Il est également tenu d'afficher les caractéristiques techniques des produits en vue d'éclairer les utilisateurs.

Section 3. Des carrières artisanales

Article 165 :

La demande de permis d'exploitation de carrière artisanale ou de son renouvellement, déposée conformément à l'article 151 du présent règlement, est instruite par l'Agence endéans cinq jours et donne rapport au Ministre pour décision. L'octroi ou le refus motivé doit intervenir endéans trente jours.

vyatawe mu gihe ikariyeri imaze gucukurwa ;
6° Kugira ivyigwa vyerekeye inkurikizi ku bidukikije n'indinganizo bijanye y'ukubitunganya.

Ingingo ya 163:

Uruhusha rw'ugucukura ikariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse rwerekeye akarere kanaka, kimeze nk'iporigone, igizwe n'udukwadrato tw'ikariyeri tumananye hatarenzwe imbibe z'igihugu kandi hubahirijwe uturere dufise amategeko adukingira.

Igisata kijejwe gutororokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare kirashinga uturimbi kigaca giha nyene uruhusha ikarata yerekana aho akarere acukuramwo ikariyeri kagarukira.

Ingingo ya 164:

Nyene uruhusha rw'ugucukura ikariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse ategerezwa gushira ivyacu ku mu bibanza bizitiye kandi vyatunganirijwe ico gikorwa, vyegereye aho bipakirirwa.

Ategerezwa kandi kwerekana ibiranga ivyacu ku mu kugira ababikoresha bamenye ivyo ari vyo.

Agace ka 3. Icukurwa ry'amakariyeri hakoreshejwe uburyo bubayabaye

Ingingo ya 165:

Idosiye y'ugusaba uruhusha rw'ugucukura ikariyeri hakoreshejwe uburyo bubayabaye canke iy'ugusaba kwongerereza ikiringo c'uruhusha, ishikirizwa hisunzwe ingingo ya 151 y'iri tegeko, yihwezwa n'igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare mu minsi itarenga itanu kigaca gishikiriza icegeranyo Umushikirananyi kugira ngo afate ingingo. Ugutanga uruhusha canke ukwima uruhusha uwarusavye bitangiwe imvo bitegerezwa kugirwa mu minsi itarenga mirongo itatu.

Article 166 :

Le permis d'exploitation de carrière artisanale porte sur un périmètre ne dépassant pas un hectare, en forme de polygone, composé de carrés miniers.

Le service du Cadastre minier procède au bornage et délivre à cet effet une carte de délimitation au titulaire du permis.

Article 167 :

Le permis d'exploitation de carrière artisanale confère à son titulaire un droit de procéder à toute opération de transformation des substances minérales pour lesquelles il a été délivré avant leur commercialisation.

L'exploitation de carrière artisanale est un acte commercial

TITRE IV. DES RELATIONS DES TITULAIRES DES TITRES MINIERS, DES PERMIS D'EXPLOITATION ARTISANALE DES MINES ET DES CARRIERES ENTRE EUX, ET AVEC LES PROPRIETAIRES DU SOL

CHAPITRE I^{er}. DES RELATIONS ENTRE TITULAIRES DE TITRES MINIERS, DE PERMIS D'EXPLOITATION ARTISANALE DES MINES ET DES CARRIERES ENTRE EUX

Article 168 :

Lorsque les travaux d'exploitation d'une mine occasionnent des dommages à l'exploitation d'une mine voisine en raison des eaux qui pénètrent dans cette dernière en grande quantité, il y a, de ce seul fait, lieu à une

Ingingo ya 166:

Uruhusha rw'ugucukura ikariyeri hakoreshejwe uburyo bubayabaye rwerekeye akarere kanaka, kameze nk'iporigone, igizwe n'udukwadrato tw'ikariyeri.

Igisata kijejwe gutororokanya inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare kirashinga uturimbi kigaca giha nyene uruhusha ikarata yerekana aho akarere acukuramwo ikariyeri kagarukira.

Ingingo ya 167:

Uruhusha rw'ugucukura amakariyeri hakoreshejwe uburyo bubayabaye ruha nyene rwo uburenganzira bwo gukora igikorwa cose c'uguhingura ibindi bintu mu makariyeri uruhusha rwatangiwe imbere y'ukubidandaza.

Ugucukura amakariyeri hakoreshejwe uburyo bubayabaye ni igikorwa c'ubudandaji.

IKIGABANE CA IV. IVYEREKEYE IMIGENDERANIRE BENE INZANDIKO ZITANGA UBURENGANZIRA BW'UKUGIRA UBUSHAKASHATSI N'UGUCUKURA UBUTARE CANKE AMAKARIYERI, BENE IMPUSHA Z'UGUCUKURA UBUTARE CANKE AMAKARIYERI HAKORESHEJWE UBURYO BUBAYABAYE BAGIRANIRA HAGATI YABO N'IYO BAGIRANIRA NA BENE AMATONGO

IGICE CA MBERE. IVYEREKEYE IMIGENDERANIRE BENE INZANDIKO ZITANGA UBURENGANZIRA BW'UKUGIRA UBUSHAKASHATSI N'UGUCUKURA UBUTARE CANKE AMAKARIYERI, BENE IMPUSHA Z'UGUCUKURA UBUTARE CANKE AMAKARIYERI HAKORESHEJWE UBURYO BUBAYABAYE BAGIRANIRA HAGATI YABO

Ingingo ya 168 :

Mu gihe ibikorwa vy'ugucukura ubutare bitumye haba ivyononekara mu kindi kibanza gicukurwamwo ubutare bihereranye bitumwe n'amazi menshi ahatembera, ivyo vyonyene bishobora gutuma hatangwa indishi ishingwa mu

indemnité qui est fixée à l'amiable, en tenant compte des éventuels avantages résultant, par endroits ou par moments pour l'exploitation de la mine qui subit le dommage, d'un meilleur écoulement des eaux imputables aux travaux de la mine voisine considérée.

En cas d'échec du règlement à l'amiable, l'Agence est sollicitée pour arbitrage.

Article 169 :

Par voie d'ordonnance et sur recommandation de l'Agence saisie par les titulaires des mines voisines, le Ministre en charge des mines peut créer une bande frontalière de largeur raisonnable, dite investison, dans laquelle les travaux sont restreints ou interdits.

La création de cette bande frontalière ne donne droit à aucune indemnité aux titulaires en présence et respecte la délimitation équidistante en fonction des carrés et des périmètres miniers concernés.

Article 170 :

Lorsqu'il est nécessaire d'exécuter des travaux ayant pour but soit de mettre en communication des mines voisines pour les besoins de leur aérage ou de l'écoulement des eaux, soit d'ouvrir des voies d'aérage, d'écoulement des eaux, de transport ou de secours destinées au service des mines voisines, les titulaires des titres miniers considérés ne peuvent s'opposer à l'exécution de ces travaux et sont tenus d'y participer chacun proportionnellement à ses intérêts.

mwumvikano, hisunzwe inyungu yovuyemwo, hamwehamwe canke mu bihe bimwebimwe ku kibanza gicukurwamwo ubutare cononekaye kubera amazi, iyo amazi akoreshwa mu kibanza kirimwo ubutare bihereranye yari kuba yatemvye neza.

Mu gihe vyanse ko haba umwumvikano, bene ivyo bibanza bihereranye bitura Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutare kugira gifate ingingo ibereye.

Ingingo ya 169 :

Biciye mw'itegeko nshikiranganji kandi bisabwe n'Igisata kijejwe ugucungera ivyerekeye ubutarecituwe na bene ibibanza birimwo ubutare bihereranye, Umushikiranganji ajejwe ivyerekeye ubutare arashobora gushinga akarere gatandukanya ibibanza bibiri bicukurwamwo ubutare gafise ubwaguke bukwiye, kitwa itandukanirizo ry'ibibanza bibiri birimwo ubutare, muri ko ibikorwa bikaba bike canke bikabuzwa.

Ishingwa ry'ako karere ntirituma hatangwa indishi n'imwe kuri bene ibibanza bihereranye kandi rigirwa mu mangane hirya no hino y'urubibe hisunzwe udukaro tuhari n'uturere ducukurwamwo ubutare.

Ingingo ya 170 :

Mu gihe bikenewe kurangura ibikorwa bifise intumbero yaba iyo gutuma ibibanza bicukurwamwo ubutare bihereranye bihura kugira akayaga kaze canke amazi atembe, yaba iyo guca inzira y'umuyaga canke iy'amazi, iy'ukunguruza canke iy'ugutabara zikoreshwa mu bikorwa vyo mu bibanza bicukurwamwo ubutare bihereranye, bene inzandiko zitanga uburenganzira ku gataka karimwo ubutare n'amakariyeri ibikorwa vyerekeye ntibashobora kwanka ko bikorwa kandi bategerezwa kugiramwo uruhara hisunzwe inyungu y'umwe umwe wese.

CHAPITRE II. DES RELATIONS DES TITULAIRES DE TITRES MINIERES OU DES PERMIS D'EXPLOITATION ARTISANALE DES MINES ET DES CARRIERES AVEC LES PROPRIETAIRES DU SOL

Section 1. Des sujétions attachées aux titulaires des titres miniers dans leurs relations avec les propriétaires du sol et avec l'Etat

Article 171 :

Sous réserve des dispositions spéciales résultant d'autres lois, des périmètres de dimensions quelconques, à l'intérieur desquels la prospection, la recherche et l'exploitation des substances minérales ou de carrière sont soumises à certaines conditions ou simplement interdites, peuvent être établis partout où l'intérêt général l'exige, notamment pour la protection des édifices et des agglomérations, des lieux de culte ou de sépulture, des points d'eau, des voies de communications, des ouvrages d'art, des travaux d'utilité publique et des frontières nationales, sans que le titulaire puisse réclamer le paiement d'une quelconque indemnité à cet effet.

Une indemnité représentant le montant des dépenses afférentes aux travaux ou ouvrages démolis ou abandonnés est toutefois due au cas où le titulaire doit démolir ou abandonner des travaux ou ouvrages régulièrement établis par lui antérieurement à la classification de ces périmètres comme zones protégées ou interdites.

Article 172 :

Aucun travail de prospection, de recherche ou d'exploitation de substances minérales ou de carrière ne peut être ouvert, sans autorisation du Ministre, à la surface et dans un rayon de

IGICE CA II. IVYEREKEYE IMIGENDERANIRE BENE INZANDIKO ZITANGA UBURENGANZIRA BW'UKUGIRA UBUSHAKASHATSI N'UGUCUKURA UBUTARE CANKE AMAKARIYERI CANKE BENE IMPUSHA Z'UGUCUKURA UBUTARE CANKE AMAKARIYERI HAKORESHEJWE UBURYO BUBAYABAYE BAGIRANIRA NA BENE AMATONGO

Agace ka 1. Iryo bene inzandiko zitanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare canke amakariyeri bubahiriza mu migenderanire bagiranira na bene amatongo hamwe na Reta

Ingingo ya 171:

Hatirengagijwe ingingo zidasanzwe ziri mu yandi mabwirizwa, uturere dufise uburinganire ubwo ari bwo bwose, two gutatamwo, kugiramwo ubushakashatsi n'ugucukuramwo ubutare canke ikariyeri vyubahiriza ibisabwa bimwebimwe canke bikabuzwa, turashobora gushingwa aho hose bikenewe ku neza ya bose, nko mu gukingira inyubakwa n'ibisagara, ibibanza vy'ugusengeramwo canke amatongo y'abapfuye, ahari amazi, amabarabara, ivyubatswe vy'utugenegene, ibikorwa vy'ineza ya bose n'imbibe z'igihugu, nyene itongo adasavye indishi iyo ari yo yose ivyerekeye.

Indishi ihuye n'igitigiri c'amafaranga yakoreshejwe ibikorwa canke ayahuye n'ivyubatswe vyasambuwe canke vyahebwe irategerejwe igihe nyene itongo ategerezwa gusambura canke guheba ibikorwa canke ivyubatswe yari yahakoreye imbere yuko hashirwa ku rutonde rw'uturere dukingwiwe canke tubujijwe.

Ingingo ya 172:

Nta gikorwa na kimwe c'ugutata, c'ukugira ubushakashatsi canke ic'ugucukura ubutare canke ikariyeri gishobora gutangura hejuru kw'isi no mu karere kangana n'imetero ijana, hadatanzwe uruhusha rw'Umushikiranganji :

cent mètres :

- 1° Autour des propriétés closes de murs ou d'un dispositif équivalent, des villages, des groupes d'habitations, des puits, des édifices religieux, des lieux de sépulture et lieux considérés comme sacrés, sans le consentement du propriétaire et de la communauté locale;
- 2° De part et d'autre des voies de communication, des conduites d'eau et généralement, à l'entour de tous travaux d'utilité publique et ouvrages d'art.

Les mesures prévues au présent article sont prises par ordonnance conjointe du Ministre et des Ministres chargés des départements concernés.

Article 173 :

Lorsque des travaux d'intérêt général sont exécutés à l'intérieur d'un périmètre couvert par un titre minier ou un permis de carrière en cours de validité, une indemnité juste et préalable doit être versée à son titulaire par l'auteur de ces travaux.

Article 174 :

Le titulaire d'un titre minier peut, à l'intérieur du périmètre de son titre, entreprendre des travaux et activités, établir des installations et construire des bâtiments utiles ou annexes à la mise en œuvre des droits de recherche ou d'exploitation qu'il tient de ce titre. Il reste néanmoins assujéti au respect des dispositions de l'article 128 alinéa 2 du Code minier ainsi qu'à d'autres lois spécifiques y relatives.

Toutefois, le titulaire est tenu d'adresser une demande au Ministre en vue de l'obtention d'une autorisation particulière accordée par ordonnance pour les activités suivantes:

- 1° Ahakikuje amatongo azitijwe impome canke ikindi kintu gifatwa nk'ururhome, imihana, ibigwati, amariba, amasengeru, amatongo y'abapfuye n'ibindi bibanza vyubashwe, nyene itongo n'abanyagihugu bahaba batavyemeye;
- 2° Hirya no hono y'amabarabara, y'imiringoti y'amazi no muri rusangi, ahakikuje aharangurirwa ibikorwa vyerekeye ineza ya bose n'ivyubatswe vy'utugenegene.

Ibitegekanijwe muri iyi ngingo bishingwa n'itegeko nshikiranjanji rishirwako umukono n'Umushikiranjanji hamwe n'Abashikiranjanji bajejwe ibisata vyerekeye.

Ingingo ya 173:

Mu gihe hari ibikorwa vy'ineza ya bose birangurirwa mu karere katangiwe urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare canke uruhusha rw'ugucukura amakariyeri rutarangiza ikiringo, nyene kuhakorera ibikorwa ategerezwa kubanza guha nyene uruhusha indishi ibereye.

Ingingo ya 174:

Nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare arashobora mu karere afitiye urwandiko, gutanguza ibikorwa, gushiraho n'ukwubaka inzu zikenewe n'ibindi bifasha mu kugira ubushakashatsi ku vyo afitiye uburenganzira canke ukubicukura. Ariko, aguma yubahiriza ibitegekanijwe mu ngingo ya 128 mu gahimba ka 2 mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare hamwe n'ayandi mategeko avyerekeye.

Ariko, nyene urwandiko ategerezwagushikiriza ikete Umushikiranjanji kugira amuhe uruhusha, abicishije mw'itegeko nshikiranjanji, rw'ukurangura ibikorwa bikurikira:

- 1° Le dégagement du sol de tous les arbres, arbustes et autres obstacles et coupe du bois nécessaire aux activités du titulaire en dehors des terrains dont le titulaire a la propriété;
- 2° L'exploitation des chutes d'eau non utilisées ni réservées et aménagement de ces chutes pour les besoins de ses activités ;
- 3° L'implantation d'installations de préparation, de concentration ou de traitement chimique ou métallurgique;
- 4° La création ou l'aménagement de routes, des canaux, des pipelines, des canalisations, des convoyeurs ou d'autres ouvrages de surface servant au transport de produits en dehors des terrains dont le titulaire a la propriété ;
- 5° La création ou l'aménagement de chemins de fer, des ports et des aéroports.

1° Gukuraho ibiti vyose, ibiti bitobito n'izindi ntambamyi n'uguca ibiti aho nyene uruhusha adafitiye uburenganzira kugira nyene uruhusha ashobore kurangura ibikorwa vyawe neza :

2° Ugukoresha amasumo y'amazi atahora akoreshwa canke atari akingiwe n'ukuyatunganya kugira akoreshwe muri ivyo bikorwa ;

3° Ugushiraho ivyo guteguriramwo ubutare, ukubuyungururiramwo n'ukubuhingura hakoreshejwe ubuhinga bwa shimi canke biciye mu matanure;

4° Uguca amabarabara canke ukuyatunganya, imigende y'amazi, imiringoti itwara kure ibitemba, imiringoti, imashini zizungurukana ibintu canke ibindi vyubakwa vyose bica kw'isi bifasha mu gutwara ubutare biri aho nyene uruhusha adafitiye uburenganzira;

5° Uguca n'ugutunganya amabarabara y'indarayi, ibivuko n'ibibuga vy'indege.

Agace ka 2. Ububasha bukomoka ku nzandiko zitanga uburenganzira bw'ugucukura ubutare canke ku mpusha z'ugucukura ikariyeri

Ingingo ya 175 :

Kiretse ivyubatse vyashizweho hisunzwe ingingo ya 129 y'Igitabu c'amategako agenga ubutare kandi hatirengagijwe itegeko rikurikizwa, nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri arafise uburenganzira bw'ugushikira n'ugushobora gukoresha amabarabara, ibiraro, ibibuga vy'indege, ibivuko n'amabarabara y'indarayi, ivyubatswe bijanye n'ukwunguruza abantu n'ibintu canke ibindi, hamwe n'imiringoti y'amazi n'intsinga z'amatarara canke amayira yo gutumatamanako amakuru, vyashizweho canke vyatunganijwe n'ishirahamwe canke igisata cashinzwe canke kigenzurwa na Reta, kiretse ivya gisirikare, hatarinze kurihwa amafaranga arenga ku yasanze arihwa n'abarundi hamwe n'abanyamahanga, iyo abikeneye. Nyene urwandiko ategerezwa ariko

Section 2. Des prérogatives découlant des titres miniers ou des permis d'exploitation de carrière

Article 175 :

Outre les infrastructures réalisées en vertu de l'article 129 du Code minier et sous réserve de la loi applicable, le titulaire d'un titre minier a accès et peut faire usage des routes, des ponts, des terrains d'aviation, des installations portuaires et ferroviaires, des installations connexes de transport ou autres, ainsi que des canalisations d'eau et d'électricité ou des voies de communication, établies ou aménagées par un organisme ou une entité détenue ou contrôlée par l'Etat, à l'exception des Forces armées, sans avoir à payer des frais excédant ceux payés par les citoyens burundais et autres personnes étrangères, le cas échéant. Le titulaire doit cependant prendre à sa charge toute réparation ou frais de remise en état des

infrastructures appartenant à l'Etat résultant d'une utilisation excédant l'usure normale de ces installations.

Article 176 :

Les voies de communications établies ou aménagées par le titulaire d'un titre minier à l'intérieur ou à l'extérieur du périmètre de ce titre peuvent être utilisées par l'Etat ou par les tiers qui en feront la demande lorsqu'il n'en résulte aucun obstacle ni aucune gêne substantielle pour les activités du titulaire.

Les modalités de cette utilisation sont définies en accord avec les parties prenantes.

Article 177 :

Certaines infrastructures réalisées en vertu de l'article 129 du Code minier peuvent se faire dans le cadre d'un partenariat public-privé. Dans tous les cas, l'Etat agit soit directement soit par l'intermédiaire de toute entité qu'il contrôle.

Article 178 :

Les projets d'infrastructure sont soumis à un appel d'offres international compétitif et sont dans tous les cas conformes au schéma directeur des infrastructures de transport qui garantit l'accès des infrastructures à des tiers.

Article 179 :

Quel que soit le mode de financement, les infrastructures de transport tels les chemin de fer, les routes, les ponts, les portuaires, les aéroportuaires, les cités et leurs annexes, les canalisations d'eau et lignes de transport d'électricité, ainsi que toute autre immobilisation à perpétuelle demeure, à l'exception de l'outil de production, développées dans le cadre de la mise en valeur d'un titre minier, doivent être transférées à l'Etat gratuitement après leur amortissement comptable dans la limite maximale de vingt ans.

kuriha amafaranga y'ugukoresha ico ari co cose cononekaye canke amafaranga y'ugutunganya neza ivyubakwa vya Reta vyononekaye biturutse ku gukoresha birenze urugero rusanzwe.

Ingingo ya 176:

Amabarabara yubatswe canke yatunganijwe na nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri mu karere yaherewe urwo rwandiko canke ahatari muri ako karere arashobora gukoresha na Reta canke uwundi wese abisavye mu gihe ata ntambanyi ibonetse canke ata kibuzza ibikorwa vya nyene urwandiko.

Ingene ayo mabarabara akoreshwa bitomorwa abo vyega bavyumvikanye.

Ingingo ya 177:

Ivyubakwa bimwebimwe vyashizweho hisunzwe ingingo ya 129 y'lgitabu c'amategeko agenga ubutare birashobora kurangurwa hisunzwe amasezerano Reta igiranira n'abikorera utwabo. Uko biri kwose, Reta ni yo ibikora yo nyene canke ibicishije ku gisata cayo canke igenzura.

Ingingo ya 178:

Imigambi yerekeye ivyubakwa ica mw'itangazo mpuzamakungu ry'uguhiganirwa amasoko kandi ikaba yisunga ibisabwa n'integuro y'ingene ivyubakwa vy'ugutwara abantu n'ibintu bikoreshwa birekurira abandi bantu gushobora kubikoresha.

Ingingo ya 179:

Aho hose hova amafaranga akoreshwa, ivyubakwa vy'ugutwara abantu n'ibintu nk'amabarabara y'indarayi, amabarabara, ibiraro, ibivuko, ibibuga vy'indege, ibisagara n'ibice bifatanye na vyo imiringoti y'amazi n'intsinga z'amatara hamwe n'ibindi vyubakwa vyose bizogumaho, kiretse ibikoreho bikoreshwa mu guhingura, vyashizweho mu gushira mu ngiro ibiri mu rwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri, bitegerezwa guhabwa Reta ata mafaranga arishwe bimaze guharurirwa ko ata gaciro bigisigaranye mu kiringo kitarenze imyaka 20.

Ingingo ya 180:

Article 180 :

L'occupation des terrains, la coupe de bois et l'utilisation à l'intérieur du périmètre d'un titre se font selon les modalités prévues aux articles 128 et 131 du Code minier.

TITRE V. DES ZONES INTERDITES, PROTEGEES ET RESERVEES ET DES SUBSTANCES RADIOACTIVES

CHAPITRE 1er. DES ZONES INTERDITES, RESERVEES ET PROTEGEES

Article 181 :

La protection d'ouvrages publics, la sauvegarde de certaines zones d'habitat ou d'écosystèmes fragiles, la protection de tout site dans l'intérêt général à l'intérieur des périmètres d'activités minières ont lieu selon les mêmes modalités que celles prévues aux articles 171 et 172 du présent règlement.

Article 182 :

Outre les dispositions de l'article 132 du Code minier, le Ministre peut d'office ou à la demande du titulaire du titre minier ou de permis d'exploitation de carrière :

- 1° Définir autour des sites de travaux du titulaire une zone de protection dans laquelle les activités des tiers sont interdites en tout ou en partie ;

Ugukorera mu bibanza, uguca ibiti n'ugukorera mu karere katangiwe urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi n'ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri bigirwa hisunzwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 128 n'ya 131 z'Igitabu c'amategeko agenga ubutare.

IKIGABANE CA V. IVYEREKEYE UTURERE TUBUJIJWE KURANGURIRWAMWO IGIKORWA ICO ARI CO COSE, UDUKINGIWE N'UTUDAKOMAKOMWA HAMWE N'IBINTU BIRIMWO UBUTARE BUREKURA IMISHWARARA IRIMWO UBUMARA

IGICE CA MBERE. IVYEREKEYE UTURERE TUBUJIJWE KURANGURIRWAMWO IGIKORWA ICO ARI CO COSE, UDUKINGIWE N'UTUDAKOMAKOMWA

Ingingo ya 181:

Ugukingira ivyubatswe vyerekeye ineza ya bose, ukubungabunga uturere tumwetumwe tubamwo ibinyabuzima n'ibibanza mparirwabuzima bishobora kubangamirwa, ugukingira ikibanza ico ari co cose ku neza ya bose mu karere gacukurwamwo ubutare, bigirwa hisunzwe ibisabwa bimwe nk'ibitegekanijwe mu ngingo ya 171 n'ya 172 y'iri tegeko.

Ingingo ya 182:

Kiretse ibitegekanijwe mu ngingo ya 132 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, Umushikiranganji arashobora avyibwirije canke abisabwe na nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi n'ubw'ugucucukura ubutare canke amakariyeri canke neye uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri :

- 1° Gutomora akarere k'ugukingira ibibanza bikorerwamwo ibikorwa vya nyene urwandiko abandi babujijwe gukoreramwo ibikorwa vyose canke bimwebimwe;
- 2° Kubuza nyene uruhusha kurangura ibikorwa vy'ukugira ubushakashatsi n'ivy'ugucukura mu

2° Interdire, restreindre ou soumettre à certaines conditions, à l'intérieur du périmètre, l'exercice des travaux de recherche et d'exploitation par le titulaire dans les zones de sécurité qu'il établit autour des bâtiments et ouvrages ou au contraire autoriser certains travaux dans les zones de sécurité.

Article 183 :

Les zones instituées en vertu de l'article 134 du Code minier sont délimitées par le service du Cadastre minier et publiées sur le site Internet du Ministère.

CHAPITRE II. DES ZONES DE SUBSTANCES RADIOACTIVES

Article 184 :

Les substances radioactives visées sont l'uranium, le thorium, les autres substances radioactives et leurs dérivés.

Article 185 :

Les conditions particulières, sous lesquelles les titres miniers pour les substances radioactives sont délivrés, sont définies par Décret, sur proposition du Ministre.

Les conditions de détention, de transport et de stockage des substances radioactives sont fixées par Ordonnance conjointe des Ministres, de l'environnement et de la santé publique.

Article 186 :

Toute découverte d'indices ou de gîtes de substances radioactives doit immédiatement être déclarée à la Direction de la géologie.

karere kagenewe gukingirwa umutekano hirya no hino y'inyubakwa n'ivyubatswe, canke atari uko gutanga uruhusha rw'ukurangura ibikorwa bimwebimwe mukarere kagenewe gukingirwa, ukubigabanura hamwe no gushiraho ibisabwa bimwebimwe kugira birangurwe.

Ingingo ya 183:

Uturere twashinzwe hisunzwe ingingo ya 134 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare herekanwa aho tugera n'igisata kijewe itororokanirizo ry'inzandiko zerekana ahatangiwe uruhusharwo gucukura ubutare tukamenyekanishwa ku rubuga mvajuru rw'Ubushikiranjanji.

IGICE CA II. UTURERE TURIMWO UBUTARE BUREKURA IMISHWARARA IRIMWO UBUMARA

Ingingo ya 184:

Ubutare burekura imishwarara irimwo ubumara buvugwa ni iraniyumu, toriyumu n'ubundi butare burekura imishwarara y'ubumara hamwe n'ibihingurwa muri bwo.

Ingingo ya 185:

Ibisabwa, kugira inzandiko zitanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri zitangwe ku butare burekura imishwarara y'ubumara bitomorwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu abishikirijwe n'Umushikiranjanji.

Ibisabwa kugira umuntu atunge, atware, ashingure ubutare burekura imishwarara y'ubumara bishingwa n'itegeko nshikiranjanji riterwako umukono n'Umushikiranjanji ajejwe ubutare, uwujewe ibidukikije n'uwujewe amagara y'abantu.

Ingingo ya 186:

Ukubura ibimenyetso cerekana ubutare burekura imishwarara irimwo ubumara canke aho buri bitegerezwa ubwo nyene kumenyeshwa ubuyobozi bujejwe agataka.

IKIGABANE CA VI. IVYEREKEYE UGUKINGIRA IBIDUKIKIJE N'AMAGARA Y'ABANTU.

TITRE VI. DE LA PROTECTION DE L'ENVIRONNEMENT ET DE LA SANTE

CHAPITRE Ier. DES DISPOSITIONS COMMUNES

Article 187 :

Outre les dispositions du Code minier, toute activité minière entreprise doit obéir à la législation et à la réglementation en matière de protection et de gestion de l'environnement et en matière de santé. En particulier, toute activité minière ou de carrière ne peut débuter sans une étude d'impact environnemental et social agréée conformément au Code de l'environnement et ses textes d'application ainsi qu'aux standards internationaux admis en la matière.

Article 188 :

Les exigences de l'Administration des mines sont modulées en fonction de l'ampleur des travaux prévus, allant d'une simple notice d'impact environnemental pour un permis de recherches à une étude d'impact environnemental et social détaillée, accompagnée d'un plan de gestion environnemental et social, d'une étude de dangers, d'un plan d'hygiène-santé-sécurité et d'un plan de réinstallation des populations déplacées pour un permis d'exploitation.

Article 189 :

Le plan de réinstallation des populations déplacées par les opérations minières doit, en plus de l'aspect infrastructurel, intégrer la compensation des pertes de revenus et de moyens de subsistance à la suite de ces déplacements.

IGICE CA MBERE. INGINGO RUSANGI

Ingingo ya 187:

Kiretse ibitegekanyijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, igikorwa cose cerekeye ibijanye n'ubutare gitegekanywa gukorwa gitegerezwa kwubahiriza amabwirizwa n'amategeko yerekeye ugukingira n'ugutunganya ivyerekeye ibidukikije n'amagara y'abantu. Canecane, igikorwa cose cerekeye ibijanye n'ubutare canke n'ikariyeri ntigishobora gutangura ata cigwa cagizwe ku vyerekeye ingaruka ku bidukikije n'imibano cemejwe hisunzwe Igitabu c'amategeko agenga ibidukikije n'amategeko agishira mu ngiro hamwe n'amategeko mpuzamakungu yemewe yerekeye ivyo.

Ingingo ya 188:

Ibisabwa n'Ubushikiranganji bujejwe ubutare bishingwa hisunzwe ibikorwa bitegekanyijwe ivyo ari vyo, kuva ku rwandiko rwerekana muri make ingaruka ku bidukikije rusabwa ku ruhusha rw'ukugira ubushakashatsi gushika ku vyigwa bihanitse vyerekana ido n'ido ry'ingaruka ku bidukikije no ku mibano, biri kumwe n'indinganizo y'ivyotunganywa ku bidukikije no mu mibano, ivyigwa ku vyogeramira ivyo bikorwa, indinganizo ku vyerekeye isuku-amagara y'abantu n'umutekano n'indinganizo y'ukwimurira ahandi abanyagihugu bakuwe mu matongo yabo kubera uruhusha rw'ugucukura ubutare.

Ingingo ya 189:

Indinganizo y'ukwimurira ahandi abanyagihugu bakuwe mu matongo yabo n'ibikorwa vyerekeye ubutare itegerezwa, hambavu y'ibijanye n'inyubakwa zabo, gushiramwo inshumbusho y'agahombo bagize ku mafaranga bahora binjiza n'iy'uburyo bw'ukwibeshaho kubera bimuwe.

Ukububakira n'indishi bijanye bigirwa ku mafaranga y'ishirahamwe rikora ibijanye n'ubutare hisunzwe uburyo bikorwa butomorwa na Reta nayo igafatira ku ngingo mpuzamakungu zerekeye uruhara abanyagihugu vyerekeye bagira n'izerekeye ukubagisha inama.

L'installation ainsi que les compensations y afférentes sont assurées aux frais de la société minière suivant une procédure déterminée par le Gouvernement qui intègre les principes internationaux de participation et de consultation des populations affectées.

Article 190 :

Pour le permis de recherche, la notice d'impact environnemental doit être déposée avant le début des travaux et au plus tard six mois après la date d'octroi du titre.

Les techniques et les méthodes adaptées doivent être utilisées pour protéger l'environnement, la sécurité des travailleurs et des populations riveraines conformément au Code de l'environnement ou aux meilleures pratiques internationales en la matière.

CHAPITRE II. DE L'ENGAGEMENT AU RESPECT DE L'ENVIRONNEMENT, DE LA SANTE ET DU TRAVAIL

Section 1. De l'engagement au respect de l'environnement et de la santé

Article 191 :

Afin d'assurer une exploitation rationnelle des ressources minières en harmonie avec la protection de l'environnement et la préservation de la santé, les titulaires d'autorisations, de titres miniers et de Permis d'exploitation de carrières doivent veiller :

- 1° à la prévention ou à la minimisation de tout effet négatif dû à leurs activités sur la santé et l'environnement, notamment :

Ingingo ya 190:

Ku vyerekeye uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi, urwandiko rwerekana muri make ingaruka ku bidukikije rutegerezwa gushikirizwa imbere y'ugutangura ibikorwa kandi hatarenze amezi 6 kuva urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri rutanzwe.

Ubuhinga n'uburyo bibereye bitegerezwa gukoreshwa kugira hakingirwe ibidukikije, umutekano w'abakozi n'uw'abanyagihugu bo mu micungararo hisunzwe Igitabu c'amategeko agenga ibidukikije canke imigirwa mpuzamakungu ibereye ivyerekeye.

IGICE CA II. IVIYEMEZWA VYEREKEYE UGUKINGIRA IBIDUKIKIJE, AMAGARA Y'ABANTU N'AKAZI

Agace ka 1. Ivyemezwa mu gukingira ibidukikije n'amagara y'abantu.

Ingingo ya 191:

Kugira ugucukura ubutare mu buryo bubereye biroranywe n'ugukingira ibidukikije hamwe n'ukubungabunga amagara y'abantu, bene impusha, bene inzandiko zitanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi n'ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri hamwe na bene impusha z'ugucukura ikariyeri bategerezwa kwitwararika:

- 1° ugukinga n'ukugabanura cane ingaruka mbi iyo ari yo yose ku magara y'abantu no ku bidukikije ivuye ku bikorwa vy'ugucukura na canecane:

- ikoresha ry'ivyahinguwe mu buhinga bwa shimi vyonona amagara y'abantu n'ibiyabangamira ;
- ibitera urwamo rubangamira amagara y'abantu;

- l'utilisation des produits chimiques nocifs et dangereux ;
 - les émissions de bruits nuisibles à la santé de l'homme ;
 - les odeurs incommodes nuisibles à la santé de l'homme ;
 - la pollution des eaux, de l'air et du sol ;
 - la dégradation des écosystèmes et de la biodiversité.
- 2° à la prévention, au traitement de tout déversement ou rejet de façon à neutraliser ou à minimiser leur effet dans la nature ;
- 3° à la promotion ou au maintien du cadre de vie et de la bonne santé générale des populations ;
- 4° à la prévention et à la gestion du VIH/SIDA au plan local;
- 5° à la gestion efficace des déchets en minimisant leur production, en assurant leur totale innocuité ainsi qu'à la disposition des déchets non recyclés d'une façon adéquate pour l'environnement après information et agrément des administrations chargées des mines et de l'environnement.
- iminuko bishobora kubangamara amagara y'abantu;
 - itosekara ry'amazi, impwemu n'agataka ;
 - itituka ry'ibibanza mparirwabuzima n'ibinyabuzima bitandukanye ;
- 2° ugukinga, uguhingura ivyasheshwe canke ivyatawe ahantu ku buryo bitagira ingaruka canke naho zikagabanuka ;
- 3° uguteza imbere canke ugutuma uko abantu babayeho n'amagara meza y'abantu muri rusangi bidahungabana;
- 4° ugukinga n'ugutorera inyishu ivyerekeye umugera wa Sida mu karere gacukurwamwo ubutare ;
- 5° ugutunganya neza ivyerekeye imicafu no kugerageza kuyigabanya, hakitwarikwa ko ata co yonona hamwe n'ugushira ukwayo imicafu itahinguwemwo ibindi ku buryo itabangamira ibidukikije bimaze kumenyeshwa kandi bikemerwa n'Ubushikiranganji bujejwe ubutaka n'ubuzejwe ibidukikije.

Ingingo ya 192:

Uburyo bw'ugukingira abakozi indwara zituruka ku kazi n'izifitaniye isano n'ako kazi butegerezwa kuba burimwo ingingo zishira mu ngiro amategeko n'ibikurikizwa bitomorwa na poritike y'igihugu mu bijanye n'amagara y'abantu mu vyerekeye ingene amavuriro y'igisata c'ubutare atunganijwe n'ingene akora, nko mu gusuzuma ko hoba hari ibibangamira amagara y'abantu, ugukurikirana ko abakozi bose baja barabonana na muganga n'imiburiburi rimwe mu mwaka n'ugushira mu ngiro indinganizo y'ukuroranya ibijanye n'amagara y'abantu.

Ingingo ya 193:

Nyene uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare canke amakariyeri, uwaruhawe n'ubarukose ni bo babazwa ingorane zishikira abakozi n'abanyagihugu baba mu karere gafatanye n'ikibanza kirangurirwamwo ibikorwa vyerekeye ubutare mu gihe hatubahirijwe

Article 192 :

Le système de protection des travailleurs contre les maladies professionnelles et à caractère professionnel doit comporter les dispositions relatives à l'application des normes et des procédures définies par la politique nationale de santé dans le cadre de l'exploitation et du fonctionnement des structures de soins du secteur minier dont le dépistage des facteurs de nuisance, la visite médicale systématique des travailleurs au moins une fois l'an et la

réalisation du plan d'ajustement sanitaire.

Article 193 :

Le titulaire, le cessionnaire et l'amodiateur sont directement responsables des dommages causés aux travailleurs et à la population de la zone géographique adjacente à son site d'activités minières en cas de non respect des termes de son plan sanitaire ou de violation de l'une des obligations en matière de santé prévues par la législation en vigueur.

Article 194 :

Les défrichements consistant à couper ou à extirper des arbres ou des végétaux ainsi que les travaux de fouille, d'exploitation de mines et de carrières, de construction de voies de communication dont l'exécution est envisagée dans le périmètre d'un titre minier sont soumis à l'autorisation préalable du Ministre en charge des forêts, et le cas échéant, à la délivrance d'un permis de coupe ou de défrichement.

Article 195 :

Les espèces forestières de valeur identifiées par le Code forestier ou ses textes d'application jouissent d'une protection spéciale et ne peuvent être coupées, abattues ou mutilées lors des travaux de fouille, d'exploitation des mines et des carrières, de construction de voies de communication dont l'exécution est envisagée dans le cadre de la mise en œuvre d'un titre minier qu'après autorisation préalable du Ministre en charge des forêts.

Le titulaire est tenu d'adresser une demande au Ministre en charge des mines en vue de l'obtention desdites autorisations accordées par ordonnance du Ministre concerné.

bitegekaniywe mu ndinganizo yateguye y'ibijanye n'amagara y'abantu canke hatubahirijwe kimwe mu bitegerejwe vyerekeye amagara y'abantu bitegekaniywe n'amategeko asanzwe akurikizwa.

Ingingo ya 194:

Ugutema amashamba vyerekeye guca canke kurandura ibiti canke ibimera hamwe n'ibikorwa vy'ugutata, ivy'ugucukura ubutare n'amakariyeri, uguca amabarabara bitegekaniywe kurangurirwa mu karere katangiwe urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri bitegerezwa kubanza gutangirwa uruhusha n'Umushikiranjanji ajejwe amashamba n'iyu bikenewe, bigakorwa ari uko hatanzwe uruhusha rw'uguca ibiti canke urwo gutema amashamba.

Ingingo ya 195:

Ubwoko bw'ibiti vy'agaciro vyo mw'ishamba vyatorokanirijwe mu Gitabu c'amategeko agenga amashamba canke mu mategeko agishira mu ngiro burakingirwa bidasanzwe kandi ntibushora gucibwa, kwicirwa canke ngo bukonwe mu gihe hariko hagirwa ibikorwa vy'ugutata, ivy'ugucukura ubutare n'amakariyeri, ivy'uguca amabarabara bitegekaniywe mu ntumbero y'ugukora ivyo urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi n'ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri rutangira uburenganzira, Umushikiranjanji ajejwe amashamba atabanje gutanga uruhusha.

Nyene urwo rwandiko ategerezwa gushikiriza Umushikiranjanjike ry'ugusaba izo mpusha zitangwa biciye mw'itegeko nshikiranjanji ry'Umushikiranjanji vyerekeye.

Agace ka 2.Ukwiyemeza kwubahiriza isuku hamwe n'umutekano ku kazi

Ingingo ya 196 :

Nyene urwandiko wese rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi n'ubw'ugucukura ubutare canke nyene urwandiko rw'ugucukura ikariyeri, ategerezwa gukurikiza amategeko ateye

Section 2. De l'engagement au respect de l'hygiène et de la sécurité au travail

Article 196 :

Tout titulaire de titre minier ou de titre de carrière est tenu de respecter les normes d'hygiène et de sécurité les plus avancées telles qu'établies par le Ministre en collaboration avec les Ministres en charge de la santé publique, du travail et de l'environnement.

Lorsque ces normes sont inférieures à celles respectées ailleurs par le titulaire, ces dernières prévalent. Il est à cet égard tenu de prendre et d'appliquer des règlements conformément à ces normes pour assurer dans des conditions optimales l'hygiène et la sécurité des travailleurs.

Les règlements sont affichés dans les endroits les plus visibles pour les travailleurs sur les lieux de l'exploitation et des travaux.

Lorsque dans une mine ou une carrière, certains travaux sont confiés à un entrepreneur ou à un sous-traitant, ce dernier est tenu d'observer et de faire observer les règlements en vertu du présent article.

Article 197 :

En cas de défaillance d'un titulaire de titre minier ou de carrière à prendre les règlements prévus à l'article 196, le Ministre peut, le titulaire entendu, prescrire par ordonnance prise sur recommandation de l'Administration des mines, les mesures nécessaires pour assurer l'hygiène et la sécurité des travailleurs.

imbere y'isuku n'ay'umutekano nk'uko yategekanijwe n'Umushikiranjanji afadikanije n'Umushikiranjanji ajejwe amagara y'abantu, uwujejwe akazi n'uwujejwe ibidukikije.

Mu gihe ayo mategeko akiri inyuma ufatiye ku yo nyene uruhusha asanzwe yubahiriza ahandi, haca hakurikizwa ayo y'ahandi. Ku bw'ivyo nyene urwandiko ategerezwa gufata ingingo no kuzikurikiza yisunze ayo mategeko kugira yubahirize uko bishoboka kwose ibijanye n'isuku n'umutekano w'abakozi.

Izo ingingo ziramanyikwa mu kibanza bicukurwamwo ubutare n'ahakorerwa ibindi bikorwa aho abakozi bashobora kuzibona neza.

Igihe mu kibanza gicukurwamwo ubutare canke ikariyeri, ibikorwa bimwebimwe bihawe ishira hamwe ryubakisha canke uwashinzwe ibikorwa bimwebimwe n'iryo shira hamwe, uwo na we ategerezwa kwubahiriza no gutuma hubahirizwa ingingo zavuzwe, hisunzwe ibitegekanijwe muri iyi ngingo.

Ingingo ya 197 :

Mu gihe nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi n'ubw'ugucukura ubutare canke ikariyeri atubahirije ingingo zitegekanijwe mu ngingo ya 196, Umushikiranjanji arashobora, nyene urwandiko amaze kwumvirizwa kandi abisabwe n'ubutegetsu bujewe ubutare, gufata ingingo zikenewe abicishije mw'itegeko nshikiranjanji kugira isuku n'umutekano w'abakozi vyubahirizwe.

Mu gihe vyihutirwa canke iyo hari impanuka igira ishike, ingingo z'imfatakibanza zirashobora gufatwa n'ubutegetsu bujewe ivyerekeye ubutare mu kurindira itegeko nshikiranjanji rivugwa mu gahimba gahejeje kuvugwa.

Uko biri kwose, nyene urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi n'ubw'ugucukura ubutare canke ikariyeri

En cas d'urgence ou de péril imminent, des mesures provisoires peuvent être prescrites par l'Administration des mines dans l'attente de l'ordonnance visée à l'alinéa précédent.

Dans tous les cas, le titulaire est tenu d'exécuter les mesures prescrites dans les délais impartis. A défaut, elles sont exécutées d'office par l'Administration des mines aux frais du titulaire.

Article 198 :

Aucune personne de moins de dix huit ans ne doit être employée dans une mine ou une carrière, sous terre, au front de taille de travaux à ciel ouvert, au fonctionnement de machines servant à hisser ou à déplacer des objets, à celui de treuils servant à remonter ou à descendre des personnes ou être préposée au dynamitage.

Article 199 :

L'importation, l'exportation, la fabrication, le stockage, la manutention, l'achat et la vente des explosifs à usage civil sont autorisés par les Ministres en charge des mines, de la Défense nationale et de la sécurité publique aux conditions qu'ils déterminent par ordonnance conjointe.

Section 3. De l'étude d'impact environnemental

Article 200 :

Tout dossier d'autorisation de prospection, de permis de recherche ou de permis d'exploitation artisanale et de carrière doit comporter une étude d'impact environnemental simplifiée.

ategerezwa gukurikiza ingingo zashinzwe mu kiringo gitegekanijwe. Bitagenze uko, izo ngingo zica zikurikizwa n'ubutegetsi bujejwe ivyerekeye ubutare buvyibwirije ku mafaranga atangwa na nyene urwo rwandiko.

Ingingo ya 198:

Nta muntu n'umwe adashikana imyaka icumi n'umunani arekuriwe gukoreshwa mu kibanza bacukuramwo ubutare canke ikariyeri, mu kuzimu, ahakorerwa ibikorwa mu kibanza kinini gicukurwamwo ubutare gitamanzuye, ugukoresha imashini ziterura canke zunguruza ibintu, ugukoresha imashini ziduza canke zimanukana abantu canke ugukoreshwa mu bikorwa vy'ukumena ibitandara.

Ingingo ya 199:

Ukwinjiza mu gihugu ibintu biturika bikoreshwa mu mirimo atari iya gisirikare, ukubijana mu bindi bihugu, ukubikora, ukubibika, ukubipakira n'amaboko, ukubigura n'ukubigurisha bitangirwa uruhusha n'Umushikiranganji ajejwe ubutare, uwujewe ukwivuna abansi n' uwujewe umutekano mu gihugu hisunzwe ibisabwa bashinga biciye mw'itegeko nshikiranganji bashirako umukono bose.

Agace ka 3. Ivyigwa vyerekana ingaruka ku bidukikije

Ingingo ya 200 :

Idosiye yose y'ugusaba uruhusha rw'ugutata, urw'ukugira ubushakashatsi canke urw'ugucukura ubutare ku buryo bubayabaye canke uruhusha rw'ugucukura ikariyeri itegerezwa kuba irimwo ivyigwa bibayabaye vyerekana ingaruka ku bidukikije.

Idosiye yose y'ugusaba urwandiko rutanga uburenganzira bw' ugucukura ubutare canke amakariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse, itegerezwa kuba irimwo ivyigwa binonosoye vyerekana ingaruka z'ivyo bikorwa ku bidukikije.

Agahimba ka mbere. Ibishirwa mu vyigwa bibayabaye vyerekana ingaruka ku bidukikije

Ingingo ya 201:

Hatirengagijwe izindi ntumbero zoshobora

Tout dossier de titre minier d'exploitation doit comporter une étude d'impact environnemental complète.

Paragraphe 1^{er}. Le contenu de l'étude d'impact simplifiée

Article 201 :

Sans préjudice des directives supplémentaires pouvant être édictées par le Ministre en charge de l'environnement, une étude d'impact environnemental simplifiée comprend les éléments suivants :

- 1° les informations générales telles l'identification du demandeur et son adresse ;
- 2° la description du programme des travaux ;
- 3° la description du périmètre et de son environnement indiquant :
 - la localisation du périmètre ;
 - la statut foncier du périmètre ;
 - les substances minérales à exploiter ;
 - l'état initial du site et de son environnement physique, biologique et humain ;
- 4° la description des impacts négatifs potentiels directs ou indirects du programme sur l'environnement et le milieu humain ;
- 5° les mesures préconisées pour supprimer, réduire ou compenser les effets dommageables y compris la réhabilitation du site ;

gutangwa n'Umushikiranganji ajejwe ibidukikije, ivyigwa bibayabaye vyerekana ingaruka ku bidukikije biba bishirwamwo ibi bikurikira:

- 1° ibimenyeshwa muri rusangi nk'ibiranga uwushikiriza idosiye y'ugusaba uruhusha n'aho abarizwa ;
- 2° ukwerekana ido n'ido ry'ibitegekanijwe kurangurwa;
- 3° ukudondora uko akarere kameze n'ibigakikije harimwo:
 - ukwerekana aho akarere gaherereye ;
 - umugwi w'amatongo akarere karimwo ;
 - ubutare buzohacukurwa ;
 - uko akarere kaba kameze imbere yuko gacukurwamwo n'ibigakikije yaba imitumba, ibinyabuzima canke abantu;
- 4° ukudondora ingaruka mbiku bidukikije n'ahaba abantu zishobora kuva ku bitegekanijwe kurangurwa mu gihe c'ukubirangura n'izoshobora gushika mu nyuma;
- 5° ingingo zitegekanijwe kugira hakurweho ingaruka mbi, zigabanywe canke hatangirwe indishi harimwo ugutunganya neza ikibanza cacukuwemwo ubutare ;
- 6° ivyerekanywe vyerekeye inkurikizi mbi z'umugambi ku bidukikije n'aho hari ingingo zitegekanijwe z'ukugabanya izo nkurikizi ;
- 7° umugambi w'ugucungera n'ugukurikirana ishira mu ngiro ry'izo ingingo ;
- 8° igenekerezo n'umukono w'uwashikirije idosiye y'ugusaba uruhusha.

Agahimba ka 2. Ibishirwa mu vyigwa binonosoye vyerekana ingaruka ku bidukikije

- 6° les conclusions sur l'atteinte portée par le programme à l'environnement malgré les mesures d'atténuation prévues ;
- 7° le programme de surveillance et de suivi de la mise en œuvre de ces mesures ;
- 8° la date et signature du demandeur.

Paragraphe 2. Le contenu de l'étude d'impact complète

Article 202 :

Sans préjudice des directives supplémentaires pouvant être édictées par le Ministre en charge de l'environnement, une étude d'impact environnemental complète comprend les éléments suivants :

- 1° des informations générales telles l'identification du demandeur et son adresse ;
- 2° une description détaillée du programme de travaux ;
- 3° une analyse de l'état initial du périmètre et de son environnement naturel et humain avant toute exploitation ;
- 4° l'identification et l'analyse des impacts négatifs directs et indirects potentiels du programme des travaux sur l'environnement ;
- 5° un plan de gestion environnementale et sociale des impacts négatifs l'environnement et le milieu humain ;
- 6° un résumé des consultations publiques menées auprès des personnes affectées ou intéressées par le programme des travaux ;
- 7° la date et signature du demandeur.

Ingingo ya 202:

Hatirengagijweizindi ntumberozisungwa zishobora gutangwan'Umushikiranganji ajejwe ibidukikije, ivyigwa binonosoye vyerekana ingaruka ku bidukikije biba birimwo ibi bikurikira:

- 1° ibimenyeshwa muri rusangi nk'ibiranga uwusaba uruhusha n'aho abarizwa ;
- 2° indondoro y'ido n'ido y'ibitegekanijwe kurangurwa ;
- 3° umwihwezo w'uko ikibanza, ibigikikije hamwe n'abahaba bimeze imbere yuko hagira igikorwa na kimwe c'ugucukura kihakorera ;
- 4° ingaruka mbiku bidukikije zihwejwe zishobora kuva ku bitegekanijwe kurangurwa mu gihe c'ukubirangura n'izoshobora gushika mu nyuma ;
- 5° indinganizo y'ugutunganya ibijanye n'ingaruka mbi ku bidukikije hamwe no ku bibanza abantu babamwo ;
- 6° incamake y'ibiganiro vyagizwe ku mugaragaro mu banyagihugu berekewe n'ibitegekanijwe kurangurwa canke babifisemwo inyungu ;
- 7° igenekerezo n'umukono w'uwusaba uruhusha.

Agahimba ka 3. Ivyo uwufise uburenganzira bw'ugucukura ubutare ategerejwe mu gukingira ibidukikije

Ingingo ya 203 :

Ibitegerejwe vyerekeye ibidukikije n'imibano bitegekanijwe nko mu ngingo ya 201 n'iya 202 bikorwa ku neza ya bose. Ivyo bitegerejwe birabera intambanyi ba nyene uburenganzira ku butare canke kw'ikariyeri mu kiringo uruhusha rw'ugucukura ubutare canke urw'ukwimba ikariyeri rutarata igihe n'inyuma y'ico kiringo.

Paragraphe 3. L'attribut des obligations environnementales

Article 203 :

Les obligations socio-environnementales prévues notamment aux articles 201 et 202 sont d'ordre public. Elles demeurent opposables aux titulaires du droit minier ou de carrière pendant la durée de validité de l'autorisation ou du permis et au-delà.

Article 204 :

Les frais exposés dans la remise en état progressive des sites apparaissent dans les comptes du titulaire du permis d'exploitation minière au titre des charges déductibles.

Dans ce cadre, le titulaire du permis doit prendre toutes les mesures nécessaires pour viabiliser les sites de manière à les rendre compatibles avec toute forme de vie et d'activité dans la zone, à savoir :

- 1° l'élimination des risques nuisibles à la santé et à la sécurité des personnes ;
- 2° la restitution du site dans un état acceptable par la communauté ;
- 3° le rétablissement de la végétation avec des caractéristiques identiques à celles de la végétation du milieu environnant.

Paragraphe 4. Le rapport annuel environnemental

Article 205 :

Le rapport annuel environnemental est adressé au Ministre en trois exemplaires dont une copie est réservée à l'Agence et une autre à la Direction générale de la géologie et des mines.

Ingingo ya 204:

Amafaranga agenewe ibikorwa vy'ukuja haratunganywa neza ibibanza vyahora bicukurwamwo ubutare abonekera ku makonte ya nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare ku gice cerekeye amafaranga akurwa kw'ikori ryotanzwe.

Muri iyo ntumbero, nyene uruhusha ategerezwa gufata ingingo zose zikenewe kugira ategure ibibanza vyacukuwemwo ubutare canke amakariyeri ku buryo bishobora kubamwo ibinyabuzima n'ukurangurirwamwo ibikorwa. Izo ngingo ni izi zikurikira :

- 1° ugukuraho ibishobora kubangamira amagara n'umutekano w'abantu ;
- 2° ugusubiza ikibanza cacukuwemwo ubutare canke amakariyeri uko abanyagihugu baho bavyipfuzza ;
- 3° ugusubizaho ibimera bisa n'ibiri muri ako karere.

Agahimba ka 4. Icegeranyo co ku mwaka ku mwaka cerekeye ibidukikije

Ingingo ya 205:

Icegeranyo co ku mwaka ku mwaka cerekeye ibidukikije kirungikirwa Umushikiranjanji ajejwe ubutare mu makopi atatu, ikopi imwe ikaba igenewe Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare, iyindi nayo ikaba igenewe Ubuyobozi bukuru bujejwe agataka n'ubutare.

Igisata cihwezwa ico cegeranyo mu kiringo c'ukwezi kumwe kitarungikirwa ivyo cihweje Umushikiranjanji kigaha n'ikopi nyene uruhusha. Muri ico gikorwa, Igisata gifashwa n'ibisata vyo mu Bushikiranjanji bujejwe ibidukikije.

Ingingo ya 206:

Hatirengagijwe izindi ntumbero Umushikiranjanji ajejwe ibidukikije ashobora gutanga, icegeranyo co ku mwaka ku mwaka cerekana ingaruka ku bidukikije kiba kirimwo ibi bikurikira:

Le rapport est analysé par l'Agence, endéans un mois et transmet les observations au Ministre avec copie au titulaire. L'Agence se fait assister par les services du Ministère ayant l'environnement dans ses attributions.

Article 206 :

Sans préjudice de directives additionnelles qui pouvant être édictées par le Ministère de l'environnement, la notice annuelle d'impact environnemental comprend les éléments suivants :

- 1° l'identification du titulaire du permis ;
- 2° la localisation du périmètre et la description des substances exploitées ;
- 3° le rappel du programme des travaux ;
- 4° le rappel des impacts négatifs potentiels directs ou indirects prévus par l'étude d'impact ;
- 5° le rappel des mesures d'atténuation préconisées par l'étude d'impact ;
- 6° les actions menées au cours de l'année en rapport avec la mise en œuvre des mesures d'atténuation, de surveillance de leur mise en œuvre et de suivi de l'état de l'environnement ;
- 7° les conclusions sur l'état général actuel de l'environnement, les effets négatifs inattendus observés ainsi que les mesures conséquentes prises ou préconisées ;
- 8° la date et la signature du titulaire du permis.

- 1° ibiranga nyene uruhusha;
- 2° ihari ikibanza gicukurwamwo hamwe n'indondoro y'ibihacukurwa;
- 3° ukwibutsa ibitegekanijwe kurangurwa ;
- 4° ukwibutsa ingaruka mbi zishobora gushika zivuye ku bikorwa birangurwa canke izishobora gushika mu nyuma zitegekanijwe mu vyigwa vyerekana ingaruka ku bidukikije;
- 5° ukwibutsa ingingo zitegekanywa mu vyigwa vyerekana ingaruka ku bidukikije zitegerezwa gufatwa mu kugabanya ingaruka ku bidukikije;
- 6° ibikorwa vyakozwe mu mwaka vyerekeye ishirwa mu ngiro ry'ingingo z'ukugabanya ingaruka ku bidukikije, ugucungera ingene zishirwa mu ngiro n'ugukurikirana uko ibidukikije vyifashe;
- 7° ivyapfunditswe ku bijanye n'ingene ibidukikije vyifashe muri rusangi, inkurikizi mbi zitari zitezwe zibonekeje hamwe n'ingingo bijanye zafashwe canke zategekanijwe ;
- 8° igenekerezo bigiriweko n'umukono wa nyene uruhusha.

Agahimba ka 5. Indinganizo y'uguhagarika ibikorwa vy'ugucukura ubutare

Ingingo ya 207:

Nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ikariyeri ategerezwa kuja arahagarika bukebuke kandi ku buryo butunganyijwe neza ibikorwa kugira ategure abantu baba muri ako karere kw'ihagarikwa ry'ibikorwa vyawe.

Nyene uruhusha arabimenyeshya ubutegetsu bujewe ubutare n'imiburiburi hasigaye amezi icumi

Paragraphe 5. Le plan de fermeture de l'exploitation

Article 207 :

Le titulaire d'un permis d'exploitation est tenu de procéder à la fermeture de son exploitation de manière progressive et ordonnée afin de préparer la Communauté à la cessation de ses activités.

Le titulaire en avise l'Administration des mines au minimum douze mois avant la date prévue de fermeture et prépare, en collaboration avec l'administration du territoire et la Communauté locale, un plan de fermeture de ses opérations d'exploitation, six mois avant cette date de fermeture.

TITRE VII. DU REGIME FISCAL DES MINES ET DES CARRIERES ET DU REGIME DE CHANGE

CHAPITRE 1^{er}. DES DISPOSITIONS COMMUNES

Article 208 :

Les entreprises exerçant une activité minière sont soumises au régime fiscal et douanier de droit commun au Burundi ainsi qu'au régime de change en vigueur Burundi.

Les activités liées à la prospection, à la recherche minière, au fonctionnement des comptoirs et à l'exploitation des mines et des carrières sont également soumises aux taxes et redevances minières suivantes

- une redevance dite « droits fixes » ;

n'abiri ngo igenekerezo ritegekanijwe guhagarikirako ibikorwa vy'ugucukura ubutare rigere kandi agategura, afadikanije n'ubutegetsu bwo muri ako karere hamwe n'abanyagihugu baho, indinganizo y'uguhagarika ibikorwa vy'ugucukura, hasigaye amezi atandatu ngo iryo genekerezo rishike.

IKIGABANE CA VII. AMATEGEKO AGENGA AMATAGISI N'AMAKORI ATOZWA KU VYEREKEYE UBUTARE N'AMAKARIYERI HAMWE N'AMATEGEKO YEREKEYE IVUNJWA RY'AMAFARANGA

IGICE CA MBERE. INGINGO RUSANGI

Ingingo ya 208:

Amashirahamwe akora igikorwa cerekeye ubutare agengwa n'amategeko yerekeye amatagisi, amakori n'amaduwane asanzwe akurikizwa mu Burundi hamwe n'amategeko agenga ivunjwa ry'amafaranga.

Ibikorwa bijanye n'ugutata ahari ubutare, ukugira ubushakashatsi mu vyerekeye ubutare, ibijanye n'ingene amashirahamwe y'ukugura n'ukugurisha ubutare akora hamwe n'ivyerekeye ugucukura ubutare canke amakariyeri na vyo nyene birarihishwa amatagisi n'amafaranga y'ikori akurikira:

- amafaranga y'ikori yitwa "ikori ridahindagurika";
- amafaranga y'ikori atangwa ku mwaka ku mwaka yitwa "ikori rifatiye ku buringanire bw'ahatangiwe uruhusha";
- itagisi rifatiye ku gaciro k'ubutare, riharurwa hafatiye ku rugero rw'ubutare bwacukuwe.

Ibitigiri vy'ayo mafaranga y'ikori bishobora kuja birashirwa ku gihe n'itegeko nshikiranganji ry'Umushikiranganji ajejwe ubutare n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta.

- une redevance annuelle dite « redevance superficière » ;
- une taxe ad valorem assise sur la valeur de la production.

Les montants de ces redevances peuvent être actualisés par une ordonnance conjointe des Ministres en charge des mines et des finances.

Article 209 :

L'attribution des titres miniers ou de carrière et l'autorisation de commercialisation des substances minières ou de carrière ainsi que leur renouvellement, leur extension à d'autres substances, sont soumises au paiement des droits fixes dont les montants minima sont précisés aux articles 210 du présent Règlement.

Ces droits sont également perçus à l'occasion de la délivrance par l'administration des mines, de tout extrait de la matrice minière, de toute duplication des retombées minières, des autorisations de cession et d'amodiation et plus généralement, de tout document ayant valeur probante et délivré par ladite Administration en exécution des règles administratives et comptables en vigueur.

Article 210 :

Les montants minima de la redevance dite « droits fixes » sur les droits accordés et les montants minima exigés pour la délivrance des documents ayant trait au domaine de la géologie, des mines et des carrières sont précisés en annexe II du présent règlement. L'annexe est susceptible de modification annuelle par Ordonnance conjointe des Ministres en charge des mines et des finances.

Ingingo ya 209:

Itangwa ry'inzandiko zitanga uburenganzira bw'ugucukura ubutare canke amakariyeri n'uruhusha rw'ukudandaza ubutare canke amakariyeri hamwe n'ukuzongerereza ikiringo, ukuzongerereza uburenganzira bw'ugucukura ubundi butare canke amakariyeri, bitegerezwa gutangirwa amafaranga y'ikori ridahindagurika, igitigiri gito ntarengwa c'ayo mafaranga gitomorwa mu ngingo ya 210 y'aya mategeko agenga ubutare.

Ayo mafaranga y'ikori aratozwa kandi mu gihe ubutegetsi bujewe ubutare butanze ikopi y'urutonde rw'ibikenewe vyose bijanye n'ubutare n'amakariyeri hamwe n'amafaranga bitangirwa, impusha z'uguha uwundi uburenganzira canke ugukotesha urwandiko rutanga uburenganzira n'urwandiko urwo ari rwo rwose muri rusangi rufatwa nk'icemezo kandi rutangwa n'ubwo butegetsi hisunzwe amategeko asanzwe akurikizwa agenga ivy'intworo n'iharurwa ry'amafaranga yinjira n'ayasohoka.

Ingingo ya 210:

Ibitigiri bitoyi ntarengwa vy'amafaranga y'ikori yiswe "ikori ridahindagurika" ritozwa ku burenganzira bwatanzwe hamwe n'ibitigiri bitoyi ntarengwa vy'amafaranga asabwa kugira hatangwe inzandiko zijanye n'ivyerekeye agataka, ubutare n'amakariyeri bitomorwa mu mperekeza II y'iri tegeko. Imperekeza ishobora guhindurwa ku mwaka ku mwaka n'itegeko nshikiranganji rishirwako umukono n'Umushikiranganji ajejwe ubutare hamwe n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta.

Urwandiko rusabwa rushirwako umukono ari uko herekanywe igitansi cemeza ko harishwe amafaranga y'ikori ridahindagurika.

Ingingo ya 211:

Haratozwa, ku mpusha z'ugucukura ubutare n'amakariyeri, amafaranga y'ikori atangwa ku mwaka ku mwaka yitwa "amafaranga y'ikori rifatira ku buringanire bw'ahacukurwa ubutare canke amakariyeri".

Ku ruhusha rwose rw'ugucukura ubutare canke

La signature du document requis a lieu sur présentation de la quittance de paiement de ces droits fixes.

Article 211 :

Il est perçu une redevance annuelle, dite « redevance superficière », sur les permis d'exploitation des mines et des carrières.

Pour tout permis d'exploitation de mine ou de carrière en cours de validité, la redevance est due et échue entièrement au 1^{er} jour de l'année fiscale en cours. De même, la redevance de la 1^{ère} année fiscale est due entièrement indépendamment de la date de l'obtention de l'autorisation et du permis requis.

La redevance est calculée à l'hectare, une fraction d'hectare comptant pour un hectare.

Les montants minima de la redevance pour le permis d'exploitation minière industrielle, pour le permis d'exploitation minière artisanale et pour les produits des carrières sont fixés en annexe II du présent règlement.

L'annexe est susceptible de modification annuelle par ordonnance conjointe des Ministres chargés des mines et des finances.

Article 212 :

Les titulaires de permis d'exploitation sont soumis à une taxe ad valorem assise sur la valeur de la production au carreau de la mine.

Les taux de la taxe ad valorem sont fixés par les articles 147 et 151 du Code minier.

amakariyeri rutarata igihe, ayo mafaranga y'ikori ategerezwa kuba yarishwe yose ku munsu wa mbere w'ikiringo co mu mwaka gitegekanijwe gutozamwo ikori. Vyongeye, amafaranga y'ikori y'umwaka wa mbere ategerezwa kurihwa yose hatarinze kurabwa itariki uruhusha canke urwandiko rusabwa rutanga uburenganzira bw'ugucukura ubutare canke ikariyeri vyatangiweko.

Ayo mafaranga y'ikori aharurwa kw'ihigitari, igice c'ihigitari kigafatwa nk'uko yoba ari ihigitari imwe.

Ibitigiri bito ntarengwa vy'ayo mafaranga y'ikori ryerekeye uruhusha rw'ugucukura ubutare ku buhinga buhanitse, iryerekeye uruhusha rw'ugucukura ubutare ku buhinga bubayabaye n'iryerekeye ibiva mu makariyeri bishingwa mu mperekeza ya II y'iri tegeko.

Imperekeza ishobora guhindurwa ku mwaka n'itegeko nshikiranganji rishirwako umukono n'Umushikiranganji ajejwe ubutare hamwe n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta.

Ingingo ya 212:

Bene impusha z'ugucukura ubutare barariha itagisi rifatiye ku gaciro k'ubutare, riharurwa hafatiye ku gaciro nyezina k'ubutare bwacukuwe.

Urugero rw'amatagisi rufatiye ku gaciro k'ubutare rushingwa hisunzwe ibitegekanijwe mu ingingo ya 147 n'ya 151 z'igitabu c'amategeko agenga ubutare.

Igiciro nyezina c'ubutare ni igiciro c'ukuri ubutare bwacukuwe bugurishwako bukiva mu nganda zibuyungurura, ziburonga canke zibwongerereza ibibugize hakoreshejwe ubuhinga.

Igiciro c'ukugurisha gishingwa hisunzwe igiciro cashinzwe c'ubwo butare kw'isoko mpuzamakungu hakuwemwo amafaranga y'ukubwunguruza, n'iyi bikenewe, amafaranga y'ukubuhingura bumaze kuva mu kibanza bucukurwamwo.

La production au carreau de la mine, est la valeur marchande du produit extrait tel qu'il se présente à la sortie des ateliers de concentration, du lavage ou de l'enrichissement par un procédé technique.

La valeur marchande est déterminée d'après une valeur mercuriale de la substance minérale sur le marché mondial en déduisant les frais de transport et, le cas échéant, les frais de traitement après que les produits aient quitté le site de la mine.

La valeur de la production sur le carreau de la carrière est le prix de vente des substances sur le marché.

Article 213 :

La taxe ad valorem est répartie entre l'État et les Communes suivant une clef de péréquation fixée par la loi communale.

Article 214 :

La taxe ad valorem est comptabilisée comme une charge d'exploitation. Elle est exigible à l'occasion de la première transaction commerciale portant sur une matière imposable ou à l'occasion de la sortie, de cette matière, des installations vers d'autres installations, même appartenant au titulaire de la mine.

Article 215 :

Pour les exploitations industrielles, les taux de la taxe ad valorem sont :

Produit	Taux
Métaux de base	4 %
Métaux précieux	5%
Pierres précieuses	7 %
Autres substances minérales	2 %

Article 216 :

Pour les exploitations artisanales, les taux de la taxe ad valorem sont :

Igiciro nyezina c'ikariyeri ni ikiguzi ikariyeri igurishwako kw'isoko.

Ingingo ya 213:

Itagisi rifatira ku gaciro k'ubutare rigabanganywa hagati ya Reta n'amakomine hakurikijwe urugero rufatirwako rushingwa n'ibwirizwa rigenga amakomine.

Ingingo ya 214 :

Itagisi rifatira ku gaciro k'ubutare riharurwa nk'amafaranga yiyongera ku yakoresha mu gucukura ubutare. Ritegerezwa kurihwa mu gihe hatanguye kugurishwa ikintu gitegerezwa kurihirwa ikori canke mu gihe ico kintu gisohotse kiva mu nyubakwa kijanwa mu yindi, n'aho vyoba ari ivya nyene ikibanza gicukurwamwo ubutare.

Ingingo ya 215:

Ku vyerekeye ubutare bucukurwa ku buhinga buhanitse, urugero rw'amatagisi afatira ku gaciro k'ubutare rushingwa uku gukurikira:

Ubutare	Urugero
Ubwoko bw'ivyuma bugwiriye	4%
Ubwoko bw'ivyuma vy'agaciro kanini	5%
Amabuye y'agaciro	7%
Ubundi butare canke amakariyeri	2%

Ingingo ya 216:

Ku vyerekeye ubutare bucukurwa ku buhinga bubayabaye, urugero rw'amatagisi afatira ku gaciro k'ubutare rushingwa uku gukurikira:

Produit	Taux
Métaux de base	3%
Métaux précieux	2%
Pierres précieuses	2%
Autres substances minérales	1,5%

Article 217 :

La taxe ad valorem est exigible à l'exportation ou à la mise en consommation.

Article 218 :

Les produits miniers et de carrières qui sont habituellement sur le marché au Burundi sont classés comme suit :

Produit	Classification
Nickel, Cuivre, Cobalt, Fer, Etain (Cassitérite), Tungstène (Wolframite), Tantale-Niobium (Coltan), Plomb (Galène), Vanadium, Terres Rares	Métaux de base
Or, Platine, Palladium et autres métaux du groupe de Platine	Métaux précieux
Diamant, Saphir, Rubis, etc.	Pierres précieuses
Phosphates, Kaolin, Calcaires, Argiles, Sables et autres matériaux de construction	Autres substances minérales

Article 219 :

Les avantages fiscaux accordés sont exclusivement ceux prévus par le Code des Investissements.

Afin de pouvoir bénéficier des avantages fiscaux, les titulaires des autorisations de prospection, des titres miniers et autres permis doivent établir et faire agréer, par les Ministres en charge des mines, des finances et avant le démarrage de leurs opérations, les listes détaillées de biens à importer.

Ubutare	Urugero
Ubwoko bw'ivyuma bugwiriye	3%
Ubwoko bw'ivyuma vy'agaciro kanini ;	2%
Amabuye y'agaciro	2%
Ubundi butare canke amakariyeri	1,5%

Ingingo ya 217:

Itagisi rifatira ku gaciro k'ubutare ritangwa mu gihe ubutare bushowe mu kindi gihugu canke mu gihe butanguye gukoreshwa.

Ingingo ya 218:

Ubutare n'amakariyeri biri kw'isoko mu Burundi bishirwa mu migwi ikurikira:

Ubutare	Imigwi bushirwamwo
Ubutare bwitwa Nickel, cuivre, cobalt, fer, Etain (cassitérite), Tungstène (Wolframite), Tantale- Niobium (Coltan), Plomb (Galène), Vanadium, Terres rares	Ubwoko bw'ivyuma bugwiriye
Ubutare bwitwa Or, Platine, Palladium n'Ubundi butare bw'ivyuma vyo mu migwi wa platine	Ubwoko bw'ivyuma vy'agaciro
Amabuye yitwa Diamant, Saphir, Rubis n'ayandi	Amabuye y'agaciro
Fosifate, ibumba ryera, ibikungutwa, ibumba, umusenyi n'ibindi bikoresho vy'ukubaka	Ubundi butare canke amakariyeri

Ingingo ya 219:

Uturusho tujanye n'amakori hamwe n'amatagisi dutangwa ni udutegekanijwe gusa n'Igitabu c'amategeko agenga ishingwa ry'imitahe.

Kugira baronke utwo turusho tujanye n'amakori n'amatagisi, bene impusha z'ugutata, bene inzandiko zitanga uburenganzira bw'ugutata ahari ubutaren'ubw'ugucukura ubutare n'izindi mpusha, imbere y'ugutangura ibikorwa vyabo, bategerezwa kugira intonde zerekana ido n'ido ry'ibintu binjiza mu gihugu kandi zikemezwa n'Umushikiranjanji ajejwe ubutare hamwe

Les listes sont révisables périodiquement en fonction de l'évolution des besoins des sociétés, des capacités de production ainsi que de la disponibilité, à des conditions compétitives, des produits fabriqués localement.

Article 220 :

Les avantages fiscaux et douaniers dont bénéficient les sociétés minières varient en fonction de la phase d'activité. Ces phases sont:

- la phase de prospection et de recherche ;
- la phase d'installation ou de construction ;
- la phase d'exploitation ou de production.

Article 221 :

Les carburants et les lubrifiants ne font pas partie des matières à exonérer.

Article 222 :

Outre les obligations prévues à l'article 149 du Code minier, les titulaires des autorisations, des titres miniers et autres permis sont tenus de faire les déclarations fiscales périodiques et annuelles ainsi que l'inventaire des matériels et des équipements de leurs sociétés respectives.

Le personnel local et le personnel expatrié sont soumis à l'impôt sur les rémunérations.

Article 223 :

Les activités de recherche minière, d'exploitation des minerais et des carrières sont soumises à l'obligation de réhabiliter leurs sites de recherche et d'exploitation. Les frais y afférents sont comptabilisés comme charges déductibles.

n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta. Izo ntonde zishobora kuja zirasubirwamwo inyuma y'igihe gitegekaniywe hisunzwe ivyo amashirahamwe akeneye, ubushobozi afise bw'uguhingura ubutare hamwe n'uko ibintu vyahinguriwe mu gihugu muri ubwo butare biguma biboneka ku buryo bihurumbirwa gusumba ibindi.

Ingingo ya 220:

Uturusho tujanye n'amakori, amatagisi hamwe n'amaduwane turonswa amashirahamwe acukura ubutare duhinduka bivanye n'intambwe ibikorwa bigezeko. Izo ntambwe ni izi zikurikira :

- intambwe y'ugutata n'ukugira ubushakashatsi ;
- intambwe y'ugushiraho ibikoresho canke y'ukwubaka ;
- intambwe y'ugucukura canke iy'uguhingura.

Ingingo ya 221:

Igitoro n'amavuta y'imoteri ntibiri mu bikurwako ikori.

Ingingo ya 222 :

Kiretse ibitegerejwe bitegekaniywe mu ngingo ya 149 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, bene impusha, bene inzandiko zitanga uburenganzira ku butare hamwe n'izindi mpusha bategerezwa kumenyeshamu kiringo gitegekaniywe no ku mwaka ku mwaka ibitozwako amakori hamwe n'urutonde rw'ibikoresho, ibikoresho biramba vy'amashirahamwe yabo.

Abakozi bakorera mu Burundi basanzwe bahaba n'abahakorera bava mu mahanga bategerezwa gutanga ikori ku mpembo bahabwa.

Ingingo ya 223 :

Ibikorwa vy'ukugira ubushakashatsi mu vyerekeye ubutare, ivy'ugucukura ubutare n'amakariyeri bitegerezwa kugirwa ku buryo ibibanza ivyo bikorwa vyakorewemwo bisubira gutunganywa neza. Amafaranga y'ukubikoresha aharurwa mu yadatangishwako ikori.

CHAPITRE II. DE LA FISCALITE DES ACTIVITES DE PROSPECTION ET DE RECHERCHE

Article 224 :

Afin de bénéficier des allègements douaniers prévus par le Code des impôts, les titulaires des autorisations de prospection et des permis de recherche doivent établir et faire agréer les listes détaillées de biens à importer, après avis motivé de l'Agence, par les Ministres en charge des mines et des finances et avant le démarrage de leurs opérations.

CHAPITRE III. DE LA FISCALITE DES CARRIERES, DES MINES ARTISANALES ET DES COMPTOIRS

Article 225 :

Les exploitants des carrières et des mines artisanales ainsi que les comptoirs d'achat et de vente des substances minérales sont soumis à la taxe ad valorem sur leur production telle qu'elle est définie à l'article 151 du Code minier.

La base de taxation ainsi que la classification de ces substances minérales sont établies selon le type de minerai en référence aux articles 212 à 218.

Article 226 :

Les activités d'exploitations de substances minérales artisanales et de comptoirs d'achat et de vente de ces substances sont soumises à la fiscalité de droit commun.

IGICE CA II. IVYEREKEYE AMAKORI N'AMATAGISI KU BIKORWA VY'UGUTATA N'IVY'UKUGIRA UBUSHAKASHATSI

Ingingo ya 224 :

Kugira boroherezwe mu vya duwane bitegekanijwe n'Igitabu c'amategeko agenga amakori, bene impusha z'ugutata n'ukugira ubushakashatsi, imbere y'ugutangura ibikorwa vyabo, bategerezwa kugira intonde zerekana ido n'ido ry'ibintu bashaka kwinjiza mu gihugu kandi bagasaba ko zemezwa n'Umushikiranaji ajejwe ubutare hamwe n'Umushikiranaji ajejwe ikigega ca Reta, Igisata kibanje kugira ico kibivuzeko kikanabitangira imvo.

IGICE CA III. IVYEREKEYE AMATAGISI N'AMAKORI KU MAKARIYERI NO KU BUTARE BUCUKURWA HAKORESHEJWE UBURYO BUBAYABAYE NO KU MASHIRAHAMWE AGURA UBUTARE AKONGERA AKABUGURISHA

Ingingo ya 225:

Abacukura amakariyeri n'ubutare bakoresheje uburyo bubayabaye hamwe n'amashirahamwe y'ukugura n'ukugurisha ubutare bategerezwa gutanga itagisi rifatiye ku gaciro k'ubutare bwacukuwe, nk'uko bitomowe mu ngingo ya 151 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare.

Urugero rufatirwako mu gushinga iryo tagisi hamwe n'ugushira ubutare mu migwi bigirwa hisunzwe ubwoko bw'ubutare nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 212 gushika ku ya 218.

Ingingo ya 226:

Ibikorwa vy'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye hamwe n'ivy'amashirahamwe agura akongera akagurisha ubutare bigengwa n'amatagisi hamwe n'amakori asanzwe ategekanijwe.

Toutefois, les titulaires de permis d'exploitations de substances minérales artisanales et de comptoirs d'achat et de vente peuvent bénéficier des avantages fiscaux conformément à la réglementation en vigueur.

Les Ministres en charge des mines et des finances peuvent, par une ordonnance conjointe, accorder des avantages prévus par le Code des investissements à différentes filières minérales et artisanales.

Ariko, bene impusha z'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye n'iz'amashirahamwe agura akongera akagurisha ubutare barashobora kuronswa uturusho tujanye n'amakori hamwe n'amatagisi hisunzwe amategeko asanzwe akurikizwa.

Umushikiranjanji ajejwe ubutare n'Umushikiranjanji ajejwe ikigega ca Reta barashobora, biciye mw'itegeko nshikiranjanji bashirako umukono bomp, gutanga uturusho dutegekanijwe n'Igitabu c'amategeko agenga ishingwa ry'imitahe ku bwoko butandukanye bw'ubutare no mu kubucukura hakoreshejwe uburyo bubayabaye.

TITRE VIII. DE LA SURVEILLANCE ADMINISTRATIVE ET TECHNIQUE DES ACTIVITES MINIERES

Article 227 :

Les documents et les renseignements recueillis en application de l'article 162 du Code minier ne peuvent être rendus publics ou communiqués à des tiers par l'administration minière sauf autorisation de l'auteur des travaux qu'à l'issue d'un délai d'un an à compter de l'expiration du titre minier.

L'Administration des mines et le titulaire du droit se con viennent des documents et renseignements frappés par la confidentialité.

Article 228 :

En application des dispositions de l'article 163 du Code minier, les mesures de sécurité suivantes sont prises :

- 1° Tout accident survenu dans une mine, une carrière ou ses dépendances doit être porté à la connaissance du Ministre en charge des mines dans un délai n'excédant pas vingt-quatre heures ;

IKIGABANE CA VIII. IGENZURWA MU VYEREKEYE INTWARO N'UBUHINGA RY'IBIKORWA BIJANYE N'UBUTARE

Ingingo ya 227:

Inzandiko n'ibimenyeshwa vyatororokanijwe hisunzwe ingingo ya 162 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, ubushikiranjanji bujejwe ubutare ntibushobora kubishira ahabona canke kubimenyeshwa abandi bantu kiretse nyene ibikorwa abitangiye uruhusha kandi haheze ikiringo c'umwaka umwe giharurwa kuva urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura rutaye igihe.

Ubushikiranjanji bujejwe ubutare na nyene uburenganzira barumvikana ku nzandiko no ku bimenyeshwa bitegerezwa kugumizwa mw'ibanga.

Ingingo ya 228:

Hakurikijwe ibitegekanijwe mu ngingo ya 163 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, ingingo zijanye n'umutekano zikurikira zirafatwa:

- 1° Impanuka yose ishitse mu kibanza gicukurwamwo ubutare, ikariyeri canke mu bifatanye na vyo itegerezwa kumenyeshwa Umushikiranjanji ajejwe ubutare mu kiringo kitarenze amasaha mirongo ibiri n'ane;

2° Tout accident grave ou mortel survenu dans une mine, une carrière ou dans ses dépendances doit être porté à la connaissance du Ministre en charge des mines et des autorités administratives et judiciaires, par le titulaire du droit minier ou de carrière, dans un délai n'excédant pas douze heures.

Article 229 :

Il est interdit de modifier l'état des lieux où est survenu l'accident ainsi que de déplacer ou de modifier les objets qui s'y trouvaient avant que les constatations de l'accident par les services compétents en présence du représentant de l'Inspection générale du travail et du représentant de l'Agence et du service de l'Inspection des mines ne soient terminées ou avant que ce dernier en ait donné l'autorisation.

Toutefois, cette interdiction ne s'applique pas aux travaux de sauvetage ou de consolidation urgente.

En cas d'urgence ou en cas de refus par les intéressés de se conformer à ces injonctions, les mesures nécessaires sont prises par le service de l'Inspection des mines et exécutées par l'Agence ou des agents dûment habilités, aux frais des intéressés.

Article 230 :

Dans tous les cas où les contestations entre particuliers concernant les empiétements de périmètres de titres miniers ou de titres de carrières sont portées devant les tribunaux, les rapports de l'Agence tiennent lieu de rapport d'expert.

2° Impanuka yose ihambaye canke ituma hagira abapfa ishitse mu kibanza gicukurwamwo ubutare, ikariyeri canke mu bibanza bifatanye na vyo itegerezwa kumenyeshwa na nyene uburenganzira ku butare canke kw'ikariyeri Umushikiranganji ajejwe ubutare hamwe n'abajewe intwaro n'ubutungane, mu kiringo kitarenza amasaha icumi n'abiri.

Ingingo ya 229:

Birabujijwe ko hahindurwa uko ibintu vyari bimeze igihe haba impanuka hamwe no gukuraho canke guhindura ivyari bihari imbere yuko ibisata bibifitiye ububasha bihashika kugira bivyibonere hari uwuserukira Ubugenduzi bukuru bw'akazi, uwuserukira Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare hamwe n'Igisata kijejwe kugenzura ubutare canke imbere yuko ico gisata kibitangira uruhusha.

Ariko, ivyo bibujijwe ntibikurikizwa ku bikorwavyihuta vy'ugutabara canke ugushigikira.

Mu gihe vyihutirwa canke mu gihe abo vyega batubahirije ivyo basabwa, ingingo zikenewe zirafatwa n'Igisata kijejwe kugenzura ubutare zigashirwa mu ngiro n'Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare canke abakozi babifitiye ububasha, ku mafaranga arihwa n'abo vyega.

Ingingo ya 230:

Mu bihe vyose habaye amatati hagati y'abantu ajanye n'ukurengera akarimbi k'akarere katangiwe uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi canke ugucukura ubutare canke amakariyeri, aca ashirwa imbere ya sentare, ivyegeranyo bivyerekeye vy'Igisata bifatwa nk'icegeranyo c'abahinga.

Article 231 :

En application de l'article 163 du Code minier, les frais exposés dans l'exécution des mesures préventives sont avancés par le Ministère et recouvrées par l'Agence à charge du défaillant au moyen d'états établis et rendus exécutoires par le Ministre.

Article 232 :

Les infractions aux prescriptions du Code minier, du présent règlement et des autres textes pris pour son application, sont constatées par les officiers de police judiciaire, les agents assermentés du service de l'inspection des mines et tous autres agents spécialement commis à cet effet. Les procès-verbaux dressés par les personnes citées et autorisées en vertu du présent article font foi jusqu'à preuve du contraire.

Article 233 :

En cas de recours gracieux exercé en conformité de l'article 167 du Code minier, l'autorité statue dans un délai n'excédant pas trente ans. Le recours n'est pas suspensif de l'exécution de la mesure.

TITRE IX. DES DISPOSITIONS DIVERSES, TRANSITOIRES ET FINALES**Article 234 :**

En application de l'article 172 du Code minier, l'Agence publie au Bulletin officiel du Burundi la liste des actionnaires des sociétés titulaires des autorisations, des titres miniers, des permis d'exploitations artisanales et de carrières ainsi que la valeur de leurs actions ou parts.

Ingingo ya 231:

Mu gushira mu ngiro ibitegekanijwe mu ngingo ya 163 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, amafaranga yakoreshejwe mw'ikurikizwa ry'ingingo z'ugukinga aba aratangwa n'Ubushikiranjanji, Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare kikayishuza uwutakoze ivyo ategerejwe hisunzwe uko ivyegeeranyo biverekeye vyakozwe bimeze, Umushikiranjanji akaba ari we akurikirana ishirwa mu ngiro ryavyo.

Ingingo ya 232:

Ivyaha bijanye n'ukutubahiriza ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, muri iri tegeko no mu yandi mategeko afatwa kugira arishire mu ngiro, bikurikiranwa n'inyamiramabi, abakozi babirahiriye b'igisata kijejwe ubugenduzi bw'ubutare hamwe n'abandi bakozi bashirwaho kubera ico. Ivyegeranyo bigirwa n'abantu bahejeje kuvugwa kandi babirekuriwe hisunzwe iyi ngingo birafatirwako kugeza habonetse ikibihinyuza.

Ingingo ya 233:

Mu gihe hasabwe ko ingingo isubirwamwo n'uwayifashe hisunzwe ingingo ya 167 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, uwo mutegetsi afata ingingo mu kiringo kitarenza imyaka mirongo itatu. Ugusaba uwafashe ingingo kuyisubiramwo ntibihagarika ikurikizwa ry'ingingo yafashwe.

IKIGABANE CA IX. INGINGO ZITANDUKANYE, IZ'IMFATAKIBANZA N'IZISOZERA**Ingingo ya 234:**

Mu gushira mu ngiro ibitegekanijwe mu ngingo ya 172 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, Igisata kijejwe gucungera ivyerekeye ubutare kiratangaza mu Kinyamakuru c'ibitegekwa mu Burundi urutonde rw'abafise imitahe mu mashirahamwe afise impusha, impusha z'ukugira ubushakashatsi canke ugucukura ubutare canke amakariyeri, impusha z'ugucukura ubutare n'amakariyeri hakoreshejwe uburyo bubayabaye hamwe n'uko umutahe w'umwumwe ungana.

Article 235 :

L'achat de l'or par la Banque centrale a lieu selon le prix du marché international.

Ingingo ya 235:

Igurwa ry'inzahabu n'ibanki nkuru y'igihugu rigirwa hisunzwe igiciro co kw'isoko mpuzamakungu.

Article 236 :

Toutes les dispositions antérieures et contraires au présent décret sont abrogées

Ingingo ya 236:

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri tegeko zirafuswe.

Article 237 :

Le présent décret entre en vigueur le jour de sa signature.

Ingingo ya 237:

Iri tegeko ritangura gukurikizwa kuva umunsi rishiriweko umukono.

Fait à Bujumbura, le 16 juin 2015

Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 16 Ruheshi 2015

Pierre NKURUNZIZA

NKURUNZIZA Pierre

PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

LE DEUXIEME VICE-PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

ICEGERA CA KABIRI C'UMUKURU W'IGIHUGU,

Dr Ir Gervais RUFYIKIRI.

Dr Ir RUFYIKIRI GERVAIS.

LE MINISTRE DE L'ENERGIE ET DES MINES

**UMUSHIKIRANGANJW'AMASOKO
NTANGANGUVU N'UBUTARE**

Ir Côme MANIRAKIZA.-

Ir MANIRAKIZA Côme.-

**ANNEXE I.MODELE DE CONVENTION
D'EXPLOITATION MINIERE**

**IMPEREKEZA YA I. INGENE AMASEZERANO
Y'UGUCUKURA UBUTARE ABA AMEZE**

ENTRE

La République du Burundi, représentée par les Ministres en charge des Mines et des finances, M ... [...], ci-après dénommée "l'État", d'une part ;

HAGATI YA

Reta y'Uburundi muri aya masezerano yiswe « Reta », ku ruhande rumwe, iserukiwe n'Umushikiranangiji ajejwe ivyerekeye ubutare hamwe n'Umushikiranangiji ajejwe ikigega ca Reta, naka na naka...[...];

ET

La société [...] au capital de [...] ayant son siège social à [...], représentée par M... [...] dûment autorisé en vertu de [...] annexé à la présente convention (Annexe n°), titulaire du permis d'exploitation n° [...] délivré au jour de la signature des présentes et annexé à la présente convention (Annexe n°), ci-après dénommée ["..."], d'autre part ;

HAMWE NA

Ishirahamwe [...] rifise umutahe ungana [...], icicaro caryo kikaba kiri i/mu [...], riserukiwe na ... [...] abirekuriwe hisunzwe urwandiko [...] ruherekeza aya masezerano (Imperekeza inomero), nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare inomero[...] rutangwa ku munsu aya masezerano ashiriweko umukono kandi rugaherekeza aya masezerano (imperekeza inomero), ryiswe[...], ku rundi ruhande;

Les deux, ensemble, désignés « les Parties »,

Bose uko ari babiri, biswe "Abagiraniye amasezerano",

PRÉAMBULE

[...]
Considérant que la loi n°1/21 du 15.10.2013 portant Code minier de la République du Burundi, applicable aux relations entre les parties, prévoit que le titulaire d'un permis d'exploitation doit conclure une convention minière pour préciser certaines de leurs obligations et divers aspects du régime auquel l'exploitation doit être soumise et notamment ses conditions économiques, fiscales et douanières ;

INTANGAMARARA

[...]
Twiheje ko ibwirizwa inomero 1/21 ryo ku wa 15 Gitugutu 2013 rishinga Igitabu c'amategeko agenga ubutare mu Burundi, rikurikizwa hagati y'abagiraniye amasezerano, ritegekanya ko nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare ategerezwa gushira umukono ku masezerano yerekeye ubutare kugira hatomorwe bimwebimwe mu vyo abagiraniye amasezerano bategerejwe n'ingingo zitandukanye z'amategeko ategerezwa kwisungwa mu gucukura ubutare na canecane ibisabwa bijanye n'ubutunzi, amakori n'amatagisi hamwe n'amaduwane;

Considérant qu'au titre de l'article 65 du Code minier, il est fait obligation aux parties d'inclure dans ladite Convention des dispositions relatives :

- à sa durée, qui ne peut excéder celle du permis d'exploitation auquel elle est liée, et au périmètre du titre ;
- aux droits et obligations des parties ;
- à la création de la société mixte d'exploitation minière ;
- aux modalités de la participation et de la détention par l'Etat d'au moins 10% du capital social de la société d'exploitation minière ;
- aux phases de travaux et de production commerciale ;
- aux régimes fiscaux ;
- aux garanties fournies par la société minière d'exploitation et, le cas échéant, aux sûretés minières ;
- aux engagements de la société minière en matière de création d'infrastructures ou de contributions socio-économiques ;
- au règlement des litiges relatifs à l'application de la convention ou du présent Code, y compris par la voie de l'arbitrage international ;
- à la remise en état des sites exploités dans le périmètre tant pendant la durée du permis qu'à la fin de celui-ci, quelle qu'en soit la cause.

Twihweje ko mu ngingo ya 65 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, abagiranira amasezerano bategerezwa gushira muri ayo Masezerano ingingo zerekeye:

- ikiringo amasezerano amara kidashobora gusumba ikiringo uruhusha rw'ugucukura ubutare amasezerano yerekeye rumara hamwe n'akarere uruhusha rwerekeye;
- uburenganzira bw'abagiriraniye amasezerano n'ivyo bategerejwe ;
- ishingwa ry'ishirahamwe ricukura ubutare Reta ifisemwo umutahe ;
- Ingene Reta igira uruhara mu mutaha w'ishirahamwe ugategerezwa kungana n'imiburiburi ibice icumi kw'ijana vy'umutahe w'ishirahamwe ricukura ubutare ;
- ingene ibikorwa vy'ugucukura n'ukugurisha ubutare bizoja birakurikirana ;
- ingene amakori azorihwa ;
- ivyizeza ko ishirahamwe ricukura ubutare rizoshobora kurangura ibikorwa vy'ugucukura, n'iyi bikenewe, ku ngwati zitangwa ku butare ;
- ivyo ishirahamwe ricukura ubutare riyemeza mu bijanye n'ivyubakwa canke ico umugambi wungura mu vyerekeye imibano n'ubutunzi;
- ingene amatati aturutse kw'ishirwa mu ngiro ry'aya masezerano yerekeye ubutare canke kw'ishirwa mu ngiro ry'Igitabu c'amategeko agenga ubutare azotaturwa, harimwo n'ukuyatatura biciye mu rwego mpuzamakungu rwumvikanisha abatase;
- ugutunganya neza ibibanza vyacukwemwo ubutare mu karere gacukurwamwo haba mu gihe c'ugukoresha uruhusha canke ikiringo c'ukurukoresha kirangiye, ico vyoba bivuyeko cose.

Considérant que la Convention ne saurait avoir pour objet ou pour effet de déroger à la loi, mais qu'elle entend seulement préciser sur certains points les relations entre le titulaire et l'État [...]

Twihweje ko Amasezerano adashobora kugira intumbero yo guca kubiri n'amategeko canke kuyirengagiza, ariko ko ashaka gusa gutomora bimwebimwe vyerekeye imigenderanire hagati ya nyene uruhusha na Reta [.....].

IL EST CONVENU CE QUI SUIV

DUPFUNDITSE IBI BIKURIKIRA

CHAPITRE I. DES DISPOSITIONS GÉNÉRALES

IGICE CA I. INGINGO NGENDERWAKO

Section 1. De l'objet et de la durée

Agace ka 1. Intumbero n'ikiringo amasezerano amara

Article 1^{er} :

Dans le respect du Code minier, la convention a pour objet :

Ingingo ya mbere:

Hubahirijwe Igitabu c'amategeko agenga ubutare, Amasezerano afise intumbero:

1° De préciser les droits et les obligations des parties concernant les travaux à réaliser et les conditions de l'exploitation des sites situés dans le périmètre du permis d'exploitation ;

1° Yo gutomora uburenganzira bw'abagiraniye Amasezerano n'ivyo bategerejwe ku vyerekeye ibikorwa bazorangurwa n'ibisabwa kugira ngo ubutare bucururwe mu bibanza biri mu karere katangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare ;

2° De garantir à la société [...] signataire des présentes la stabilité des conditions qui lui sont faites, notamment sur le plan de la fiscalité ;

2° Yo kwizeza ishirahamwe [...] ryashize umukono kuri aya Masezerano ko ibisabwa bitazoya birahindagurika, nk'ivyerekeye amakori n'amatagisi ;

3° De définir les conditions d'exécution des engagements de la société [...] relatives à la création des infrastructures qu'elle prévoit ;

3° Yo gutomora ingene ishirahamwe [...] rishira mu ngiro ivyo riyemeje bijanye n'ukwubaka ivyo ritegekanya;

4° De fixer les rapports entre l'État et le titulaire pendant toute la durée du permis d'exploitation auquel elle est attachée.

4° Yo gushinga imigenderanire hagati ya Reta na nyene uruhusha mu kiringo cose uruhusha rw'ugucukura ubutare ruzomara.

Article 2 :

La Convention est conclue pour toute la durée du permis d'exploitation.

Ingingo ya 2:

Amasezerano apfunditswe amara ikiringo cose uruhusha rw'ugucukura ubutare ruzomara.

Article 3 : [Description du projet]

Ingingo ya 3: [Indondoro y'Umugambi]

Section 2. Des substitutions

Article 4 :

Il est convenu entre les parties que la société minière d'exploitation ["SEM"] se substituera à la société [...] signataire des présentes en tant que partie à la Convention, dès qu'elle aura été constituée conformément à l'article 65 litera C du Code minier. La ["SEM"] se substituera également à la société [...] en tant que titulaire du permis d'exploitation n° [...] délivré à cette dernière [...]. Les statuts de la ["SEM"] sont annexés à la présente Convention (Annexe n° ...).

Article 5 :

L'approbation de la présente Convention par la signature, au nom de la République du BURUNDI, par les Ministres en charge des mines et des finances dans leurs attributions, vaut acceptation par l'Etat du Burundi des substitutions visées à l'article 4. Ces substitutions satisfont en conséquence à la procédure prévue à l'article 80 du Code Minier.

Article 6 :

Dès qu'elles ont été notifiées au Ministre en charge des mines, les substitutions ont pour effet de transférer à la [SEM] tous les droits et obligations résultant des présentes. Le Ministre chargé des Mines s'engage à transférer le permis d'exploitation n° [...] dans le délai de trente jours au maximum prévus à l'article 74 du Code minier.

Agace ka 2. Isubirizwa ry'amashirahamwe

Ingingo ya 4 :

Harapfunditswe hagati y'abagiraniye Amasezerano ko ishirahamwe ricukura ubutare, ["SEM" mu mpfunyapfunyo y'igifaransa], rizo subirira ishirahamwe [...] ryashize umukono kuri aya Masezerano iryo na ryo rigaca rifatwa nk'iryashize umukono ku Masezerano, kuva igihe ishirahamwe rizoba rimaze gushingwa hisunzwe ingingo ya 65 akarongo C mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare. Iryo shirahamwe [...] rizo subirizwa kandi ishirahamwe [...] nk'uko ryoba ari ryo nyene uruhusha rw'ugucukura ubutare inomeru [...] rwahawe iryo shirahamwe [...]. Amategeko agenga ishirahamwe [...] ari mu rwandiko rw'imperekeza y'aya Masezerano (Imperekeza inomeru) .

Ingingo ya 5:

Ukwemeza aya Masezerano mu kuyashirako umukono, kw'izina rya Republika y'Uburundi, n'Umushikiranganji ajejwe ubutare hamwe n'Umushikiranganji ajejwe Ikigega ca Reta, vyerekana ko Reta y'Uburundi yemeye isubirizwa ritegekanijwe mu ngingo ya 4. Iryo subirizwa rirubahiriza rero ibikurikizwa bitegekanijwe mu ngingo ya 80 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare.

Ingingo ya 6:

Kuva iryo subirizwa rimenyeshajwe Umushikiranganji ajejwe ubutare, rica rituma Ishirahamwe [SEM] ryimurirwako uburenganzira n'ibitegerejwe vyose bikomoka kuri aya Masezerano. Umushikiranganji ajejwe ubutare yiyemeza kwimurira ku wundi uruhusha rw'ugucukura ubutare inomeru [...] mu kiringo kitarenza iminsi mirongo itatu itegekanijwe mu ngingo ya 74 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare.

Section 3. De la cession et de la modification de la convention

Article 7 :

Sauf accord des parties, aucune cession de la convention n'est autorisée. Lorsque les parties s'accordent sur une cession, la procédure des articles 28 à 34 du Code minier est applicable.

Article 8 :

Les modifications de la convention, n'emportant pas de bouleversement de l'équilibre de la convention et n'affectant pas ses clauses essentielles, peuvent faire l'objet d'un avenant.

CHAPITRE II. DU TITRE MINIER

Article 9 :

Le permis d'exploitation n° [...] peut être renouvelé, sur demande de la ["SEM"]. Sans préjudice des causes de révocation du permis et de la convention au sens de l'article 35 du Code minier, et lorsque l'exploitabilité est démontrée, le renouvellement est de droit.

Après approbation de la convention minière par le décret octroyant le permis d'exploitation au titulaire, le Ministre en charge des mines lui remet un exemplaire.

Agace ka 3. Uguha uwundi uburenganzira uhabwa n'Amasezerano n'ukuyahindura

Ingingo ya 7:

Kiretse abagiraniye Amasezerano bavyumvikanye, uguha uwundi uburenganzira uhabwa n'Amasezerano mu buryo ubwo ari bwo bwose ntibirekuwe. Igihe abagiraniye Amasezerano bumvikanye ko ubwo burenganzira buhabwa urwandiko uwundi, bigirwa nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ziva ku ya 28 gushika ku ya 34 zo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare.

Ingingo ya 8 :

Ibihindurwa mu masezerano, bidatuma urugero rubereye rw'ivyumvikanyweko ruhungabana kandi ata ngaruka bifise ku ngingo nkurukuru z'amasezerano, birashobora kugirirwa ayandi masezerano yiyongera ku ya mbere.

IGICE CA II. IVYEREKEYE URWANDIKO RUTANGA UBURENGANZIRABW'UKUGIRA UBUSHAKASHATSI CANKE UBW'UGUCUKURA UBUTARE CANKE AMAKARIYERI

Ingingo ya 9 :

Uruhusha rw'ugucukura ubutare inomero[...] rurashobora kwongerezwa ikiringo, bisabwe n'ishirahamwe ry'ugucukura ubutare. Hatirengagijwe imvo zishobora gutuma uruhusha n'amasezerano bifutwa nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 35 yo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, no mu gihe bigaragaye ko ibikorwa vy'ugucukura ubutare bishoboka, ukwongerezwa ikiringo ntibirinda gusabwa.

Amasezerano y'ugucukura ubutare amaze kwemezwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu riha uruhusha nyene ugucukura ubutare, Umushikiranganji ajejwe ubutare aramushikiriza ikopi yayo.

Article 10 :

L'Etat prend l'engagement que le périmètre du titre minier est libre de tout droit minier et qu'il n'accordera aucune autorisation ni de prospection ni de titre minier quelconque sur ce périmètre.

Ingingo ya 10:

Reta yiyemeza ko akarere kerekewe n'urwandiko rutanga uburenganzira bw'ukugira ubushakashatsi canke ubw'ugucukura ubutare canke amakariyeri ata wundi akaronkako uburenganzira bujanye n'ivy'ubutare kandi ko ata ruhusha na rumwe izotanga rwaba urwo gutata ahari ubutare canke urundi rwandiko urwo ari rwo rwose rwerekeye ubutare kuri ako karere.

Article 11 :

L'Etat s'engage à mettre effectivement en œuvre ses prérogatives, notamment en matière de déclaration d'utilité publique et d'expropriation conformément à l'article 127 alinéa 1 du Code minier, pour assurer à la ["SEM"] toutes facilités dans la réalisation des droits dont elle jouit, aux termes du titre IV du Code minier, dans ses relations avec les propriétaires des terrains situés dans le périmètre de son permis d'exploitation.

Ingingo ya 11 :

Reta yiyemeje gushira mu ngiro uko bibereye ivyo ifitiye ububasha, nk'ivyerekeye ugutangaza ko akarere gakenewe gukoreshwa ku neza ya bose n'ugusohora abantu mu matongo hisunzwe ingingo ya 127 agahimba ka 1 yo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, kugira ngo Ishirahamwe ["SEM"] ryoroherezwe mu buryo bwose mw'ishirwa mu ngiro ry'uburenganzira rifise, nk'uko Ikigabane ca IV co mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare kibitegekanya, mu migenderanire y'ishirahamwe na bene amatongo ari mu karere kerekewe n'uruhusha rw'ugucukura ubutare.

CHAPITRE III. DE LA SOCIETE MINIÈRE D'EXPLOITATION**IGICE CA III. IVYEREKEYE ISHIRAHAMWE RICUKURA UBUTARE****Section 1. De la création de la société minière d'exploitation****Agace ka 1. Ishingwa ry'ishirahamwe ricukura ubutare****Article 12 :**

Les parties [...] s'engagent à créer, dans un délai maximum de [...] [...] jours, une société mixte d'exploitation minière au capital minimum de [...] sous forme de Société mixte qui se substituera de plein droit à la société signataire des présentes. Par application des articles 27, alinéa 2, et 65, litera C, du Code minier, la SEM est constituée selon le droit burundais et a son siège au Burundi.

Ingingo ya 12:

Abagiraniye amasezerano [...] biyemeje gushinga, mu kiringo kitarenze iminsi [...] [...], ishirahamwe ricukura ubutare Reta ifisemwo umutahe ungana n'imiburiburi na [...] rimeze nk'ishirahamwe Reta ifisemwo umutahe rica risubirira ishirahamwe ryashize umukono kuri aya masezerano. Hakurikijwe ingingo ya 27, agahimba ka 2, n'ingingo ya 65, akarongo C, zo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, ishirahamwe ry'ugucukura ubutare rishingwa hisunzwe amategeko y'Uburundi rikaba rifise icicaró mu Burundi.

Sa dénomination sociale est : ["SEM"].

Izina ry'ishirahamwe ni: ["SEM"].

Section 2. De la participation de l'État au capital de la ["SEM"]

Article 13 :

L'Etat participe sans paiement, pendant toute la durée de la convention, au capital de la ["SEM"] d'au moins 10% de son capital. La participation de l'État au capital de la [« SEM »] ne peut être diluée par une opération d'augmentation de capital ou toute autre opération.

L'Etat dispose de [...siège/voix] au Conseil d'administration de la ["SEM"].

Section 3. Modification du capital de la ["SEM"]

Article 14 :

Toute cession à un tiers des actions de la ["SEM"] n'entraînant pas de modification du contrôle de la société doit être agréée par le Ministre en charge des mines.

Toute modification dans la composition du capital social ou des pouvoirs ayant pour effet de changer le contrôle de la ["SEM"] nécessite l'accord préalable du Ministre en charge des mines.

CHAPITRE IV. DE L'ENGAGEMENT DES PARTIES

Section 1. Des obligations de l'Etat

Article 15 :

L'Etat s'engage, dans toute la mesure du possible, à faciliter les démarches que la ["SEM"] doit entreprendre auprès des autorités administratives tant locales que centrales pour l'exécution de ses travaux, l'exploitation ou la commercialisation des substances extraites.

Agace ka 2. Umutahe Reta ifise mu mutaha w'ishirahamwe["SEM"]

Ingingo ya 13 :

Reta, ataco irishe, ifise umutahe mu mutaha wa[SEM], mu kiringo cose c'amasezerano, ungana n'imiburiburi ibice 10%. Urugero rw'umutahe wa Reta mu mutaha wa [SEM] ntirushobora kugabanuka kubera igikorwa c'ukwongereza umutahe canke ikindi gikorwa ico ari co cose.

Reta ifise [intebe.../amajwi...] mu Rwego nshingwantwaro rwa ["SEM"].

Agace ka 3. Ihindurwa ry'umutahe wa ["SEM"].

Ingingo ya 14 :

Uguha uwundi imigabane y'umutahe w'ishirahamwe ["SEM"] bidatuma hahindurwa abarigaba gutegerezwa kwemezwa n'Umushikirananyi ajejwe ubutare .

Igihindurwa cose mu bigize umutahe ishishamwe ryatanguye canke ku bafise ububasha gifise inkurikizi ituma hahinduka abagaba ishishamwe ["SEM"] kibanza kwemezwa n'Umushikirananyi ajejwe ubutare.

IGICE CA IV. IVYO ABAGIRANIYE AMASEZERANO BIYEMEJE

Agace ka 1. Ivyo Reta itegerejwe

Ingingo ya 15 :

Reta yiyemeje, uko bishoboka kwose, kworohereza ishishamwe ["SEM"] mu vyo ryokenera vyose ku bategetsi bo mu ntwaro baba abo ku nzego z'intango canke abo mu bushikirananyi kugira ngo hashirwe mu ngiro ibikorwa vyaryo, hacukurwe ubutare canke hadandazwe ubwacukuwe.

Article 16 :

L'Etat s'engage à ne prendre aucune mesure impliquant une restriction aux conditions dans lesquelles la législation en vigueur permet :

- le libre choix des fournisseurs et des sous-traitants ;
- la libre importation de marchandises, du matériel, des machines, des équipements, des pièces de rechange et des biens consommables ;
- la libre exportation de tous les produits ;
- la libre commercialisation avec toute société de bonne foi ;
- la libre circulation à travers le Burundi du matériel et des biens de [« SEM »] et de leurs sous-traitants ainsi que toutes les substances minérales et tous produits provenant des activités de recherche et d'exploitation ;
- le fonctionnement normal des activités de recherche et d'exploitation.

Ingingo ya 16:

Reta yiyemeje kudafata ingingo n'imwe ibera intambanyi ivyo amategeko asanzwe akurikizwa arekura mu bijanye n'ibi bikurikira :

- ukurekera ishirahamwe ubwigenge bw'ukwitorera abo rigurirako ivyo rikenera n'abarikorera ibikorwa bimwebimwe ryokoze;
- ukurekera ishirahamwe ubwigenge bw'ukwinjiza mu gihugu ibidandazwa, ibikoresho, imashini, ibikoresho biramba, ivyuma bisubirizwa ibishaje n'ibikoresho bitaramba vyo mu biro ;
- ukurekera ishirahamwe ubwigenge bw'ugushorera ivyahinguwe vyose mu bindi bihugu ;
- ukurekera ishirahamwe ubwigenge bw'ukugira urudandazwa n'irindi shirahamwe ryose ritagira uburyarya;
- ukurekera ishirahamwe ubwigenge bw'ukugira uruja n'uruza mu Burundi bwose rw'ibikoresho n'amatungo vy'ishirahamwe[SEM] n'abarikorera ibikorwa bimwebimwe ryokoze hamwe n'ubw'ukugira uruja n'uruza rw'ubutare n'ivyahinguwe vyose biva mu bikorwa vy'ubushakashatsi n'ivy'ugucukura ;
- ukurangura bisanzwe ibikorwa vy'ubushakashatsi n'ivy'ugucukura.

Article 17 :

L'Etat garantit à la ["SEM"] l'occupation et l'utilisation de tous les terrains nécessaires à son activité dans le cadre de la présente Convention, qu'ils soient situés à l'intérieur ou à l'extérieur du périmètre du permis, dans les conditions prévues par le Code minier. A la demande de la ["SEM"], l'État utilisera les moyens dont il dispose pour reloger les occupants dont la présence peut gêner l'exploitation.

Ingingo ya 17:

Reta yemereye ishirahamwe ["SEM"] ukugerera n'ugukorera mu matongo yose rikeneye mu bikorwa vyaryo hisanzwe aya masezerano, yaba ayari mu karere katangiwe uruhusha canke ayatari muri ako karere, hubahirijwe ibisabwa mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare. Ibisabwe n'ishirahamwe ["SEM"], Reta izokoresha uburyo bwose ifise kugira ngo yimurire ahandi abasohowe mu matongo boshobora kubera intambanyi ibikorwa vy'ugucukura.

Article 18 :

La ["SEM"] est tenue de verser aux propriétaires et aux occupants devant être relogés, une juste et préalable indemnité tenant compte d'une utilisation légale de ces terrains conformément au Code minier. Outre ce dédommagement du propriétaire et de l'occupant, la ["SEM"] n'a pas à verser aucun impôt, commission, frais ou droit autre que ceux prévus dans la présente convention pour l'occupation et l'utilisation de ces terrains.

Article 19 :

La ["SEM"] dispose du droit de procéder, à ses frais, aux coupes de bois nécessaires à l'exploitation et du droit de prendre et d'utiliser le bois coupé ainsi que le sol, les pierres, le sable, le gravier, la chaux, le gypse, l'eau et tous les autres matériaux et les produits utiles pour les activités prévues à la présente Convention.

Article 20 :

Outre les garanties prévues par le Code minier, l'Etat assure à la [« SEM »] le libre accès aux matières premières dans les limites des droits miniers consentis et toutes facilités pour son personnel d'obtenir tous documents requis pour accéder aux lieux d'exploitation.

Section 2. Des obligations de la SEM**Article 21 :**

La ["SEM"] s'engage à réaliser le programme de travaux communiqué au Ministère en vertu des Articles 37, litera a, et 68, litera c, du Code minier et à respecter le planning de déploiement fourni dans le document n° annexé à la présente convention.

Ingingo ya 18:

Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa kubanza guha bene amatongo n'abayabamwo bategerezwa kwimurirwa ahandi, umuzibukiro ukwiye uhwanye n'ico ayo matongo agiye gukoreshwa cemewe hisunzwe Igitabu c'amategeko agenga ubutare. Kiretse uyo muzibukiro uhabwa nyene itongo n'uwuba mw'itongo, Ishirahamwe ["SEM"] nta kori na rimwe canke agashirukabute gahabwa uwatumwe, canke ayandi mafaranga yose atangwa, atari ayategekanijwe muri aya Masezerano ku bijanye n'ukugerera n'ugukoresha ayo matongo ;

Ingingo ya 19:

Ishirahamwe ["SEM"], rikoresheje amafaranga yaryo, rirafise uburenganzira bwo kwiciza ibiti bikenewe mu gucukura ubutare n'uburenganzira bwo gufata ibiti vyiciwe n'ukubikoresha hamwe n'ubutaka, amabuye, umusenyi, urucekeri, ishwaraga, ijipusi, amazi, n'ibindi bikoresho vyose hamwe n'ibintu ngirakamaro mu bikorwa bitegekanijwe n'aya Masezerano.

Ingingo ya 20:

Kiretse ivyizeza bitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, Reta iraha uburenganzira ishishirahamwe [« SEM »] bw'ugukoresha ibintu bihingurwamwo ibindi hubahirijwe uburenganzira ryahawe mu vyerekeye ubutare ikongerera ikorohereza abakozi baryo mu kubaronsa inzandiko zisabwa kugira bashike ahari ibibanza bicukurwamwo ubutare.

Agace ka 2. Ivyo ishishirahamwe [« SEM »] ritegerejwe**Ingingo ya 21 :**

Ishirahamwe [« SEM »] riyemeje kurangura integuro y'ibikorwa ryamenyesheje Ubushikirananyi hakurikijwe ingingo ya 37, akarongo a, n'ingingo ya 68, akarongo c, zo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare no kwubahiriza indinganizo y'ingene ibikorwa bizoya birakurikirana yatanzwe mu rwandiko inomero...ruherekeza aya masezerano.

Article 22 :

La ["SEM"] est responsable du financement des travaux et de l'exploitation de la société. Si elle entend d'ores et déjà constituer une sûreté minière au sens des Articles 77 et suivants du Code Minier, la constitution de la dite sûreté requiert l'accord préalable et formel du Ministre au sens de l'article 78 alinéa 1 du Code minier et lui être annexée (document n°...).

Article 23 :

La présente Convention peut être conclue sous condition suspensive de l'obtention de l'approbation visée à l'article 22, lorsque la demande de constitution de sûreté minière a été faite dès le dépôt du dossier de demande de permis d'exploitation.

Article 24 :

La ["SEM"] est maître d'ouvrage des travaux.

La ["SEM"] est responsable du financement de tous les travaux nécessaires pour mettre le gisement en état d'être exploité. Le ratio de la dette totale aux fonds propres de la ["SEM"] ne doit pas dépasser [...].

Article 25 :

La ["SEM"] s'engage à réaliser la première phase d'exploitation conformément au planning fourni en annexe.

Ingingo ya 22:

Ishirahamwe [« SEM »] ni ryo ritanga amafaranga agenewe ibikorwa vy'ishirahamwe hamwe n'ivyerekeye ugucukura. Nimba ryipfuzza kugwaturiza urwandiko rutanga uburenganzira ku gataka karimwo ubutare nk'uko bivugwa mu ngingo ya 77 n'ingingo zikurikira zo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, urwo rwandiko rugwaturizwa bibanje kwemezwa n'Umushikiranganji biciye mu rwandiko nk'uko bivugwa mu ngingo ya 78 agahimba ka 1 yo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, urwo ruhusha rugaherekeza urwandiko rw'ingwati inomeru....

Ingingo ya 23:

Aya Masezerano ashobora gushirwako umukono ari uko habonetse urwandiko rutanga uburenganzira ku gataka karimwo ubutare ruvugwa mu ngingo ya 22 kandi ashobora guhagarikwa igihe idosiye y'ugusaba kugwaturiza urwandiko rutanga uburenganzira ku gataka karimwo ubutare yashikirijwe rimwe n'idosiye y'ugusaba uruhusha rw'ugucukura ubutare.

Ingingo ya 24:

Ishirahamwe [SEM] ni ryo nyene ibikorwa.

Ishirahamwe [SEM] ni ryo rijejwe gutanga amafaranga y'ibikorwa vyose bikenewe kugira ngo ikibanza kirimwo ubutare ngirakamaro gishobore gucukurwa. Urugero rw'amafaranga y'umwenda rifata ugereranije n'amafaranga yaryo bwite ntirutegerezwa kurenga igitigiri [.....].

Ingingo ya 25:

Ishirahamwe ["SEM"] riyemeje kurangura igice ca mbere c'ugucukura ubutare hisunzwe indinganizo y'ibikorwa iri mu mperekeza z'aya masezerano.

CHAPITRE V. DE LA SUSPENSION DES TRAVAUX

Article 26 :

Sauf cas de force majeure, la ["SEM"] a la faculté de présenter au Ministère une demande motivée de suspension des travaux lorsque que ceux-ci se heurtent à de graves difficultés économiques imprévues. La suspension ne peut être accordée pour une période supérieure à [...] mois.

Article 27 :

Les graves difficultés économiques imprévues visées à l'article 26 se traduisent par le fait que les revenus d'une mine sont inférieurs aux frais d'exploitation pendant une période d'au moins six mois ou lorsque les activités de la « SEM » tombent au-dessous du seuil de rentabilité tel qu'il est défini dans le document en annexe (Annexe n°).

Article 28 :

Lorsque la « SEM » envisage d'interrompre l'exploitation pour graves difficultés économiques imprévues, elle le notifie immédiatement à l'Administration des mines et présente un rapport sur les revenus et les frais d'exploitation en indiquant les raisons de l'arrêt de la production.

Au plus tard [...] mois après la date d'interruption de la production par « SEM », cette dernière présente un rapport supplémentaire indiquant les prévisions des coûts de reprise des opérations et des revenus pour la même période.

IGICE CA V. UGUHAGARIKA IBIKORWA ATARI BURUNDU

Ingingo ya 26:

Kiretse habaye intambanyi ntasimbwa, Ishirahamwe ["SEM"] rirafise uburenganzira bwo gusaba Ubushikirananyi, mw'ikete ritangirwa imvo zibitumye, guhagarika ibikorwa igihe ivyo bikorwa vyahuye n'ingorane zihambaye zivuye ku bijanye n'ubutunzi zitari zitezwe. Ibikorwa ntibishobora guhagarikwa mu kiringo kirenga amezi [...].

Ingingo ya 27:

Ingorane zihambaye z'ubutunzi zitari zitezwe zivugwa mu ngingo ya 26 zigaragazwa n'uko amafaranga yavuye mu butare mu kiringo c'amezi atandatu n'imiburiburi ari make ku mafaranga yakoreshejwe mu kubucukura canke iyo ibikorwa vy'ishirahamwe bisaba amafaranga menshi gusumba urugero rw'ayo ritegekanya ko ivyo bikorwa vyokwinjiza n'imiburiburi nk'uko bitomowe mu rwandiko rw'imperekeza (Imperekeza inomero ...).

Ingingo ya 28:

Iyo Ishirahamwe « SEM » ritegekanya guhagarika igikorwa c'ugucukura kubera ingorane z'ubutunzi zihambaye zitari zitezwe, rica ribimenyeshya Ubutegetsu bujewe ivyerekeye ubutare kandi rigatanga icegeranyo ku vyerekeye amafaranga ryinjiza n'amafaranga risohora ku bikorwa vy'ugucukura rigatanga n'imvo zitumye rihagarika ibikorwa vy'ugucukura.

Mu kiringo kitarenga amezi [...] inyuma y'igenekerezo ry'uguhagarika ibikorwa vy'ugucukura bigirwa n'Ishirahamwe « SEM », iryo na ryo rirashikiriza icegeranyo cunganira icari catanzwe cerekana igiciro c'uburyo ritegekanya gukoresha kugira ngo risubire gukora n'amafaranga ritegekanya kwinjiza muri ico kiringo nyene.

Article 29 :

Lorsque la production a été interrompue pendant une période continue d'au moins [...], l'Administration des mines peut exiger que la [« SEM »] reprenne les activités normales. L'Administration des mines fournit à la [« SEM »] une copie de son estimation des prévisions de coûts et de revenus de reprise d'exploitation. En cas de désaccord sur lesdites prévisions, la question est soumise à un expert technique désigné de commun accord par les parties. La décision de l'expert lie les parties.

Article 30 :

Aucune disposition du présent chapitre ne peut être interprétée comme limitant le droit de la [« SEM »] de suspendre ou de réduire la production dans le cadre des activités normales pour des raisons d'ingénierie, d'entretien ou pour d'autres raisons techniques ou de force majeure.

Article 31 :

L'Etat dispose de la faculté de suspendre les travaux conformément aux dispositions du Code minier du Burundi.

CHAPITRE V. DE LA SOUS-TRAITANCE**Article 32 :**

Sans préjudice de l'article 51, la ["SEM"] peut faire appel à des tiers avec lesquels elle se lie par contrat de sous-traitance. La liste des sous-traitants auxquels elle envisage de faire appel est fournie en annexe (Annexe n°).

Ingingo ya 29:

Iyo igikorwa c'ugucukura cahagaritswe mu kiringo kingana n'imiburiburi [...], ubutegetsu bujewe ivyerekeye ubutare burashobora gutegeka ko ishira hamwe [« SEM »] risubira gukora ibikorwa nk'uko bisanzwe. Ubutegetsu bujewe ivyerekeye ubutare buraha ishira hamwe [« SEM »] ikopi irimwo igitigiri c'amafaranga agereranywa ko yokoreshwa n'ayokwinjira kugira risubire gukora. Mu gihe habaye ukutumvikana kuri ayo mafaranga ategakanijwe, ikibazo gishikirizwa umuhinga agenwa, abagiraniye amasezerano babigiye inama. Ingingo ifashwe n'uwo muhinga itegerezwa kwubahirizwa n'abagiraniye amasezerano bomp.

Ingingo ya 30:

Nta ngingo n'imwe yo muri iki gice ishobora gufatwa ko igabanya uburenganzira bw'ishira hamwe [« SEM »] bwo guhagarika canke kugabanya umwimbu uboneka igihe ishira hamwe rikoze uko bisanzwe bitumwe n'ibikenewe kwubakwa, kubungabungwa canke izindi mvo zijanye n'ivy'ubuhinga, canke bitumwe n'intambanyi ntasimbwa.

Ingingo ya 31:

Reta irafise ububasha bwo guhagarika ibikorwa hisunzwe ibitegakanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare mu Burundi.

IGICE CA V. IVYEREKEYE UGUSHINGA UWUNDI IBIKORWA BIMWEBIMWE**Ingingo ya 32:**

Hatirengagijwe ingingo ya 51, Ishira hamwe ["SEM"] rirashobora kwikora ku yandi mashira hamwe bigiranira amasezerano y'ukuyashinga ibikorwa bimwebimwe ryokoze bijanye n'ugucukura ubutare. Urutonde rw'amashira hamwe ishira hamwe ["SEM"] ritegekanya kwikorako ruri mu mperekeza (Imperekeza inomeru...)

Article 33 :

La ["SEM"] doit notifier au Ministère les éléments d'identification des sous-traitants recrutés postérieurement à la signature de la Convention et mettre à jour l'Annexe n°.

Ingingo ya 33:

Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa kumenyesha Ubushikirananganji ibiranga amashirahamwe ryashinze kurikorera ibikorwa bimwebimwe bijanye n'ugucukura ubutare Amasezerano amaze gushirwako umukono rikongera rigashira ku gihe Imperekeza inomero....

CHAPITRE VI. DES INFRASTRUCTURES**IGICE CA VI. IVYEREKEYE IVYUBAKWA****Section 1. Des infrastructures existantes****Agace ka 1. Ibisanzwe vyubatswe****Article 34 :**

La ["SEM"] a l'obligation d'entretenir, d'améliorer et de préserver les infrastructures publiques existantes, notamment routières, dans le périmètre de son permis d'exploitation.

Ingingo ya 34:

Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa kubungabunga, gutunganya neza gusumba no gukingira ibisanzwe vyubatswe bikorehwa ku neza ya bose, nk'amabarabara, vyo mu karere rifitiye uruhusha rw'ugucukura ubutare.

Les dépenses engagées par la ["SEM"] apparaissent au titre de charges déductibles mais n'ouvrent droit à aucune indemnisation à la fin de la convention.

Amafaranga Ishirahamwe ["SEM"] risohora kuri ivyo bikorwa akurwa mw'ikori iryo shirahamwe riziha, ariko ayo mafaranga ntatuma rironka inshumbusho iyo ari yo yose Amasezerano arangiye.

Section 2. Des infrastructures nouvelles**Agace ka 2. Ivyubakwa bishasha****Article 35 :**

Pour les besoins de ses travaux ou de son exploitation, la ["SEM"] doit construire, au sein ou en dehors du périmètre de son permis d'exploitation, les infrastructures nouvelles dont la liste prévisionnelle figure dans le document n°.....annexé à la présente convention.

Ingingo ya 35:

Kugira rishobore kurangura ibikorwa vyaryo canke gucukura ubutare, Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa kwubaka, mu karere katangiwe uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ahatari muri ako karere, urutonde rw'ibitegekanywa kwubakwa ruri mu rwandiko inomero... rw'imperekeza y'aya masezerano.

Article 36 :

L'Etat s'engage à tout mettre en œuvre pour faciliter les démarches, y compris d'expropriation, auxquelles la ["SEM"] doit avoir recours pour la mise en place de ces infrastructures.

Ingingo ya 36:

Reta yiyemeje gukora ibishoboka vyose kugira ngo yoroherenze ishishirahamwe ["SEM"] mu vyo ritegerezwa gukurikiza kugira rishireho ivyo vyubakwa, harimwo n'ibijanye n'ugusohora abantu mu matongo yabo.

[Variante n° 1] L'État s'engage également à ce que les impôts frappant la construction de ces infrastructures soient soumis à la clause de stabilité prévue par l'article 12-1 de la présente Convention et fassent l'objet du remboursement partiel prévu par l'article 12-2 de la présente Convention.

[Variante n° 2] L'État s'engage également à ce que la construction de ces infrastructures soit exonérée de tout impôt.

Article 37 :

Les investissements réalisés au titre des infrastructures visées aux articles 35 et 36 n'ouvrent droit à aucune indemnisation à l'expiration de la convention.

Article 38 :

À l'expiration de la convention, la propriété des infrastructures visées aux articles 35 à 37 revient gratuitement à l'État.

CHAPITRE VII. DES ASSURANCES

Article 39 :

Avant le début de tous travaux et exploitation, la ["SEM"] doit avoir contracté au moins une assurance de responsabilité civile annexée à la présente Convention.

Article 40 :

Aux fins de la bonne exécution de ses engagements en matière de travaux, la ["SEM"] fournit une garantie de bonne fin d'exécution des travaux sous la forme d'une garantie à première demande ou d'une caution émanant d'un établissement bancaire figurant dans le document n°...annexé à la présente convention. Cette garantie est libérée à mesure de l'avancement des travaux selon le calendrier indiqué dans le document n°.....annexé à la présente convention.

[Uburyo bushoboka bwa mbere] Reta yiyemeje kandi ko amakori yerekeye ishishirwaho ry'ivyubakwa adahindagurika nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 12-1 y'aya Masezerano kandi ko igice cayo gisubizwa nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 12-2 y'aya Masezerano.

[uburyo bushoboka bwa kabiri] Reta yiyemeje kandi kudatoza ikori na rimwe ku vyerekeye ishishirwaho ry'ivyo vyubakwa.

Ingingo ya 37:

Amafaranga yakoreshejwe mu gushiraho ivyubakwa bivugwa mu ngingo ya 35 n'ya 36 ntatuma rironka inshumbusho iyo ari yo yose Amasezerano arangiye.

Ingingo ya 38:

Amasezerano arangiye, ivyubakwa bivugwa mu ngingo ziva ku ya 35 gushika ku ya 37 vyegukira Reta ataco irinze kuriha.

IGICE CA VII. IVYEREKEYE UGUTEGANIRIZA IMPANUKA

Ingingo ya 39:

Imbere y'ugutangura ibikorwa ivyo ari vyo vyose n'ugucukura, Ishirahamwe [SEM] ritegerezwa kuba ryarishe n'imiburuburi amafaranga y'uguteganziriza impanuka mw'ishirahamwe ritanga indishi bigashirwa mu mperekeza y'aya Masezerano.

Ingingo ya 40 :

Mu ntumbero y'ugukurikiza neza ivyo ishishirahamwe ryiyemeje ku bijanye n'ibikorwa, ishishirahamwe [SEM] riratanze ingwati yemeza ko rizorangura neza ibikorwa ikaba ingwati itangwa ishishirahamwe rigisaba gukora ivyo bikorwa canke ikaba ingwati itangwa n'ibanki iri mu rwandiko inomerurw'imperekeza z'aya masezerano. Iyo ngwati itangwa uko ibikorwa bija birabandanya hisunzwe ikirangamisi kimenyeshwa mu rwandiko inomeru... ruri mu mperekeza z'aya masezerano.

Aux fins de la bonne exécution de ses engagements en matière d'exploitation, la ["SEM"] fournit une garantie de substitution émanant de [...] (document n°.....annexé à la présente convention).

Mu ntumbero y'ugukurikiza neza ivyo ishirahamwe riyemeje ku bijanye n'ugucukura ubutare, ishirahamwe ["SEM"] ritanga ingwati y'ugusubirira ishirahamwe ryashize umukono ku masezerano iri ku [...] (urwandiko inomero...ruri mu mperekeza z'aya masezerano).

CHAPITRE IX. DES CONTROLES DE L'ETAT

IGICE CA IX. IVYEREKEYE AMASUZUMA AGIRWA NA RETA

Article 42 :

En phase de travaux, la ["SEM"] doit remettre semestriellement au Ministère en charge des mines un rapport technique sur l'avancement des travaux comprenant les éléments suivants : [...].

Ingingo ya 42:

Mu kiringo c'ibikorwa bitegura icukurwa, Ishirahamwe [SEM] ritegerezwa gushikiriza Ubushikiranganji bujewe ubutare, uko amezi atandatu aheze, icegeranyo kijanye n'ivyo ubuhinga cerekena aho ibikorwa bigeze kiramwo ibi bikurikira : [...].

Article 43 :

En phase d'exploitation la ["SEM"] doit remettre semestriellement au Ministère en charge des mines un rapport technique comprenant les éléments suivants : [...].

Ingingo ya 43:

Mu kiringo c'ugucukura ubutare Ishirahamwe [SEM] ritegerezwa gushikiriza Ubushikiranganji bujewe ubutare, uko amezi atandatu aheze, icegeranyo kijanye n'ivyo ubuhinga kiramwo ibi bikurikira : [...].

CHAPITRE X. DE LA COMPTABILITE, DE L'INSPECTION ET DES RAPPORTS

IGICE CA X. IVYEREKEYE IHARURWA RY'AMAFARANGA YINJIRA N'AYASOHOKA, IGENZURA N'IVYEGERANYO

Section 1. De la comptabilité

Agace ka 1. Iharurwa ry'amafaranga y'injira n'ayasohoka

Article 44 :

La ["SEM"] s'engage pour la durée de la Convention :

Ingingo ya 44:

Ishirahamwe [SEM] riyemeje mu kiringo amasezerano amara:

1° A tenir une comptabilité véritable et détaillée des opérations, accompagnée de pièces justificatives permettant d'en vérifier l'exactitude ; la comptabilité est tenue en conformité avec le Plan comptable national ; elle est ouverte à l'inspection des représentants de l'État spécialement mandatés à cet effet moyennant un préavis raisonnable qui ne peut être inférieur à [...] ;

1° Kuja rirandika ibiharuro vy'amafaranga yinjira n'ayasohoka y'ukuri n'ido n'ido ry'ivyakozwe, bikongerwako n'inzandiko zivyemeza zifasha guhinyuza ko bihuye neza, iharurwa ry'amafaranga yinjira n'ayasohoka rigirwa hisunzwe Igitabu c'amategeko aringaniza ikoresha ry'amafaranga mu gihugu; rirasuzumwa n'abagenduzi baserukira Reta batumwa kuri ico gikorwa habanje gutangwa ikiringo c'uguteguza gikwiye kidashobora kuba

2° A rendre accessibles, moyennant un préavis raisonnable, à l'inspection des représentants de l'Etat dûment autorisés, tous comptes ou écritures et pièces justificatives pouvant se trouver à l'étranger et se rapportant à des opérations au Burundi.

Article 45 :

L'Administration des mines peut exiger les compléments d'information et les pièces justificatives jugés nécessaires à la compréhension de tout rapport.

Article 46 :

La ["SEM"] fait vérifier annuellement, à ses frais, ses états financiers par une firme comptable internationalement reconnue et autorisée à exercer son activité professionnelle au Burundi. La ["SEM"] fait parvenir une copie du rapport de vérification à l'Administration des mines qui se réserve le droit de procéder à n'importe quel moment, moyennant un préavis raisonnable, à un audit dans les conditions définies dans le document n°.... annexé à la présente convention.

Section 2. De l'inspection et des rapports

Article 47 :

Seuls les représentants de l'Administration des mines, dûment habilités, ont la possibilité de faire, aux frais de l'État, une vérification des opérations minières de la ["SEM"] et, à tout moment, d'inspecter les installations, les équipements, le matériel, les enregistrements et les documents relatifs aux opérations minières sans toutefois les gêner.

kiri muniya ya [...];

2° Kworohereza, hatanzwe ikiringo c'uguteguza gikwiye, abagenduzi baserukira Reta babihereye uruhusha uko bitegerejwe gusuzuma amakonte yose canke inzandiko n'impapuro zemeza ivyakozwe zishobora kuba ziri mu mahanga kandi zerekeye ivyakorewe mu Burundi.

Ingingo ya 45:

Ubutegetsi bujewe ivy'ubutare burashobora gusaba inkuru zunganira izo bufise n'inzandiko zemeza ivyakozwe bubona ko bikenewe kugira butegere ibiri mu cegeranyo.

Ingingo ya 46:

Ishirahamwe [SEM] riragirisha isuzuma ku mwaka ku mwaka ku mafaranga ryo nyene ririha, ry'ingene ikigega cifashe bikagirwa n'Ishirahamwe ryemewe ku rwego mpuzamakungu kandi rirekuriwe gukorera mu Burundi. Ishirahamwe [SEM] rirarungikira Ubutegetsi bujewe ubutare ikopi y'i cegeranyo cerekeye ivyasuzumwe, na bwo bugashobora, umwanya uwo ari wo wose, bwabanje gutanga ikiringo c'uguteguza gikwiye, gusuzuma Ishirahamwe nk'uko bitomowe mu rwandiko inomeru...ruri mu mperekeza z'aya masezerano.

Agace ka 2. Ivyerekeye igenzura n'ivyegeranyo

Ingingo ya 47:

Abaserukira ubutegetsi bujewe ivyerekeye ubutare babifitiye ububasha nk'uko bitegerejwe ni bo nyene, bashobora gusuzuma ibikorwa vy'ugucukura ubutare bigirwa n'Ishirahamwe [SEM] ku mafaranga ya Reta, n'ukugenzura mu mwanya uwo ari wo wose ivyashizweho, ibikoresho biramba, ibikoresho bibayabaye, ivyanditswe mu bitabu n'izindi nzandiko zerekeye ibikorwa bijanye n'ubutare ariko ntibabiburagize.

Article 48 :

La["SEM"] tient un registre de contrôle des teneurs en métal ou autres substances liées pour chaque expédition en dehors du Burundi. L'Administration des mines peut faire contrôler chaque inscription au registre par ses représentants dûment autorisés.

Article 49 :

Tous les renseignements portés à la connaissance de l'État par la ["SEM"] en application du présent article ont un caractère confidentiel et l'État s'engage à ne pas les divulguer à des tiers sans avoir obtenu au préalable le consentement de la ["SEM"].

CHAPITRE XI. DES ENGAGEMENTS SOCIO-ECONOMIQUES

Section 1. Des achats et des fournitures

Article 50 :

La ["SEM"] utilise, à qualité, disponibilité et prix comparables, les matières premières et les services burundais, les produits fabriqués au Burundi par préférence aux matières premières et services étrangers.

Section 2. Du personnel

Paragraphe 1. Le personnel burundais

Article 51 :

La ["SEM"] engage, à qualification égale, la main-d'œuvre locale par rapport aux sites exploités.

La ["SEM"] s'engage à développer un programme de formation de son personnel.

Ingingo ya 48:

Ishirahamwe ["SEM"] rija riruzuzura igitabu c'isuzuma ry'urugero rw'ivyuma ruri mu butare canke ibindi bifatanye n'ubutare ku butare bwose burungikwa mu bindi bihugu. Ubutegetsu bujewe ubutare burashobora gusuzuma kimwekimwe cose canditswe mu gitabu kibigenewe bucishije ku babuserukira babihereye uruhusha uko bitegerejwe.

Ingingo ya 49:

Ivyo ishirahamwe ["SEM"] rimenyesha Reta vyose hisunzwe iyi ngingo bikorerwa mw'ibanga kandi Reta yiyemeje kutabimenyesha abandi bantu itabanje kubija inama n'ishirahamwe ["SEM"].

IGICE CA XI. IVYO ABAGIRANIYE AMASEZERANO BIYEMEJE MU VYEREKEYE IMIBANO N'UBUTUNZI

Agace ka 1. Igurwa ry'ibikoresho

Ingingo ya 50 :

Ishirahamwe ["SEM"] rikoresha ibintu vyo mu Burundi bihingurwamwo ibindi hakoreshejwe ubuhingabwo mu Burundi hamwe n'ivyahinguriwe mu Burundi, aho gukoresha ivyo mu mahanga mu gihe bimeze kumwe, biboneka ku rugero rumwe kandi bigurwa kumwe.

Agace ka 2. Ivyerekeye abakozi

Agahimba ka 1. Abakozi b'Abarundi

Ingingo ya 51:

Ishirahamwe ["SEM"], mu gutanga akazi, rishira imbere abantu bo mu karere k'ahacukurwa ubutare, iyo abandi bagasaba banganya ubumenyi na bo;

Ishirahamwe ["SEM"] riyemeje gushiraho indinganizo y'inyigisho rizoha abakozi rikoresha.

Paragraphe 2. Le personnel expatrié

Article 52 :

Sans préjudice de l'article 51, la ["SEM"] peut engager du personnel expatrié nécessaire pour les activités objet de la présente Convention. Toutefois, la ["SEM"] s'engage à remplacer progressivement le personnel expatrié qualifié par du personnel burundais ayant acquis une formation et une expérience suffisante en cours d'emploi. Le remplacement s'effectue à qualification et traitement égaux pour une même expérience et productivité.

Article 53 :

L'Etat s'engage à ne pas opposer au personnel expatrié des restrictions à leur entrée et à leur séjour au Burundi. L'Etat s'engage, pendant la durée de la présente Convention, à ne prendre ni édicter à l'égard de la ["SEM"] et de ses sous-traitants aucune mesure impliquant une restriction aux conditions dans lesquelles la législation en vigueur permet :

- 1° L'entrée, le séjour et la sortie du personnel expatrié, de leur famille ainsi que l'entrée et la sortie de leurs effets mobiliers et personnels ;
- 2° L'engagement et le licenciement des personnes de leur choix, quelle que soit leur nationalité ou la nature de leurs qualifications professionnelles ;

Section 3. Des infrastructures sur sites

Article 54 :

La ["SEM"] s'engage à implanter, dans le périmètre de son permis, des infrastructures de logements du personnel, une infrastructure médicale, des services de restauration et scolaires, compte tenu de la distance entre ces installations et le lieu de travail et dans les conditions prévues dans le document

Agahimba ka 2. Abakozi bava mu mahanga baje gukorera ishishamwe

Ingingo ya 52:

Hatirengagijwe ibitegekaniywe mu ngingo ya 51, Ishishamwe ["SEM"] rirashobora guha akazi abakozi mvamakungu bakenewe mw'irangurwa ry'ibikorwa biri muri aya masezerano. Ariko, ishishamwe ["SEM"] riyemeje kuja rirasubiriza abakozi mvamakungubavyigiyeye n'abakozi b'abarundi baronkejwe inyigisho kandi bafise uburambe bukwiye mu kazi basanzwe bakora. Umurundi asubirira umunyamahanga banganya urupapuro rw'umutsindo kandi agafatwa kumwe n'uwo asubiriye ari uko banganya uburambe mu kazi n'umwibu.

Ingingo ya 53:

Reta yiyemeje kudasaba abakozi b'abanyamahanga ivyobabera inzitizi mu kwinjira no mu gucumbika mu Burundi. Reta yiyemeje, mu kiringo aya masezerano azomara, kudafata canke kudashinga ingingo n'imwe yerekeye ishishamwe ["SEM"] n'abarikorera ibikorwa bimwebimwe ryokoze ituma haba inzitizi ku vyo amategeko ahasanzwe arekura:

- 1° Ukwinjira mu gihugu, ukuhacumbika n'ukuhava kw'abakozi b'abanyamahanga, imiryango yabo hamwe n'ukwinjiza n'ugusohora mu gihugu amatungo yabo yimuka n'ibindi bintu vyabo;
- 2° Ukwinjiza n'ukwirukana abakozi mu kazi bavyisabiye, hatarabwe ubwenegihugu bwabo canke ubumenyi bwabo mu kazi ;

Agace ka 3. Inyubakwa ahacukurwa ubutare

Ingingo ya 54:

Ishishamwe ["SEM"] riyemeje kwubaka, mu kibanza ryaronkeye uruhusha, inyubakwa z'uburaro bw'abakozi, amavuriro, uburiro n'amashure rifatiye ku rugendo ruri hagati y'inyubatswe n'ahacukurwa ubutare kandi mu buryo butegekaniywe mu rwandiko inomero... ruri mu mperekeza z'aya Masezerano.

n°....annexé à la présente convention .

CHAPITRE XII. DES IMPOTS, DES REDEVANCES ET DU REGIME FINANCIER ET DOUANIER

IGICE CA XII. IVYEREKEYE AMAKORI, AMAFARANGA ARIHWA HAMWE N'AMATEGEKO AGENGA IBIJANYE N'IKIGEGA N'AMAFARANGA YA DUWANE

Article 55 :

Sans préjudice des dispositions du chapitre I, titre VII du Code minier, la SEM et ses sous-traitants sont soumis, pendant toute la durée de la convention, à l'ensemble des dispositions du Code général des Impôts et taxes, sous réserve des stipulations prévues dans la présente convention prises conformément au Code minier.

Ingingo ya 55 :

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu gice ca I, Ikgabane ca VII c'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, ishirahamwe ["SEM"] n'abarikorera ibikorwa bimwebimwe ryokoze bategerezwa gukurikiza, mu kiringo cose amasezerano amara, ibitegekanijwe vyose mu Gitabu c'amategeko agenga amakori n'amatagisi, hatirengagijwe ibitegekanijwe muri aya masezerano vyashinzwe hisunzwe Igitabu c'amategeko agenga ubutare.

Article 56 :

Pour la détermination du bénéfice imposable, le coût des infrastructures visées à l'article 54 est amortissable sur la durée de la convention si elle est plus courte que la durée de vie des infrastructures.

Ingingo ya 56:

Mu guharura inyungu itozwako ikori, amafaranga ivyubatswe bivugwa mu ngingo ya 54 vyatwaye afatwa ko ishirahamwe riza rirayakuramwo mu kiringo cose Amasezerano amara iyo ico kiringo ari kigufi gusumba ikiringo ivyubatswe bishobora kumara bikoreshwa.

Article 57 :

La Convention peut prévoir des dispositions particulières relatives aux obligations financières et fiscales conformes au Code minier et au Code général des impôts et taxes.

Ingingo ya 57:

Amasezerano arashobora gutegekanya ingingo zerekeye gusa ibitegerejwe bijanye n'amafaranga n'amakori zisunga Igitabu c'amategeko agenga ubutare n'Igitabu c'amategeko agenga amakori n'amatagisi.

Article 58 :

Les titulaires d'un titre minier d'exploitation ou d'un permis d'exploitation de carrière dont le chiffre d'affaires de l'année précédente est composé, pour au moins 90 %, d'exportations peuvent s'approvisionner sur le territoire national en franchise de TVA en produisant à leurs fournisseurs une attestation annuelle délivrée par le service des impôts au vu des documents douaniers justifiant les exportations.

Ingingo ya 58:

Bene inzandiko zitanga uburenganzira bw'ugucukura ubutare canke bene impusha z'ugucukura ikariyeri, amafaranga binjije mu mwaka uheruka ava ku bice 90 % n'imiburiburi mu vyo bashoreye mu mahanga, barashobora kugurira ivyo bakeneye mu gihugu batarinze kuriha itagisi TVA babanje kwereka abo bagurirako ivyo bakenera urwandiko rubibarekurira rutangwa ku mwaka ku mwaka n'igisata kijejwe amakori gifatiye ku nzandiko za duwane zerekana ivyashowe mu mahanga.

Article 59 :

Pour la première année d'activité, l'entreprise prend l'engagement de réaliser au moins 90 % de leur chiffre d'affaires à l'exportation. L'entreprise qui ne respecte pas son engagement doit s'acquitter de la TVA sur tous les achats de sa première année d'activité.

L'exigence visée à l'alinéa 1 ne s'applique qu'aux biens à usage strictement lié à l'activité minière à l'exclusion des véhicules servant au transport des personnes et des marchandises, aux meubles meublants et autres effets mobiliers.

Article 60 :

Le personnel expatrié employé par la [SEM] et ses sous-traitants est, sauf circonstances exceptionnelles, autorisé à importer, en franchise de tout droit, taxe ou impôt, ses effets mobiliers ainsi que ses effets personnels dans un délai de six mois à compter de la date d'arrivée au Burundi.

Article 61 :

Les biens et les équipements susceptibles de bénéficier de l'exonération prévue à l'Article 148 du Code minier sont les suivants : [à compléter par les parties signataires]

CHAPITRE XIII. DE L'ENVIRONNEMENT ET DES SITES HISTORIQUES OU ARCHÉOLOGIQUES

Section 1. Du respect de l'environnement

Article 62 :

La ["SEM"] s'engage à respecter scrupuleusement les dispositions du Code minier en matière environnementale ainsi que toutes les autres dispositions législatives ou réglementaires applicables aux travaux et à l'exploitation objets de la présente Convention.

Ingingo ya 59:

Mu mwaka wa mbere w'ibikorwa, ishira hamwe riyemeje ko n'imiburiburi ibice 90 % vy'amafaranga ryinjiza azova mu vyo rishorera mu mahanga. Ishira hamwe ritubahirije ivyo riyemeje ritegerezwa kuriha itagisi TVA ku bintu vyose riguze mu mwaka wa mbere w'ibikorwa.

Ibitegerejwe bivugwa mu gahimba ka 1 k'iyi ingingo vyerekeye gusa ibikoresho bikoresha mu gikorwa c'ugucukura ubutare hatarimwo ivyunguruza abantu n'ibidandazwa, ivyimuka bishirwa mu nzu n'ibindi bikoresho vyimuka.

Ingingo ya 60:

Abakozi bava mu mahanga baje gukorera ishira hamwe [SEM] n'abarikorera ibikorwa bimwebimwe ryokoze bararekuriwe, kiretse mu bihe bimwebimwe bidasanze, kwinjiza mu gihugu, ata mafaranga n'amwe barishe, itagisi canke ikori, ibikoresho vyabo vyimuka hamwe n'ibindi bintu vyabo mu kiringo c'amezi atandatu giharurwa kuva kw'igenekerezo bashikiyeko mu Burundi.

Ingingo ya 61 :

Amatungo n'ibikoresho bishobora gukurwako amakori nk'uko bitegekanijwe mu ingingo ya 148 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare ni ibi bikurikira : [vyuzuzwa n'abagiranira amasezerano].

IGICE CA XIII. IVYEREKEYE IBIDUKIKIJE N'IBIBANZA NDANGAKAHISE CANKE IBIBANZA BIRIMWO IBISIGARIRA VY'AKAHISE

Agace ka 1. Ukwubahiriza ibidukikije

Ingingo ya 62:

Ishira hamwe ["SEM"] riyemeje kwubahiriza ataco ryirengagije ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare mu vyerekeye ibidukikije hamwe n'ibindi bitegekanijwe mu mabwirizwa canke amategeko akurikizwa ku bikorwa bitegura icukurwa no ku bikorwa vy'ugucukura ubutare vyerekewe n'aya masezerano ;

Article 63 :

La ["SEM"] doit maintenir dans les limites acceptables toutes les décharges de solutions, de produits chimiques toxiques et de substances nocives dans le sol, l'eau et l'air. La ["SEM"] doit éviter toute décharge de solutions dans le sol ayant un taux de contaminant supérieur aux normes acceptables, les métaux lourds entraînés par les effluents ou les solutions devant être précipités, récupérés et stockés dans des cuves appropriées pour destruction ultérieure dans un lieu convenable choisi de commun accord avec l'institution publique responsable de la protection de l'environnement. La ["SEM"] est tenue de contrôler et de neutraliser de manière efficace les déchets et résidus afin de ne pas affecter au delà des normes nationales et/ou internationales selon le cas les conditions de l'air et les ressources en eau de la zone ainsi que la santé et le bien-être de ceux qui l'habitent.

Article 64 :

La ["SEM"] est tenue de réhabiliter les sites utilisés de telle manière que le contour des terres épouse la topographie des lieux et que la végétation soit remise en état avec des espèces, notamment forestières ou fruitières, aptes à les protéger et appropriées à leurs conditions microclimatiques.

Article 65 :

Tous les objets ayant une valeur historique ou archéologique découverts dans le cadre de l'exécution des travaux prévus à la Convention demeurent la propriété exclusive de l'État. Une telle découverte fait l'objet d'une déclaration immédiate par la ["SEM"] à l'institution compétente de l'État en la matière. L'institution chargée de la culture ou toute autre autorité compétente peut à tout moment dépêcher sur l'emplacement de la découverte des agents autorisés aux fins d'y pratiquer des fouilles, à condition que les activités de la ["SEM"] n'en soient pas gênées.

Ingingo ya 63:

Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa kugumiza ku rugero rwemewe mu gataka, mu mazi no mu kirere imyanda y'amazi acanganye n'imicafu, y'ibintu vy'ubumara n'ibintu bibangamira amagara ririkura. Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa kwirinda gusuka mu gataka imyanda y'amazi acanganye n'imicafuifise urugero rw'ugutosekaza rusumba urwemewe, ivyuma biremereye bitwarwa n'amazi acanganye n'imicafuatamba canke imyanda y'amazimazi ishirahamwe ritegerezwa gutuma vyiyarira, rikabikuramwo rikabishira mu bikono vyabigenewe kugira bize bizimanganirizwe mu nyuma mu kibanza cabigenewe gitorwa Ishirahamwe rivyumvikanye n'Igisata ca Reta kijejwe gukingira ibidukikije. Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa gusuzuma no gukura ubumara mu myanda n'ibisigarira vy'ibintu ku buryo bubereye kugira ntibitosekaze ku rugero rurengeye urutegekanijwe n'igihugu canke ku rwego mpuzamakungu bivanye n'ivyo ari vyo, uko ikirere kimeze n'amasoko y'amazi y'aho hantu hamwe n'amagara n'ukubaho neza kw'abantu bahaba.

Ingingo ya 64:

Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa gutunganya neza ibibanza ryakoresheje ku buryo aho ryagejeje gukorera haringanira n'aho ritakoreye, hagasubizwaho ubwoko bw'ibimera birimwo ibiti vyo mw'ishamba canke ivy'ivyamwa bishobora gukingira ivyo bibanza kandi bikunda aho hantu.

Ingingo ya 65:

Ibintu vyose bifise akamaro ndangakahise canke k'ibisigarira vy'ibintu vyo muri kahise Ishirahamwe risanga aho rirangurira ibikorwa bitegekanijwe muri aya Masezerano biguma ari amatungo Reta yiganzije. Ishirahamwe ["SEM"] ritoye bene ivyo binturica ribimenyeshya ubwo nyene igisata ca Reta kibijejwe. Igisata ca Reta kijejwe ivy'imico kama canke uwundi mutegetsi wese abifitiye ububasha, arashobora, umwanya uwo ari wo wose, kurungika ahatowe ivyo bintu abakozi bahawe uruhusha kugira barondere ivyo bintu batabereye intambamyi ibikorwa vy'Ishirahamwe ["SEM"].

Section 2. Des provisions pour la remise en état progressive des sites

Article 66 :

En application de l'Article 140 du Code minier, la ["SEM"] doit provisionner dans ses comptes [...] la contribution de remise en état progressive des sites qu'elle exploite en vertu de son permis minier n° [...] et de la présente Convention.

Les montants et le calendrier de ces versements sont précisés dans le document n°...annexé à la présente convention. Cette contribution apparaît dans les comptes de la ["SEM"] au titre de charges déductibles.

Article 67 :

La ["SEM"] fournit annuellement un compte détaillé des dépenses effectuées pour la remise en état progressive du site.

Section 3. Des provisions pour la réhabilitation des sites

Article 68 :

En application de l'article 142 du Code minier, la ["SEM"] doit verser sur un compte bloqué ouvert à la Banque [...] une contribution réhabilitation des sites qu'elle exploite en vertu de son permis minier n° [...] et de la présente Convention.

Les montants de ces versements sont précisés dans le document n°...annexé à la présente convention. Cette contribution apparaît dans les comptes de la ["SEM"] au titre de charges déductibles.

Agace ka 2. Amafaranga ategakanirizwa ibikorwa vy'ukuja haratunganywa ibibanza vyacukuramwo ubutare

Ingingo ya 66:

Mu gushira mu ngiro ingingo ya 140 yo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa gushira ku makonte yaryo [...] amafaranga azokoresha mu gutunganya neza ibibanza ricukuramwo ubutare ryisunze uruhusha rwaryo rw'ugucukura ubutare inomero [...] hamwe n'aya Masezerano.

Uko ayo mafaranga angana n'ikirangaminsi c'ingene azoja arashirwa ku makonte bitomorwa mu rwandiko inomero... ruri mu mperekeza z'aya masezerano. Ayo mafaranga yandikwa mu makonte y'Ishirahamwe ["SEM"] nk'amafaranga akurwa mw'ikori iryo Shirahamwe ryorishe.

Ingingo ya 67:

Ishirahamwe ["SEM"] rirashikiriza ku mwaka ku mwaka icegeranyo cerekana ido n'ido ry'ingene amafaranga yakoreshejwe mu kuja haratunganywa neza ikibanza ricukuramwo ubutare.

Agace ka 3. Amafaranga ategakanirizwa ibikorwa vy'ugutunganya neza ibibanza vyahora bicukuramwo ubutare

Ingingo ya 68:

Mu gushira mu ngiro ingingo ya 142 y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare, Ishirahamwe ["SEM"] ritegerezwa gushira kw'ikonte itaja irakorwako yugururwe mw'ibanki [...] amafaranga ategakanirizwa itunganywa neza ry'ibibanza ricukuramwo ubutare ryisunze uruhusha rw'ugucukura ubutare inomero [...] hamwe n'aya Masezerano.

Uko ayo mafaranga ashirwa kw'ikonte angana bitomorwa mu rwandiko inomero...ruri mu mperekeza z'aya Masezerano. Ayo mafaranga yandikwa mu makonte y'Ishirahamwe ["SEM"] nk'amafaranga ritegerezwa kuriha iryo Shirahamwe.

CHAPITRE XIV. DU REGLEMENT DES LITIGES

Article 69 :

Les parties s'engagent à régler à l'amiable tout différend ou litige pouvant survenir entre elles conformément aux modes de règlement des litiges convenu.

Section 1. De la conciliation

Article 70 :

En cas de difficulté dans l'application des engagements contenus dans la Convention ou de différend quant à l'interprétation de ses clauses, de celles du Code minier, du permis d'exploitation ou d'un acte administratif pris en application du Code, de la convention ou du permis, les parties conviennent de recourir à une procédure de conciliation préalable à tout autre procédure.

Article 71 :

La procédure est déclenchée après que le différend visé à l'article 70 ait été constaté et que les prétentions de l'une des parties ou des deux aient rencontré une fin de non-recevoir de la part de l'autre partie.

Article 72 :

La partie qui le souhaite demande, par courrier recommandé, la réunion de la commission de conciliation instituée en vertu de l'article 74.

Article 73 :

La Commission de conciliation doit se réunir dans les [...] suivants la réception du courrier visé à l'article 72.

Article 74 :

Il est institué une Commission de conciliation composée à parité des représentants des deux parties et d'un expert choisi par elles sur une liste annexée à la présente Convention (Annexe

IGICE CA XIV. IVYEREKEYE UGUTATURA AMATATI

Ingingo ya 69:

Abagiraniye amasezerano biyemeje ko bazotorera umuti biciye mu mwumvikano ukutumvikana canke amatati yoshika hagati yabo hisunzwe uburyo bumvikanyeko bw'ugutorera umuti amatati.

Agace ka 1. Ukwumvikanisha

Ingingo ya 70:

Mu gihe habaye ingorane mw'ikurikizwa ry'ivyiyemejwe mu Masezerano canke habaye ukutumvikana ku nsiguro y'ingingo zayo, izo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare, izo mu ruhusha rw'ugucukura ubutare canke ingingo y'ubutegetsu yafashwe hisuzwe Igitabu c'amategeko agenga ubutare, Amasezerano canke uruhusha, abagiraniye amasezerano bemeranya guca mu nzira y'ukwumvikana imbere y'ugukoresha ubundi buryo.

Ingingo ya 71:

Ibijanye n'ukwumvikanisha bitangura ukutumvikana kuvugwa mu ngingo ya 70 kumaze kwigaragaza kandi ivyo umwe mu bagiraniye amasezerano asaba uwundi canke bompiki bitagishobora kwemerwa n'uwundi.

Ingingo ya 72:

Umwe mu bagiraniye amasezerano avyipfuzara asaba, abicishije mw'ikete ritangirwa icemeza ko ryarungitswe, ko umugwi ujejwe ukwumvikanisha washizweho hisunzwe ingingo ya 74 ukorana kugira uvyihweze.

Ingingo ya 73 :

Umugwi ujejwe ukwumvikanisha utegerezwa gukorana mu minsi [...] iharurwa kuva ikete rivugwa mu ngingo ya 72 ryakiririwe.

Ingingo ya 74:

Harashinzwe Umugwi ujejwe ukwumvikanisha ugizwe, ku rugero rungana, n'abaserukira abagiraniye amasezerano hamwe n'umuhinga bitorera ku rutonde ruri mu mperekeza z'aya

n°14).

Section 2. Du règlement judiciaire ou de l'arbitrage

Article 75 :

En cas d'échec de la procédure de conciliation, le différend sera porté devant le tribunal de [...], à l'arbitrage conformément à la Convention du 18 mars 1965 pour le règlement des différends relatifs aux investissements entre Etats et ressortissants d'autres Etats établie sous l'égide de la Banque Internationale pour la Reconstruction et le Développement et entrée en vigueur pour la République du Burundi en 1969.

Article 76 :

Le tribunal, constitué de [...] arbitre[s], aura son siège à [...], l'arbitrage aura lieu en français et le droit applicable est le droit de la République du Burundi en ce qu'il a de commun avec le droit international.

Article 77 :

Les frais de l'arbitrage sont supportés par la partie succombante.

Article 78 :

La présente Convention lie les parties au même titre que ses Annexes et, le cas échéant, ses avenants. En cas de contradiction entre la Convention et ses annexes, la Convention prime.

Article 79 :

Les originaux de la Convention sont rédigés en langue [...], langue qui fait foi. Une traduction de la Convention peut être réalisée dans le but d'en faciliter l'application. En cas de contradiction entre le texte original et le texte traduit, le texte original prévaudra.

Masezerano (Imperekeza ya 14).

Agace ka 2. Uburyo bw'ugutatura amatati biciye mu masentare canke biciye mu rwego ruhuza abatase

Ingingo ya 75 :

Mu gihe ugutorera umuti amatati biciye mu mwumvikano binaniranye abagiraniye amasezerano baca bitura sentare ya [...], urwego ruhuza abatase hisunzwe Amasezerano yo ku wa 18 Ntwarante 1965 ku vyerekeye ugutatura amatati yerekeye ishingwa ry'imitahe ari hagati y'ibihugu n'abaturuka mu bindi bihugu, ayo Masezerano akababa yashinzwe ahagarikiwe n'ibanki Mpuzamakungu ijejwe ugusanura n'uguteza imbere ibihugu, akaba yatanguye gukurikizwa na Reta y'Uburundi mu 1969.

Ingingo ya 76:

Sentare, igizwe n'umucamanza canke abacamanza [...], izoba ifise icicaro i [Paris], imanza zizocibwa ka buhuza mu rurimi rw'igifaransa, amategeko akurikizwa na yo akaba ari amategeko ya Republika y'Uburundi mu vyo ahuriyeko n'amategeko mpuzamakungu.

Ingingo ya 77:

Amafanga ajanye n'uguca urubanza ka buhuza arihwa n'uwatsinzwe.

Ingingo ya 78:

Aya Masezerano ategerezwa kwubahirizwa n'abayagiraniye co kimwe n'Imperekeza zayo, n'ayiyongera kuri ayo iyo ahari. Mu gihe hari ibiri mu masezerano bivuguruzanya n'ibiri mu mperekeza zayo, Amasezerano ni yo yisungwa.

Ingingo ya 79:

Inzandiko nkomoko z'Amasezerano zandikwa mu rurimi rwa [...], ari rwo rurimi rwisungwa. Amasezerano arashobora guhindurwa mu rundi rurimi kugira vyorohe kuyakurikiza. Mu gihe hari ibivuguruzanya hagati y'urwandiko nkomoko n'ibiri mu vyahinduwe mu rundi rurimi, ibiri mu rwandiko nkomoko ni vyo vyisungwa.

Article 80 :

Dès la constitution de la société d'exploitation minière prévue par la présente Convention, la société signe en quatre originaux un acte d'adhésion à la présente Convention et accepte par cette signature les obligations qui lui incombent en vertu de la Convention.

Article 81 :

La Convention signée, au nom de la République du Burundi, par les Ministres ayant en charge les mines et les finances dans leurs attributions en application de l'article 66 du Code minier, entrera en vigueur le jour de la signature du permis d'exploitation.

Ingingo ya 80:

Kuva ishira hamwe ricukura ubutare ritegekanijwe muri aya Masezerano rishinzwe, rica rishira umukono ku nzandiko zine nkomoko zisa zemeza ko ryemeye kwisunga aya Masezerano kandi ko mu gushirako umukono kuri izo nzandiko ryemeye ivyo ritegerejwe bitegekanijwe mu Masezerano.

Ingingo ya 81:

Amasezerano ashizweko umukono n'Umushikiranjanji ajejwe ubutare hamwe n'Umushikiranjanji ajejwe ikigega ca Reta, hisunzwe ingingo ya 66 yo mu Gitabu c'amategeko agenga ubutare kw'izina rya Reta y'Uburundi, atangura gukurikizwa kuva umunsi uruhusha rw'ugucukura ubutare rushirweko umukono.

Liste des documents annexés à la convention**Urutonde rw'inzandiko ziherekeza amasezerano**

Document 1 : Pouvoirs

Urwandiko rwa 1: Ububasha

Document 2 : Permis d'Exploitation

Urwandiko rwa 2: Uruhusha rw'ugucukura ubutare

Document 3 : Statuts de la « SEM »

Urwandiko rwa 3: Amategeko ngenderwako y'Ishirahamwe « SEM »

Document 4 : Planning de déploiement

Urwandiko rwa 4: Indinganizo y'ingene ibikorwa bizoja birakurikirana

Document 5 : Sûreté minière

Urwandiko rwa 5: Ingwati ku gataka karimwo ubutare

Document 6 : Définition du seuil de rentabilité

Urwandiko rwa 6: Urugero rw'amafaranga Ishirahamwe SEM ritegekanya kwinjiza n'imiburiburi

Document 7 : Liste des sous-traitants

Urwandiko rwa 7: Urutonde rw'amashirahamwe akora ibikorwa bimwebimwe Ishirahamwe SEM ryokoze

Document 8 : Liste prévisionnelle des nouvelles infrastructures

Urwandiko rwa 8: Urutonde rw'ibitegekanywa kwubakwa

Document 9 : Garantie de bonne exécution et calendrier de libération

Urwandiko rwa 9: Ingwati yerekeye ukwizeza ko ibikorwa bazorangurwa neza n'ikirangaminsi c'uko izoja iratangwa

Document 10 : Garantie de substitution	Urwandiko rwa 10: Ingwati y'ugusubirira ishira hamwe ryasinye amasezerano
Document 11 : Infrastructures sur sites	Urwandiko rwa 11: Ivyubakwa ahacukurwa ubutare
Document 12 : Montants et calendrier de versements de la contribution de remise en état progressive des sites	Urwandiko rwa 12: Uko amafaranga azokoresha mu gutunganya ibibanza bicukuramwo ubutare angana n'ikirangaminsi c'ingene azoja arashirwa ku makonte
Document 13 : Contribution de réhabilitation des sites	Urwandiko rwa 13: Amafaranga ategakanirizwa gutunganya neza ibibanza vyacukwemwo ubutare
Document 14 : Liste d'experts pour la Commission de conciliation	Urwandiko rwa 14: Urutonde rutorwamwo abahinga bashirwa mu mugwi ujejwe ukwumvikanisha
Document 15 : Modalités de l'audit financier de la ["SEM"]	Urwandiko rwa 15: Ibikorikizwa mu kugira isuzuma ry'ikoresha ry'amafaranga y'Ishira hamwe ["SEM"];
Document 16 : Garanties relatives au change et aux transferts de capitaux.	Urwandiko rwa 16: Ingwati yerekeye ivunjwa ry'amafaranga n'ingene imitahe izokwimurirwa ahandi.

ANNEXE II. MONTANTS MINIMA DES DROITS ET REDEVANCES MINIERS ET DE CARRIERE

IMPEREKEZA YA II. IGITIGIRI C'AMAFARANGA AFATIRWAKO MU VYEREKEYE UBUTARE N'AMAKARIYERI

Annexe II.1. Redevance dite « Droits fixes »

Imperekeza II.1. Amafaranga arihwa yiswe « Igitigiri kidahindagurika c'amafaranga arihwa »

Les montants minima de cette redevance sur les droits accordés sont :

Ibitigiri vy'amafaranga afatirwako mu kuriha ku nzandiko zitangwa ni ibi bikurikira :

Libellé du droit accordé <i>Ico amafaranga atangirwa</i>	Montant en BIF équivalent à <i>Amafaranga y'amarundi (BIF) ahuye n'amadorari :</i>
Octroi ou renouvellement d'autorisation de prospection <i>Ugutanga Uruhusha rw'ugutata canke ukwongereza ikiringo c'uruhusha rw'ugutata</i>	3.000 US\$
Octroi ou renouvellement de permis de recherche <i>Ugutanga uruhusha rw'ukugira ubushakashatsi canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha</i>	Octroi: 10.000 US\$ <i>Ugutanga uruhusha</i> Premier renouvellement : 12.000 US\$ <i>ukwongereza ikiringo ubwa mbere :</i> Deuxième renouvellement : 15.000 US\$ <i>Ukwongereza ikiringo ubwa kabiri :</i>
Octroi ou renouvellement de Permis d'exploitation minière <i>Ugutanga uruhusha rw'ugucukura ubutare canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha</i>	7,5 US\$/ha avec un minimum de 50.000 US\$ 7,5 US\$ <i>kw'ihagitari hakarihwa n'imiburiburi amadorari y'abanyamerika 50.000 US\$</i>
Octroi ou renouvellement de permis d'exploitation de carrière artisanale <i>Ugutanga Uruhusha rw'ugucukura ikariyeri hakoreshejwe uburyo bubayabaye canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha</i>	200 US\$
Octroi ou renouvellement de permis de carrière industrielle : <i>Ugutanga Uruhusha rw'ugucukura ikariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha :</i> - Calcaire, pouzzolanes, argile, gypse pour fabrication du ciment <i>Ibikungutwa, ikariyeri yitwa, pouzzolanes, ibumba, ijipusi bikorwamwo isima</i>	1 US\$/ha avec un minimum de 15.000 US\$ 1 US\$ kw'ihagitari hakarihwa n'imiburiburi amadorari y'abanyamerika 15.000 US\$

Libellé du droit accordé Ico amafaranga atangirwa	Montant en BIF équivalent à Amafaranga y'amarundi (BIF) ahuye n'amadorari :
- Autres matériaux <i>Ibindi bintu bifatwa nk'ikariyeri</i>	1.000 US\$/ha avec un minimum de 10.000 US\$ 1.000 US\$ kw'ihigitari hakarihwa n'imiburiburi amadorari y'abanyamerika 10.000 US\$
Octroi ou renouvellement de permis d'exploitation de carrière pour le curage de rivière. <i>Ugutanga Uruhusha rw'ugucukura ikariyeri mu nzuzi zikenewe kusiburwa canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha</i>	300 US\$/hm
Octroi ou renouvellement de permis d'exploitation minière artisanale <i>Ugutanga uruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha</i>	600 US\$/ha
Octroi ou renouvellement d'agrément de comptoirs d'Or <i>Ugutanga uruhusha rw'ukwemerera amashirahamwe akora ibijanye n'inzhabu canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha</i>	35.000 US\$
Octroi ou renouvellement d'agrément de comptoirs de pierres précieuses <i>Ugutanga uruhusha rw'ukwemerera amashirahamwe akora ibijanye n'amabuye y'agaciro canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha</i>	35.000 US\$
Octroi ou renouvellement d'agrément de comptoirs de pierres semi-précieuses <i>Ugutanga uruhusha rw'ukwemerera amashirahamwe akora ibijanye n'amabuye y'agaciro kagereranye canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha</i>	10.000 US\$
Octroi ou renouvellement d'agrément de comptoirs de Cassitérite, Wolframite, Coltan et Terres rares <i>Ugutanga uruhusha rw'ukwemerera amashirahamwe akora ibijanye n'ubutare bwa Cassitérite, Wolframite, Coltan na Terres rares</i>	10.000 US\$
Octroi ou renouvellement d'agrément de comptoirs de Terres rares <i>Ugutanga uruhusha rw'ukwemerera amashirahamwe akora ibijanye n'ubutare bwa Terres rares</i>	10.000 US\$

Libellé du droit accordé <i>Ico amafaranga atangirwa</i>	Montant en BIF équivalent à Amafaranga y'amarundi (BIF) ahuye n'amadorari :
Octroi ou renouvellement d'agrément de comptoirs d'autres minerais <i>Ugutanga uruhusha rw'ukwemerera</i> <i>amashirahamwe akora ibijanye n'ubundi butare</i> <i>canke ukwongereza ikiringo c'urwo ruhusha</i>	5.000 US\$

Annexe II.2. Des droits sur la délivrance des documents
Imperekeza II.2. Amafaranga arihwa ku nzandiko zitanzwe

Pour la délivrance de documents ayant trait au domaine de la géologie, des mines et des carrières, les montants sont fixés comme suit :

Hatanzwe inzandiko zerekeye agataka, ubutare n'amakariyeri, amafaranga arihwa ashinzwe uku gukurikira :

Libellé du document <i>Urwandiko rutangwa urwo ari rwo</i>	Montant en BIF équivalent à : <i>Amafaranga y'amarundi (BIF)</i> <i>ahuye n'amadorari :</i>
Autorisation annuelle de transport des produits miniers et de carrière <i>Uruhusha rwo ku mwaka ku mwaka rw'ugutwara ubutare n'ikariyeri</i>	100 US\$
Une autorisation de transit des explosifs <i>Uruhusha rw'ugucisha mu gihugu ibintu biturika</i>	50 US\$
Une autorisation d'importation des explosifs <i>Uruhusha rw'ukwinjiza mu gihugu ibintu biturika</i>	50 US\$
Toute autre autorisation sur les explosifs <i>Urundi ruhusha rwose rwerekeye ibintu biturika</i>	50 US\$
Une attestation d'exportation d'échantillon <i>Urupapuro rwemeza ukujana mu mahanga ubutare bukeyi bufatirwako akarorero</i>	50 US\$
Une autorisation de cession d'un droit minier <i>Uruhusha rw'uguha uwundi uburenganzira ku butare</i>	500 US\$
Une autorisation d'amodiation d'un droit minier <i>Uruhusha rw'ugukotesha uburenganzira bw'ugucukura ubutare</i>	500 US\$
Un exemplaire du Code minier <i>Ikopi y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare</i>	30 US\$
Un exemplaire du Règlement minier <i>Ikopi y'Amategeko yisungwa mu vyerekeye ubutare</i>	30 US\$
Un exemplaire du Code minier et pétrolier de la République du Burundi <i>Ikopi y'Igitabu c'amategeko agenga ubutare n'ibitoro mu Burundi</i>	30 US\$
Un exemplaire de toute autre mesure d'exécution du Code minier du Burundi <i>Ikopi y'urundi rwandiko rwose rurimwo ingingo ishira mu ngiro Igitabu c'amategeko agenga ubutare mu Burundi</i>	15 US\$

Libellé du document <i>Urwandiko rutangwa urwo ari rwo</i>	Montant en BIF équivalent à : <i>Amafaranga y'amarundi (BIF)</i> <i>ahuye n'amadorari :</i>
Un exemplaire du règlement général sur la recherche et l'exploitation des Mines et Carrières de la République du Burundi <i>Ikopi y'amategeko ngenderwako yerekeye ukugira ubushakashatsi n'ugucukura ubutare n'amakariyeri mu Burundi</i>	30 US\$
Un exemplaire de l'ordonnance portant contrôle médical de la silicose <i>Ikopi y'urupapuro rwo kwa muganga rwerekeye isuzuma mu bijanye n'indwara ifatira mu mahaha yitwa silicose</i>	15 US\$
Tout autre exemplaire d'un acte réglementaire sur les mines et les carrières <i>Iyindi kopi yose y'amategeko agenga ivyerekeye ubutare n'amakariyeri</i>	50 US\$
Carte géologique (feuilles 1/100.000) <i>Ikarata yerekana agataka (kuri 1/100.000)</i>	50 US\$
Carte géologique (tout le Burundi au 1/250.000) <i>Ikarata y'agataka (Uburundi bwose kuri 1/250.000)</i>	50 US\$
Carte géologique au 1/500.000 <i>Ikarata yerekana agataka kuri 1/500.000</i>	50 US\$
Carte métallogénique au 1/500.000 <i>Ikarata yerekana ahagwiriye ubutare burimwo ivyuma kuri 1/500.000</i>	50 US\$
Carte aéro géophysique au 1/50.000 <i>Ikarata y'ibigize ubutaka amasanamu yayo yafatiwe mu kirere kuri 1/50.000</i>	50 US\$
Carte planimétrique à toute échelle <i>Ikarata yerekana uburinganire bw'akarere gashashe ku rugero ishushanywako uko rungana kwose</i>	50 US\$
Carte lithologique au 1/250.000 <i>Ikarata yerekana ubwoko bw'ibitandara bigize agataka kuri 1/250 000</i>	50 US\$
Reproduction d'une carte (toute échelle) <i>Isubirwamwo ry'ikarata (ku rugero ishushanywako urwo ari rwo rwose)</i>	50 US\$
Expertise et autre travail pour les tiers/jour <i>Igikorwa c'ubuhinga n'ikindi gikorwa kirangurirwa abandi / ku munsu</i>	100 US\$
Frais de dossier <i>Amafaranga y'idosiye</i>	15 US\$
Utilisation des photos aériennes /photo <i>Ikoreshwa ry'amafoto yafatiwe mu kirere / kw'ifoto imwimwe</i>	15 US\$
Autre document <i>Urundi rwandiko</i>	30 US\$

La signature du document requis a lieu sur présentation de la quittance de paiement de ces droits fixes.

Urwandiko rusabwa rushirwako umukono ari uko herekanywe igitansi c'amafaranga bijanye yarishwe

Annexe II.3. Des montants de la redevance annuelle dite superficière

Imperekeza II.3 : Igitigiri c'amafaranga arihwa ku mwaka ku mwaka hafatiwe ku burunganire bw'ahatangiwe uruhusha

1. Pour le permis d'exploitation minière : 5 US\$ /ha avec un minimum de 20.000 US\$
Ku ruhusha rw'ugucukura ubutare : amafaranga y'abanyamerika 5 US\$ kw'ihigitari hakarihwa n'imiburiburi 20.000 US\$;
2. Pour le permis d'exploitation minière artisanale
Ku ruhusha rw'ugucukura ubutare hakoreshejwe uburyo bubayabaye.

Substance <i>Ubutare ubwo ari bwo</i>	Montant en BIF équivalent à... <i>Amafaranga y'amarundi ahuye n'amadorari...</i>
Or <i>Inzahabu</i>	5.000 US\$
Cassitérite <i>Ubutare bwitwa Kasiterite</i>	1.000 US\$
Wolframite <i>Ubutare bwitwa Wolframite</i>	1.000 US\$
Coltan <i>Ubutare bwitwa Coltan</i>	1.500 US\$
Terres rares <i>Ubutare bwitwa Terres rares</i>	2.000 US\$
Pierres semi- précieuses <i>Amabuye y'agaciro kagereranye</i>	2.000 US\$
Pierres précieuses <i>Amabuye y'agaciro</i>	5.000 US\$
Autres substances minérales <i>Ubundi butare</i>	1.000US\$

3. Pour le permis d'exploitation de carrière artisanale: Montant en BIF équivalent à 150US\$
Ku ruhusha rw'ugucukura amakariyeri hakoreshejwe uburyo bubayabaye : amafaranga y'amarundi (BIF) ahuye na 150 US\$ kw'ihigitari;
4. Pour le permis d'exploitation de carrière industrielle: Montant en BIF équivalent à 300 US\$/ha
Ku ruhusha rw'ugucukura amakariyeri hakoreshejwe uburyo buhanitse : amafaranga y'amarundi (BIF) ahuye na 300 US\$
5. Pour le permis d'exploitation de la tourbe et des roches (calcaires, pouzzolanes, argile, gypse) pour la fabrication du ciment : Montant en BIF équivalent à 2US\$/ha
Ku ruhusha rw'ugucukura ibizuku n'ibitandara (ibikugutwa, ipuzolane, ibumba, ijipusi) mu guhingura isima : amafaranga y'amarundi (BIF) ahuye na 2US\$ kw'ihigitari hakarihwa n'imiburiburi amadorari y'abanyamerika 1.000US\$;